

I. М. Арсанукаев

БАДУЕВ САЬИДАН КХОЛЛАРАЛЛА ШКОЛЕХЬ ГАМОР


НОХЧ-ГІАЛГІАЙН АССР-н ХАЛКЪАН ДЕШАРАН
МИНИСТЕРСТВО

І. М. Арсанукаев

БАДУЕВ САЫИДАН КХОЛЛАРАЛЛА ШКОЛЕХЬ ІАМОР

(Хьехархошна гІоьнна)

ЧІагІйина Нохч-ГІалгІайн Автономни Советски Социалистически Республикан Халкъан дешаран Министерствос


ДСТА
Инв.№ 128

Грозный
Нохч-ГІалгІайн книжни издательство
1989



БАДУЕВ САЫИД

ХЬАЛХАРА ДОШ

Нохчийн советски литературан бухбиллархочун Бадуев СаьIидан кхолларалла шен идейно-тематически чулацамца а, жанрови къастамашца а яккхий таронаш луш ю тIекхуьу тIаьхье идейно-политически кхетам болуш а, гIиллакх-оьздангаллица а, къинхьегамна тIера а кхетош-кхиорехь. Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин произведенеш ойлайойтуш ю. Дахарера диканиг тIеэца, вочуьнца къийсам латто Iамаво цара, патриотически, интернациональн ойла кхиайо, къаьмнашна юкъара доттагIалла чIагIдаре кхойкху, халкъан ламасташ лардан дезар хоуьйту.

Бадуев СаьIидан кхолларалла школехь Iамош йолу дукха хан ю. Дуьххьара яздархочун произведенеш школьни программашна а, учебникашна а юкъаяхна 30-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь [1]. ХIетахь дуьйна схьа даима а дешархоша школехь Iамочу ненан меттан литературан курсехь ю уьш.

ХIинца Бадуев СаьIидан произведенеш Iамайо 4, 5, 6, 7, 8-чу классашкахь. Царна юкъахь ю яздархочо тайп-тайпанчу жанрашкахь язйина произведенеш: стихотворенеш, днйцарш, повесташ, роман, пьеса. И произведенеш Iамо программаша билгалъяьккхина хан, йозанан белхаш язбар а тIехь лерина, 28 сахьт ду. Цул совнаха нохчийн литературан классикан произведенеш Iамайо гIалгIайн школашкахь а. Амма таханаллац схьа Бадуев СаьIидан кхолларалла Iаморехь хьехархошна гIоьнна язбинна цхьа а болх бац. Бакъду, школехь нохчийн литературан хьехар дуьйцучу цхьац-

---

[1] Программаш. I-чу даржан пшколашна. Соьлжа-гIала: Нохчоблзорба, 1933. *Исаева М.* Литературан хрестомати. Хьалхарчу пшколан кхоалгIачу классана. Хьалхара дакъа. Шолгlа тойина арахецнарг. Соьлжа-гIала: Нохчоблзорба, 1935.

ца йолчу статьяш[1] тIехь а, пособеш[2] тIехь а кхийолу методически проблемаш къасторца цхьаьна хьахийна С. Бадуеви произведенеш Iаморан хьокъехь а. Нохчийн литературан учебникашна яздинчу методически куьйгаллаш[3] тIехь кхийолу дешаран материал Iамо хьехамаш баларца цхьаьна юкъарчу кепехь гайтина Бадуев СаьIидан цхьайолу произведенеш Iаморан некъаш а. Кхеташ ду, билгалчу Iалашонашца яздинчу оцу белхаш тIехь къоман литературан бухбиллархочун дахар а, произведенеш а Iаморан методика кхолларан проблема кхочушйина цахилар. Цу тайпана, хIинца а йоцуш ю программин и коьрта тема Iамош хьехархошна оьшу методически пособи.

Бадуев СаьIидан дахар а, произведенеш а Iаморан теоретически кхачаме йолу методически система кхоллар оьшуш хиларан кхин цхьа агIо а ю. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун, дуьххьарлерчу классикан исбаьхьаллин принципаш хIинцалерчу къоман литературо тIе а эцна, кхидIа а дебош ю. Цуьнан прози, драматурги, публицистики тIера таханлерчу литературе, исбаьхьаллин культуре схьайогIу шайн серло а, йовхо а яза йолу зIаьнарш. Цундела Бадуев СаьIидан кхолларалла Iаморан методически хьелаш пайдехьа хир ду ненан меттан литература школехь хьехаран кхийолу проблемаш къасторехь а.

Итт шеран школан программашна тIетевжаш язбина болх. Кхуьнан Iалашо ю Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а юкъъерчу школехь Iаморан теоретически кхачаме йолу методически система кхоллар.

Оцу коьртачу Iалашонца цхьаьнадогIуш кху тIехь кхочушдо:

— къасточу проблемин декъехь школьни программийн, хрестоматийн, учебникийн анализ яр, уьш тоярна рекомендацеш ялар;

— Бадуев СаьIидан кхолларалла кху сохьта школехь Iаморан хьелаш таллар, дешархойн хаарийн барам билгалбаккхар;

---

[1] *Зайнутдинов А.-Р. З.* Ненан меттан урокашкахь кхетош-кхиоран болх — Сборник: Ненан мотт а, литература а хьехархошна зеделларг. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1966, А. 3—10. *Джамалханов З. Д. Хамидова З. Х.* Довзийтаран дешаран а, литературин дешаран а, урокийн методика — Сборник: Юккъерчу школан лакхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1972. А. 162—240. *Солтаханов Э. Х.* Литературан урокашкахь дешархойн жигаралла совъяккхар. Билгалъяьккхинчу сборник тIехь. А. 140—153.

[2] *Арсанукаев І. М.* Юккъерчу школехь лирически а, лиро-эпически а произведенеш Iамор. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1984. А. 6—7, 15—16, 43.

[3] *Чентиева М. Д.* Нохчийн школан 4-чу классехь литература хьехаран пособи. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. *Чентиева М. Д.* 5 классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979. *Арсанукаев І. М.* 6 классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979. *Арсанукаев І. М.* 8 классехь нохчийн литература хьехар. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1982.

— Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а Iаморехь эвсараллица йолу методаш а, приемаш а лахар;

— яздархочун дахар а, кхолларалла а Iамош классал арахьа бечу белхан чулацам а, методаш а билгалъяхар.

Белхан чулацам а, дIахIоттам а иштта бу:

Хьалхара корта — Бадуев СаьIидан дахар, цуьнан кхолларалл ин идейно-эстетически чулацам. Кхузахь гойту яздархочун дахаран а, кхолларалл ин а некъ, билгалйоху цуьнан прозин, поэзин, драматургин идейно-тематически а, жанрово-стилистически а башхаллаш.

ШолгIа корта — Бадуев СаьIидан биографи 4—7-чуй классашкахь Iамор — лерина билгалъяьхначу классашкахь яздархочун дахарх луш болу хаамаш а, уьш баларан методически некъаш а гайтар.

КхоалгIа корта — Бадуев СаьIидан произведенеш 4—7-чуй классашкахь Iамор — яздархочун «Пхи туьма», «Цадешар — бода», «Iимран», «Iадат», «ПетIамат» цIераш йолу произведенеш Iаморехь эвсараллица йолу методаш а, приемаш а гойтуш бу.

БоьалгIачу коьрта тIехь — 8-чу классехь Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а Iамор — «Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени, «ЦIеран арц», «Бешто» повесташ, «Большевикаллица ялта дерехьа» боху пьеса къасторан хьелаш а толлуш, 8-чу классехь С. Бадуевн дахар а, кхолларалла а Iаморан методически система кхоллар кхочушдина.

ПхоьалгIа корта — Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а Iамош классал арахьа болх дIабахьар. — Кхузахь гайтина яздархочун дахар а, произведенеш а Iамош классал арахьа бечу белхан чулацам а, иза дIабахьаран методически некъаш а, приемаш а.

Коьрта долчу декъана иштта ю хIокху балха тIехь автора шена хьалха хIиттийна Iалашонаш а, уьш кхочушъян билгалдаьхна некъаш а.

Автор

БАДУЕВ САЬИДАН ДАХАР, ЦУЬНАН КХОЛЛАРАЛЛНН ИДЕЙНО-ИСБАЬХЬАЛЛИН ЧУЛАЦАМ

Нохчийн советски литературан бухбиллархо а, дуьххьарлера классик а волчу Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин кхолларалла «цецвоккхуш шуьйра ю теманашца а, жанрашца а. Иза автор ву лирически стихотворенийн, турпалаллин пьесийн, дийцарийн, комедийн, поэмийн, романийн, повестийн, операн а тIехь. 1930—1937 шерашкахь цо язйина хIетахь лакхарчу кхнамашка кхаьчна хиллачу нохч-гIалгIайн театран коьрта репертуар шайх лаьттина пхиъттех сов пьеса.

20-гIа шераш чекхдовлучу — 30-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь нохчийн а, гIалгIайн а драматургийн алссам керла пьесаш араевлахь а ... билггал С. Бадуевн пьесаша шуьйрачу новкъа яьккхина нохч-гIалгIайн профессиональни театр. Царна тIехь хIиттийна керла, советски стаг кхетош-кхиоран, коммунистически дуьненехьежар кхолларан, керла, къоман амал хIоттаран мехала проблемаш. Шайца шуьйра юкъара маьIна долуш ю С. Бадуевн произведенеш»[1].

Бадуев СаьIидан произведенеш социалистически дахарехьа болчу къийсамна къинхьегамхойн дог-ойла гIаттош хилла. Революцин идеалаш чIагIъярна дIаделла цо шен хаарш, кхолларалли похIма, деган йовхо.

Шен кхолларалли корматалла халкъан хьашташка хьажийнчу яздархочун дахар дуьненчуьра иза дIаваларца кхачалуш дац. Цуьнан исбаьхьаллин дош шен маьIнийн керла агIонаш гучу а йовлуш халкъа юкъахь деха. Иштта чарех цхьаъ ву нохчийн советски литературан бухбиллархо, цуьнан дуьххьарлера классик, патриот, интернационалист волу Бадуев СаьIид.

---

[1] История советской многонациональной литературы. В 6 томах. Том 2, кн. 2. М.: Наука, 1972. С. 184.

БАДУЕВ САЬИДАН БЕРАЛЛА А, КХИАРАН ШЕРАШ А, ИЗА ЯЗДАН ВОЛАВАЛАР А

Бадуев СаьIидан дахарх а, цо дешарх а лаьцна йолчу литературехь цхьаболу биографически хаамаш шайца галморзахаллаш йолуш бу. Яздархо дийна волчу хенахь, 1935 шарахь, араяьллачу книги тIехь яздина: «Бадуев СаьIид вина 1905 шарахь[1]. Ткъа, кхин цхьа терхьа а ду яздархо вина лоруш билгалдаьккхина — 1904 шо. ХIинцалерчу литературехь: «Нохчийн советски литературан истории очеркаш» тIехь а, «Писатели советской Чечено-Ингушетии» (1969) цIе йолчу библиографически справочник тIехь а, яздархочун произведенеш зорбанехь арахьцуш биографически хаамаш лучу меттигашкахь а Бадуев СаьIид вина лоруш билгалдаьккхина 1904 шо, де цхьаннахьа а билгалдаьккхина а дац.

Реальни училищехь 4-гIа класс чекх а яьккхина, 1914 шарахь С. Бадуевс ша дитина лоруш дара дешар а[2].

Амма архивашкахь биначу талламаша ханйтира яздархо вина лоруш хилла терхьа а, цо реальни училищехь дешаран хьокъехь болу хаамаш а, дешар цо ша дитина бохург а нийса цахилар[3]. Масех шо хьалха Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а очерк арахийцира архивашкахь карийначу материалаша гойтуш ма-хиллара яздархо вина терхьа а, кхиболу биографически хаамаш а нийса а балош[4]. Амма тIаьххьарчу шерашкахь Бадуев СаьIидах лаьцна араюьйлучу цхьайолчу статьяш тIехь а[5], цуьнан произведенешна зорбатухуш араюьйлучу кингашна тIехь лучу биографически хаамашкахь а яздархо вина терхьа хьалха лелаш хилла нийса доцург даладо, цо реальни училищехь дешарх а, цигара дешар цуьнан юкъахдисарх а лаьцна мелла а нийса боцу хаамаш балар а нисло[6]. Цу тайпана галморзахаллаш хаало цхьайолчу школьни учебникаш тIехь а, хьехархошна лерначу методически куьйгаллаш тIехь а. Цундела вай кхузахь архивашкахь карийначу документашна а, яздархочух лаьцна йолчу литературана а тIетевжаш дуьйцур ду Бадуев СаьIидан дахарх а, цо дешарх а лаьцна.

---

[1] Поэты Чечено-Ингушетии. М.: Гос. изд. «Художественная литература, 1935.

[2] *СаьIид Бадуев.* Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Хьалхара том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979. А. 6.

[3] *Арсанукаев І. М.* Бадуев СаьIид (цуьнан дахарх а, кхолларалли а лаьцна керланиг): Орга. 1980, № 1. А. 50—55.

[4] *Арсанукаев І. М., Туркаев Х. В.* Бадуев СаьIид (дахаран а, кхолларалли а очерк). Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1980.

[5] *Туркаев Х. В.* В семье братских литератур. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1983. С. 104.

[6] Творческий путь Санда Бадуева. — В кн.: Санд Бадуев. Огненная гора. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1984. С. 5.

* * *

Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович вина 1903 шеран 28 августехь Грозный-гIалахь Хьалха-МартантIера схьаваьллачу совдегаран Бадуев Сулейманан Бодухаджиевичан доьзалехь. Иза чIагIдо Нохч-ГIалгIайн республикан Центральни архивехь долчу СаьIид варан метрически тоьшалло. Цуьнан коьртачу декъан чулацам иштта бу (шен мотт а, орфографи а ларъеш даладо вай и): «...настоящее свидетельство въ томъ, что у жителя гор. Грозного Сулайманъ Бадуевъ родился сынъ Сандъ-Салихъ отъ законной жены его Зайбатъ Укаевой 28 августа тысяча девятьсот третьего года...»[1].

Яздархочун нана Укаева Зайбат Йоккхачу-АтагIара хилла. СаьIидан бералла дIадахана СоьлжгIалахь, Хьалха-МартантIехь а. Кест-кестта шен ненахой болчу Йоккхачу-АтагIахь а хуьлуш хилла СаьIид. ЧIогIа самукъадолуш левзина иза юьртарчу берашца.

МартантIехь дуккха а гергара нах бара БадуевгIеран. Деда, денана, пхиъ деваша вара СаьIидан кхузахь вехаш. Шен дехой болчу Хьалха-МартантIе а, ненахой бехачу Йоккха-АтагIа а кест-кестта вогIуш а, ехкачу хенахь Iаш а хиллачу кIанта хазахеташ ладийгIина юьртахоша исбаьхьа олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, ширчу хабаршка, мехкарийн эшаршка. Халкъан исбаьхьаллин дешан марзо беран хенахь евзина цунна.

КIентан ворхI шо кхаьчча, 1910 шарахь, шен дас реальни училище деша дIавелира иза. Грозненски реальни училище ворхI классах (1—7-гIий) лаьтташ яра, хIор классан шалха отделени а йолуш. Царел совнаха кечамбаран класс а (приготовительный), цул а лахара нохчийн класс а яра, «чеченский класс», аьлла, шен цIе а йолуш. Оцу классе дIаоьцура деша а, яздан а ца хууш долу нохчийн бераш (божабераш). Зудабераш реальни училище дIаоьцуш а ца хилла Нохчийн классехь кхаа шарахь дешначул тIаьхьа, экзаменашкахула хаарш а зуьйш, дешархой кечамбаран классе дIаоьцура. Кечамбаран класс кхиамца чекхъяьккхинарш хьалхарчу классе бовлура. Паччахьан заманахь муьлхха а дешар санна, Грозненски реальни училищехь а дешар мехах дара. Шен хеннахь мах дIабала таро ца хилча, училищера дIавоккхура.

Дешарна тIера хилла жима СаьIид, кIорггера дешарх кхета гIерташ хиларца билгалваьлла иза. Исбаьхьаллин дашца шовкъ йолуш кхуьучу кIантана къаьсттана дуккхаезаелла литература. Реальни училищехь дIахьора оьрсийн классически литература хьехар. Снйлахь-баккхийчу оьрсийн яздархойн В. А. Жуковскийн, А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтови, И. А. Гончаровн, Л. Н. Тол-

[1] ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 32, л. 92.

стойн произведенеш Іамайора дешархоша. Исбаьхьаллин произведенийн тексташ тІехь кІорггера болх бойтура цаьрга, Іамош йолчу произведенийн чулацам къастош сочиненеш язйойтура дешархошка. Масала, 1915/16 дешаран шеран шолгІачу эхехь реальни училищехь язъян билгалъяьхнера ншттa сочиненеш: «Быт и нравы провинциального общества по роману «Евгений Онегин» Пушкина», «Насколько Евгений Онегин является пародией на Чайльд-Гарольда», «Светлые черты в поэзии Жуковского», «Лень Обломова по роману Гончарова «Обломов», «Роль Штольца в жизни Обломова».

Бадуев СаьІнда тІевирззина йоьшура А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтови, Л. Н. Толстойн, А. М. Горькийн произведенеш. Хинволчу яздархочунна Іаламат пайдехьа дара снйлахь-йоккха оьрсийн литература а, культура а йовзар, къаьсттана мехала дара жима волуш иза царех хьакхавалар, пайдаэцар. Оцу хьелаша вайна гойту Бадуев СаьІид жима волуш дуьйна а оьрсийн классически литературин а, прогрессивни культурин а беркатечу Іаткъамца кхиана хилар. Хинволчу яздархочун духовни культура а, революционни кхетам а кхиарехь мехала хан хилла реальни училищехь дешаран шераш. Соьлжа-гІалахь кхуьуш волчу кІантана гора гІаларчу оьрсийн белхалоша шайн дахаран хьелаш тодарехьа, политически бакъонаш яхарехьа латтош болу къийсам. Оцу революционни боламан хьу хаалора реальни училищехь. СаьІид училище ваханчу хьалхарчу шерашкахь цигахь доьшуш вара Грозненски партийни организации куьйгалхо хинволу Николай Андреевич Анисимов. ТІаьхьо, 1915 шарахь, Полтавски кадетски корпусера кхуза деша схьавеара Асланбек Шерипов а. Училищан дешархоша шайн гуламашкахь, митингашкахь хьехадора революционни гІуллакхаш. Бадуев СаьІидан дуьненехьежар кхиарехь шеко йоццуш маьІна ду оцу дерригена а.

Лерриа доьшуш волчу Бадуев СаьІидана доьгІна ца хиллера реальни училище чекхъяккхар 1914 шарахь кегийра доьзалш а буьсуш, кхелхира Бадуев Сулейман. Алссамчу берашца йисанчу панна хала дара доьзал кхаба. Дукха хан ялале материални халонаш хааелира доьзалехь. Реальни училищехь доьшуш вара СаьІидан воккхаха волу ваша, 1900 шеран 17 августехь вина, Сайд-Ахьмад а, ккул жимаха волу, 1904 шеран 12 сентябрехь вина, Шарпудди а. Байлахь дисина бераш кхобуш йоллучу панна хала дара цаьрга дешнйта, дешар тІера мах бала таро йоцуш меттигаш а йогІура. Шен ма-хуьллу дешар чекхдаккха гІиртира СаьІид, амма иза цуьнга кхочуш ца дайтира.

1984 шарахь Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь зорбатоьхначу Бадуев СаьІидан «Огненная гора» бохучу книгина хьалха ялийначу «Бадуев СаьІидан кхолларалли некъ» цІе йолчу статья тІехь билгалдаьккхина, СаьІид 1914 шарахь училищера 4 класс бен ца йоккхуш дІавелира, шайн да кхалхар бахьана долуш.

Цкъа делахь, 1914 шарахь Бадуев СаьIид реальни училищера дIа а ца ваьллла, шолгIа делахь, цо училищехь 4 класс а ца яьккхина. Реальни училищехь I «а» классехь доьшуш волу Бадуев СаьIид дIаваькхира 1916 шарахь, дешарна тIера мах бала таро цахиларна. Грозненски реальни училищехь 1916 шеран 25 майхь хиллачу педагогически кхеташонан протокол тIехь бу дешарна тIера мах цабаларна («за невзнос платы за учение»)[1] Бадуев СаьIид дIаваькхина хиларан хьокъехь болу сацам. Цу тайпана, СаьIида реальни училище ша юкъах ца йитина, мел хало лайна а деша гIиртина, амма шен хеннахь дешарна тIера мах дIабала таро цахиларна дIаваькхина иза училищера. Паччахьан Iедал адамашна дешар Iамо гIерташ ца хилла, мелхо а дешаран серло халкъана юкъакхачарх кхийрина, бодане мел хили а адамаш дацо атта хиларна.

Бадуев СаьIидана жимчохь дуьйна евзира паччахьан Iедалан харцо. Дагчохь гуттаренна а йисира паччахьан Iедале, паччахьан хьаькамашка цабезам кхуллуш йолу лар. Схьахетарехь, оцу хенахь кхна йолаеллачух тера ду поэтан «Паччахьан замане» цIе йолчу стихотворенин чулацаме йирзина ойланаш. Йоккхачу оьгIазаллина язйинчу оцу стихотворени тIехь къеггина гучуйовлу поэтан пачхьан заманца йолу юкъаметтигаш. Кънихьегаман адамаш Iазапехь латточу паччахьан заманца къийсаме ваьллачу лирически турпалхочун монологах лаьттачу оцу стихотворенехь шалхе йоцуш дека поэтан дагтIера догIу аз:

ХIай паччахьан зама,
Кхехкадарх цхьаьнауьйр дацара вай!
Некъийн — Тайпанаш ду.
ЦIеран алонца ас бина буй —
Хьуна айина бу.

Ахь дохк туьйсу кх суна дуьхьал,
Со кхоло гIерташ.
Ахь ког туьйсу-кх суна кIел,
Со вожо гIерташ.

Ма ийзавехьа со хьуьна юккъе
Акха экха хила.
Ахь-м хIинцалц латтийний накъостий
Акха берзалой хилла!
ХIап-хIа!
Со ца тов хьоьца, дIаялахьа,
Витахьа со!
Хьуна-м халкъ дарделла дай,
Хьо дIовше хиларна!

Ахь ца диттира хийла пежаршна
Когех болатан буржалш?

---

[1] ЦГА ЧИАССР, ф. 3, оп. 1, д. 1, л. 78.

Ахь ца гайтира баллалц царна
Балин Iаьржа набахтеш?

Зударех ахь ца йинера Базаран йохка эцар?
Тобанца уьш ца кхийлира,
Шо керла моссаза дели?

Хийла бай ахь ца ханйра,
ТIера да-нана дийна?
. . . . . .

Цабезаман ницкъах юьззина йолу шен стихотворени чекхйолуш поэта даггара чагIо йо:

Хьоьца дерг ас къастор
Къолам, жайний къийларца!
Вайна юккъе зIар ас хIоттор,
Дуцуш болатан сераца!

Жимчохь цо лайнчо кхоьллина поэтан даг чохь и ойланаш ала йиш ю вай.

Реальни училищера дIаваькхина СаьIид байлахь бисинчу шен вежарийн а, йижарийн а терго яи езаш хиларна, балха вахара. Болх беш вара аьлла ца Iаш, ша доьшуш, хаддаза шен хаарш тIедузар кхочушдора цо.

Сийлахь-йоккха Октябрьски революци а хилла, Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа беи таро ца хилира Бадуеви кхидIа деша ваха. 1922 шарахь Буритlехь (Орджоникидзе-гIала) кооперативни курсаш чекхъехира цо. Цул тIаьхьа цхьана муьрехь товароведан а, инспекторан а белхаш бира.

Сийлахьчу Октябро паргIат дехира паччахьан Iедало балехь дахкийна къаьмнаш. Коммунистически партис, дерриге а советски къаьмнашна санна, вайнехан халкъана а таро елира социалистически дахар дIахIотто, къоман исбаьхьаллин культура айба. Къоман хьал-дахар тодарца цхьаьна кхочушдора адамашна юкъа йоза-дешар даржор, социалистически культура кхнор. Нохчийчохь дIаехьира культурни революци. Берашна школаш яхкарца цхьаьна дIахьош дара баккхийчарна юкъара йоза цахаар дIадаккхар а. 1925/26 дешаран шарахь Нохчийчохь схьайиллинера 53 изба-читальня а, ликпункт а. Оцу шарахь уьш чекхъехира 3140 стага, ткъа цул тIаьхьа цхьа шо даьлча изба-читальнеш а, ликпункташ а чекхъяьхначийн барам хьалакхаьчнера 6401 стаге. Нохч-ГIалгIайчохь схьайиллинчу школийн барам тIаьхьо хьалакхечира 239-га, царна чохь доьшуш дара 36,5 эзар бер[1].

---

[1] Очерки истории Чечено-Ингушской АССР с древнейших времен до наших дней. В двух томах. Т. 2. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972. С. 118.

Бадуев СаьIид шен къоманна юкъахь йоза-дешар даржорехь, керла, социалистически культура кхиорехь, халкъ Iилманан серлонга даккхарехьа болчу балха тIехь дакъалаца лууш вара. Ша беш болу товароведан болх а битина, хьехархойн курсашка деша вахара иза. Кхиамца курсаш чекх а яьхна, хьехархочун балха вахара. Школехь берашна хьоьхура, ликпункташкахь баккхийчарна йоза-дешар Iамадора.

Нохч-ГIалгIайчохь культурин революци дIаяхьарехь жигара дакъалецира цо.

Лерина тидам бора С. Бадуевс халкъан дахаран. Керлачу, социалистически дахаран форманаш адамо тIеэцаран хьелаш гора цунна. Хинволчу яздархочунна гучудолуш лаьттара социализмехьа болчу кънйсамехь къехойн доттагIий муьлаш бу а, мостагIий муьлаш бу а. Къоначу Бадуевн граждански дог-ойла, классови кхетам кхиарехь мехала хан хилла и шераш.

Бадуев СаьIид, ша хIуъа болх беш а, миччахьа хилча а хаддаза шен хаарш лакхадохуш вара. Шен нийсархошна юккъехь кIорггера хаарш а, шуьйра кхетам а хиларца билгалваьллера иза. Школехь балхахь волчу хенахь Бадуевс дукха йоьшура оьрсийн классически литература а, советски яздархойн произведенеш а. Къаьсттанчу тидамца йоьшура цо оцу муьрехь А. М. Горькийн а, В. В. Маяковскийн а книгаш. Лерина Iамайора нохчийн халкъан барта кхолларалла. Бадуевс шена хьалха хIоттийнера исбаьхьаллин дешан говзалла караерзоран Iалашо. Школехь балхахь волчу хенахь язйо цо шен дуьххьарлера произведенеш Уьш коьрта долчу декъана стихотворенеш а, дийцарш а дара.

ЯЗДАРХОЧУН КХОЛЛАРАЛЛИН НЕКЪ А, ЦУЬНАН ПРОИЗВЕДЕНИЙН ИДЕЙНО-ИСБАЬХЬАЛЛИН БАШХАЛЛАШ А

Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ къасталур бощуш бозабелла бу къоман исбаьхьаллин литература а, керла культура а кхиаран хьолех, социалистически дахарехьа кънйсам латторах. Цуьнан дуьххьарлера произведенеш араевлла 1925—1926 шерашкахь «Серло» газета тIехь зорбатухуш. Вайнехан дахарехь керлачунна дуьхьало еш долчу Iадаташна а, динан Iаткъамашна а дуьхьал хьажийна яра и произведенеш. Оцу хенахь шера гуш дара дIаяханчу заманах бухадисинчу ширчу хIумнаша халкъана керла дахар дIахIотторехь новкъарло еш хилар. Бадуев СаьIида шен коьрта декхар лорура, ширчух бухадисинчуьнца кънйсам а латтош, керла, социалистически дахар дIахIотторехь халкъана гIодар. Яздархочун дуьххьарлера произведенеш а, ерриге цуьнан кхолларалла а и коьрта Iалашо кхочушъяре хьажийна ю.

Цхьа шатайпана сиха кхиина Бадуев СаьIидан кхолларалли корматалла. 20-гIа шераш юккъе даханчу хенахь а, цул тIаьхьа а араевлла яздархочун хьалхара произведенеш. Яздан волавелла дукха хан ялале, 1928 а, 1929 а шерашкахь, цо зорбане елла идей-

ни чулацамца а, исбаьхьаллин говзаллица а кхоччуш кхиъна а йолуш, шен тоьллачех йолу произведенеш («МаргIалан синтаре», «Паччахьан замане», «Дайн Iедал», «ЦIеран арц», «Бешто»). Иштта сиха яздархочун исбаьхьаллин корматалла кхиараи бахьана дара иза хаддаза къахьоьгуш, баккхийчу дешан говзанчех кIад ца луш Iемаш, шегахь доккха кхолларалли пох1ма долуш иза хилар.

Бадуевн дуьххьарлера произведенеш а ю идейно-исбаьхьаллин нацкъах юьззина. Царех цхьаъ «Мацалла» цIе йолу повесть ю. Цу тIехь яздархочо гайтина къехойн, хьоладайн юкъаметтигаш. Хало ловш бу къона доьзал — ТIелиб, ХIижан. Кхечу къехошкахь а санна, мацалла ю цаьргахь. Ялта кхийдаларх пайда а оьцуш, шайн хьелаш тодеш бу таронаш йолу нах. Мацалла токхуш болчу къехошна жимма ялтех хIума а лой, церан тIаьххьара говр а, бежна а шайн дола дерзадо цара. Иштта шен бахам стамбеш ву повесть тIера Мухтар-молла а. Бадуевс повестан персонажийн васташ дукха шуьйра ца гайтина, амма церан амалш, психологи гучуяккхарна тIе лерина тидам бахийтина. Дог цIена, мерза безам бу ТIелибан, ХIижанан. Мел яккхий халонаш тIеIиттаяларх, мацалла шаьш кIелдисарх лах ца ло цу шиннан вовшашка йолу ойла, вовшийн ларар. Къинхетаме, дог дика адамаш ду уьш, тешаме, хьанал бу церан безам. Мацалло гIелийна йолу ХIижан бахамах юьззинчу моллин кертара йоду, сихха ТIелибана тIекхача. Кхечу кепара кхоьллина автора хьолахочун васт. Мухтар лелочу гIуллакхаша цуьнан ямарт ойла, хьарамлонаш, пахана иза зуламе хилар билгалдоккху. Персонажийн дог-ойла, церан лехамаш гайтарца яздархочо кхуллу къеггина шайн социальни юьхь гучуйолуш долу васташ. Бадуевс кхоьллина исбаьхьаллин суьрташ дагах хьакхалуш, шайн хьокъехь ойла йойтуш ду.

Бадуев СаьIида тоьллачех йолу произведенеш «ЦIеран арц», «Бешто», «Iимран», «ГIу», «Паччахьан замане» социальни харцонна, зуламечу гIуллакхашна дуьхьал хьажийна ю. Яздархочо шен произведенешкахь къеггина гойту ширчу Iадатийн классови чулацам, Iорабоху уьш лелош болу нах. Иштта, «Бешто» повесть тIехь Iадато гIо до Хизарна, шен ши йоI хьал долчу нахе маре а елла, шена шортта хьал гулдан. Ткъа оцу Iадато хIаллакдо къехо Бешто а, цуьнан нана РакаIат а. Шен социальни тобанах дIа а къаьстина, къехошкахьа яла гIортарна хьаллакхуьлу Хизаран йоI Бусана а.

ЧIиръекхаран Iадатах долу зуламаш гайтина яздархочо «Бекхам», «Зайнап», кхийолчу а произведенешкахь.

Паччахьан Iедалан, Iадатийн тIеIаткъамаш Iорабохуш, царна дуьхьал хьажийна йолу Бадуевн произведенеш къаьсташ ю шайн билггалчу композиционно-сюжетни дIахIоттамца. Дукха хьолахь сиха кхуьуш йолу ира сюжет хуьлу церан. Яздархочо шен турпалхой Iаламат халчу киртиг тIе хIиттабо, тIаккха оцу чолхечу хьелашкахь цара лелочуьнца схьагойту церан амалш. («Iадат», «ГIу»,

«ПетIамат», «IIхи туьма», «Баудин»). Цкъацкъа турпалхочунна тIехIуьттуш долу хала гIуллакхаш цхьаъ хилла а, шиъ хилла а цаIа, уьш масех нисло («Бешто», «ЦIераи арц»). Пшта ира сюжет авторна оьшу шен персонажех дерг ма-хуьллу дика хаа, цераи амалш ма-ярра гучуяха, цераи ойланийн кIоргене хьажа.

Бадуев, дуккаха йолу шен произведенеш ерзош, дешархошка довхачу дешпашца вистхуьлу. Дешархочуьпца юххера долчу къамелехь дагаволу иза ша произведени тIехь гайтинчу гIуллаккех. Авторан дерзораи дош шена чохь алссам риторически хаттарш, айдарш, тIедерзораш долуш хуьлу. Ойла чекхъялаза хилар гойту дукха тIадамаш (многоточие)хIитторо. Яздархочо шена юххера вевзачу стаге деш долчу къамелаи пнтонаци лелайо кхузахь Оцу дерригепа произведенин маьIна кIарг а деш, йоьшуш волчунна цо беш болу Iаткъам совбоккху.

Эвсараллица болх бина Бадуев СаьIнда литературехь Къаьсттана беркате хилла цуьпан кхолларалли биографехь 1930 шо. Оцу шарахь зорбанехь араелира яздархочун 8 книга. Уьш яра: «Хабарш, иллеш, поэмаш» боху йоккха сборник, «Iадаташ» (шина книгех лаьтташ йолу), «Марха досту де», «IIхи туьма», «Гуттур ца хуьлу моллина мовлад», «Мацалла», «ПетIамат». Къаьсттана мехала дара «ПетIамат» цIе йолу роман (I-ра дакъа) араялар Иза вайнехан литературехь дуьххьарлера роман яра.

Керлачу заманан керла стаг кхиаран проблемаш хIиттийна Бадуевс шен кхолларалли корматалла кхиапчу хенахь язйинчу дукха а произведенешкахь. «Колхозан иллеш», «Вайн беш» цIераш йолчу поэтически книгийн лирически турпалхо шеко йоцуш вогIу ша хаьржинчу дахаран новкъа, социалистически дахар дIахIотторехь даккхий хьуьнарш гойту цо. Цуьпан вахаран Iалашо дерриге а халкъан лехамашца цхьаьнайогIуш ю. Белхалойн классан тема ойбуш йолчу «Iаьржа деши», «Дашо Iам» произведенийн коьрта турпалхо даймахкана алссам «Iаьржа деши» даккхарца социалистически пачхьалкх чIагIъеш волу «турпала белхало» ву Юьртабахамехь коллективизаци кхочушъяран гIуллакхаш къастийна «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьпан доьзал» цIераш йолчу пьесашкахь Ахархочун психологи хийцаран, цуьпан юкъараллин кхетам лакхабаккхаран проблемаш хIиттийна автора царна тIехь.

Цу тайпана, Бадуев СаьIнда шен дуккха а произведенешкахь социалистически дахар дIахIотторехьа болчу къийсамехь керла стаг кхиаран хьелаш къастийна.

Вайнехан литературехь мехала тIаьхье йитина Бадуевс Шен хенахьлерчу халкъан дахаран дуккха а агIонаш чулоцу цуьпан башхачу произведенеша. Интернационалин, патриотически, атеистически дог-ойла кхиош ю уьш Прозехь, драматургехь, поэзехь, публицистикехь кхпамаш хилла яздархочун, Бадуев СаьIнда ис-

баьхьаллин литературехь баккхий кхиамаш бахаран бахьанаш дара, цкъа делахь, иза халкъан барта кхолларалла тIетеIаш хилар, барта произведенех цо говза пайдаэцар, шолгIа делахь, оьрсийн классически а, советски а литературах а, кхечу къаьмнийн литературех а иза Iемаш хилар. Лаккхара исбаьхьалла шайца йолу вайнехан барта произведенеш Бадуевн кхолларалли хьоста хилира. Нохчийн фольклоро, яздархочун исбаьхьаллин говзалла кхиорал совнаха, иза кхетавора халкъан ойланех, сатийсамех, къеггина гойтура цуьнан хьалха дIадахана балане дахар, ирсехьа сатуьйсуш адамо лайна Iазап. Бадуевн исбаьхьаллин кхолларалли орамаш вайнехан фольклорах схьадогIуш дара. Оьрсийн классически а, советски а литературах пайдаэцаро яздархочунна социалистически реализман принципаш караерзорехь гIо дора, исбаьхьаллин говзалла лаккхайоккхура, цуьнан кхолларалли хатI шардора.

Оьрсийн яздархошца доттагIаллин, кхолларалли уьйраш латтийна Бадуев СаьIнда. Цуьнан цхьаьнакхетарш хилла М. Горькийца а, А. Фадеевца а. Сийлахь-воккхачу пролетарски яздархочун Горькийн произведенеш тIехь Iемаш вара иза, цуьнан дахаро, кхолларалло боккха Iаткъам бора кхуьуш волчу къоначу яздархочунна.

Бадуевн доттагIалла хилла А. Серафимовичца а. ЦIеяххана волчу советски яздархочо гIо дора шен къоначу накъостана къоман дахар исбаьхьаллин кепехь талла, произведенешкахь кIоргера маьIна долу суьрташ кхолла.

ГIарабевллачу оьрсийн яздархошца, поэташца Э. Багрицкийца, В. Луговскойца, В Ставскийца, М. Голодныйца уьйраш хилла Бадуевн. Баккхийчу советски яздархоша — исбаьхьаллин дешан говзанчаша гIо дина Бадуевна шен халкъан керла дахар керлачу исбаьхьаллин басаршца гайта, социалистически некъаш тIехь чагIвала. Бадуевс чIогIа хама бора оьрсийн яздархойн, цунна дика хаьара лаккхара идейно-эстетически мехалла йолу оьрсийн литература а, ерриге оьрсийн культура а шен къоман социалистически дахар дIахIотторехь, керла культура кхиорехь доккха маьIна долуш хилар. Москвахь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан пленумехь ша дийчу къамелехь С. Бадуевс къеггина билгал а даьккхира иза.

1932 шарахь (29 октябрь — 3 ноябрь) Москвахь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхара (шорйинна) пленум дIаехьна. Оцу пленумехь дакъалоцуш вара 129 делегат, царна юкъахь Бадуев СаьIнд а. Пленумехь къамелаш дина цIеяххана болчу советски яздархоша: В. Кирпотина (докладчик), М. Пришвина, С Айнис, С. Мукановс, Вс. Ивановс, А Фадеевс, Ф. Гладковс, А Серафимовича, Н. Тихоновс, кхечара а. Къамел дийчарна юкъехь вара Бадуев а. Цо ишттa дIадолийна шен къамел: «Накъостий, седарчий санна, цIена, моз санна, мерза, ЦIен Байракх санна,

тешаме маршалла ду шуьга ЦIечу Нохчийчуьрчу яздархошкара а, колхозхошкара а, къахьоьгучу белхахошкара а!

Со веъна паччахьан Iедало хIуй кхайкхийнчу, пеIалтаца дийцинчу Кавказан лаьмнашкара, Нохчийчуьра, шех паччахьан Iедало акха Нохчийчоь аьлла цIе тиллина хиллачу Нохчийчуьра.

Нохчийчоьнан оцу лаьмнех партин а, белхалойн а куьйгаллина хIинца цIен лаьмнаш хилла. Оцу лаьмнашкахь «оьгIазе нохчи бердайисте а ца текха», «шен шаьлта а ца ирйо» — Лермонтовс ма-баххара, оцу лаьмнашкахь къахьоьгуш волчу нохчийчо-колхозхочо, ударник волуш волчу — цIечу трактаран руль хьийзайо, амма шаьлта ца ирйо».

КхидIа а шен къамелехь Бадуевс элира: «Кхузахь, пленумехь, дуьйцу, вайна лаккхара исбаьхьалла йолу литература оьшу, бохуш, иза оьшу Магнитострой еш, амма суна цхьана а яздархочуьнгара ца хезира, вай лаккхара чуланан болчу литератураца белхало а, ахархо а кхетош-кхио декхарийлахь ду, олуш. И бохург дацне а дац иза вайна дагахь дац бохург, амма кхузахь оцу декхарах лаьцна дийца-м ца дийцира.

Профессионалин яздархошка цхьа дехар ду сан — Лев Толстой а, Лермонтов а, Пушкин а санна... 10 шарахь цкъа мукъане а дуьйла тхан лаьмнашка, гайта тхуна, кхуьуш долчу къоначу яздархошна, муха караерзо еза муьлхха а тема, ламанхойн муьлха тематика схьаэца еза. «Хьаьжа-Мурд» тIехь Лев Толстойс санна, «Измаил-Бей» тIехь Лермонтовс санна, язде шаьш а ламанхойн дахарх лаьцна, ламанхойн тематиках лаьцна. Серафимович вайнера тхо долчу лурчах, цхьа бутт ах бутт баьккхира цо Нохчийчохь, тхо тешна ду цо кестта вайна цхьа произведени лург хиларх»[1].

Яздархо лаккхара идейни кхетам а болуш, искусствона, литературана хьалха даккхийра декхарш хIиттош, шен кхолларалли лехамаш шуьйра болуш хилар гойту цо пленумехь динчу къамело. Бадуевна дика хаьара кхоллалуш йолу къона литература беккъа шен пицкъашца, шен таронашца кхиалур йоцийла, цунна шера гора сийлахь-йоккха оьрсийн литература кIоргера идейно-эстетически механалла йолуш хилар. Цундела иза кхойкхура яздархошка вовшашца доттагIаллин, кхолларалли уьйраш хиларе, кхианчу литературех, уггаре хьалха оьрсийн литературах, пайдаэцаре.

Бадуев СаьIидан шен яьржина уьйраш хилла кхечу къаьмнех болчу яздархошца, кхечу къаьмнийн литературашца. Цо гочйина оьрсийн яздархойн произведенеш, масала: М. Горькийн, М. Голодныйн, Н. Владимирскийн исбаьхьаллин произведенеш. Нохчийн матте яьккхина хIирийн халкъан поэтан Коста Хетагурови «Нана» цIе йолу стихотворени, гочдина ДегIастанан яздархочун Iабдулла

---

[1] *СаьIид Бадуев.* Гулйинна сочиненеш. Шина томехь. ШолгIа том. — Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. А. 256—257, 258.

Баширан «Моцу», «Дукханнах цхьаъ» боху дийцарш, кхечийн произведенеш а. Бадуев СаьIидан шен произведенеш оьрсийн маттахь а, кхечу къаьмнийн меттанашкахь а арайийлина.

Нохчийн литературан бухбиллархочо къоман литературана хьалха хIиттош хилла лехамаш тахана а бу шайн кIорггера маьIна долуш. Къаьсттана мехала ду литературийн вовшашца уьйраш хилар тахана. Къоман литература кхиар эвсараллица хир дац, нагахь санна иза оьрсийн литератураца, вайн Даймехкан кхечу къаьмнийн литературашца юххера уьйраш йолуш, царех кIорггера пайдаоьцуш ца хилахь.

Бадуев шен дог-ойланца а, шен кхолларалле хь а интернационалист вара. Литературоведа, СССР-н Iилманан Академин член-корреспондент волчу Г. Н. Ломидзес шен белхаш тIехь масех меттахь хьахийна Бадуев СаьIида ССС-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхарчу пленумехь дина къамел а, цуьнан «ПетIамат» цIе йолу роман а. Бадуев СаьIид шен идейин кхетамца, интернационалын дог-ойланца социалистически юкъаралло кхиийна керла стаг хилар билгалдаьккхина цо[1].

Яздархочун кхолларалле хь коьртанниг керла стаг кхиаран проблема ю. Цуьнан ерриге а произведенеш яра ширачуьнца къийсам а латтош, керла, социалистически дахар чIагIдеш, керла стаг кхиорехь гIо деш. 1933 шарахь араелира цуьнан поэтически книга «Колхозан иллеш». Цу тIехь автора къастош долу гIуллакхаш халкъан хIетахьлерчу дахарера схьаэцна дара. Юьртабахамехь коллективизаци кхочушъяран хьелаш гайтина поэта оцу книги юкъаяханчу произведенешкахь. Юьртабахамехь къахьоьгуш волчу стеган психологи хийцаяларан, цуьнан юкъараллин кхетам лаккхаларан проблемаш хIиттайо. Бакъду, оцу сборник тIера цхьайолу стихотворенеш шайца дукха декларативность йолуш, хIума дийцаран кепехь язйина, кхайкхамаш алсам болуш яра. Амма уьш а шайн чулацамца шен хенахь оьшуш яра, халкъа юкъахь болх беш яра.

Ала деза, Бадуевн проза а, драматурги а цуьнан поэтически произведенех шайн дикаллица чIогIа къаьсташ хилар.

Къоман литературин процессехь эвсараллица болх бора Бадуев СаьIида. Кест-кестта арайийлира цуьнан керла книгаш. 1933 шарахь зорбатуьйхира «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе йолчу хаьржинчу произведенийн книга. Шен барамца гIеххьа йоккхачу оцу книги юкъаяхнера авторан прозаически а, драматически а, поэтически а произведенеш. Цуьнан цIе шатайпана тиллинера автора: и книга дIайолалуш, хьалхара произведени «ЦIеран арц» боху повесть яра, книга чекхйолуш тIаьххьарниг «ЦIен гIап» цIе йолу пьеса, аьлчи а оцу пьесин хьалхара ши сурт дара. Цу тайпана «ЦIеран арц» —

---

[1] *Ломидзе Г. И.* Ленинизм и судьбы национальных литератур. М.: Современник, 1972. С. 131.

Указ. работа. Изд. 3-е, доп. и перераб. М.: Современник, 1982. С. 127, 129, 131.

Цlен гlап» яра и книга. Дуккха а произведенеш тlехь йолу и книга ешархоша Iаламат реза хилла тlенйцира.

Москвахь 1934 шарахь гулъелира Ерригсоюзни яздархойн хьалхара съезд. Советски къаьмнийн литератураш кхиаран гlуллакхаш дара съездехь дийцаре дехкинарш. Оцу съездехь дакъалоцуш вара нохчийн, гlалгlайн яздархойх 5 векал: Бадуев Саьlид, Айсханов Шамсуддин, Мамакаев Мохьмад, Базоркин Идрис, Музаев Нурдин. Нохч-Гlалгlайн литературах лаьцна съездехь ша динчу къамелехь Ш. Айсхановс билгалдаьккхира Октябрьски революци хиллачул тlаьхьа вайнехан литература а, культура а кхио яккхий таронаш кхоллаелла хилар а, хlинца яздархой шен кепехь къоман а, чулацамехь социалистически а йолу культура а, литература а кхоллархьа къийсам латтош хилар а. Къоман яздархойн произведенеш ша хьахош, Бадуеви кхоллараллин лаккхара мах хадийра съездан трибуна тlера Айсхановс. Къаьсттана сецира иза «Цlен гlап» цlе йолчу пьеси тlехь: «И пьеса хlинцале Нохч-Гlалгlайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу а ерриге а ярташкахь а хlиттийна а, колхозхоша чlогlа магийна а ю... Кху сохьта театр керла пьесаш хlитто кечлуш ю — С. Бадуеви «Дашон Iам», Н. Музаеви «Вайн заманан заз», гочйина йолу Гоголан «Ревизор» и. кх. а»[1].

А. М. Горькийн куьйгаллица дIаехьначу Ерригсоюзни яздархойн съездо гlо дира къоман яздархошна дахарехь кхоллалуш долу керланиг хьакъдоллучу исбаьхьаллин васташкахь гайта, социалистически реализман принципаш караерзо.

Съездан балха тlехь дакъалацар, А. М. Горькийн Iаламат чулацамечу къамеле ладогlар, цуьнца цхьаьна гулвалар, гlарабевллачу советски яздархошца уьйраш тасаялар чlогlа пайдехьа хилира Бадуеви кхоллараллин корматалла кхидIа а кхнарехь. Съезд хиллачул тlаьхьа керлачу айамца дIахьо Бадуев Саьlида исбаьхьаллин литературехь болх. Цо язйо масех керла пьеса, дуккха а поэтически произведенеш, газеташ тlехь зорбатухуш араюьйлу ахархойх, белхалойх лаьцна очеркаш, дийцарш, публицистически материалаш, статьяш. Халкъан барта произведенеш дIаязъярна, уьш зорбанехь арахецарна тlе тидам бохуьйту цо.

Яздархочун кхоллараллехь ерриге а жанрашкахь йолу произведенеш ю. Iаламат мехала ю цуьнан драматургически произведенеш, царна тlехь хlиттийна спектаклаш чlогlа Iаткъам болуш хилла. Нохчийн драматурги а, къоман театр а кхоллараллехь мах ца хадабаллал доккха гlуллакх дина цо. Литературовед а, критик а волчу Ю. А. Айдаевс шен «Нохч-гlалгlайн советски драматурги» цlе йолчу монографи тlехь яздо: «Саьlид Сулейманович Бадуев нохчийн литературан истори юкъа вахана цуьнан бухбиллархо а, дуьххьарлера классик а хилла. Цо йоккхачу эвсараллица болх би-

[1] *Айсханов Ш. К.* Хьаржинарш. Грозный: Нохч-Гlалгlайн книжни издательство, 1964. Л. 114.

на прозехь, поэзехь, драматургехь, публицистикехь... Шен кхолларалли берриге а исбаьхьаллин пицкъаца С. Бадуевс Iаламат йоккха хазна йиллина нохч-гIалгIайн драматурги а, театр а кхиоран гIуллакхан юкъа. Цуьнан цIарца дозаделла ду къоман театр когаяхар. Къоман репертуар театрана латторехь уггаре а хьалхара маьIна ду С. Бадуеви кхолларалли. А. Чеховс а, М. Горькийс а, кхечу оьрсийн яздархоша а санна, театрах дIабуьйзира шен кхоллам С. Бадуевс. Иза шена хьоме йолчу къоман театраца цхьаьна кхуьуш вара»[1].

Бадуев СаьIидан драматургически произведенешкахь къаьстана билгалдолу цуьнан кхолларалла халкъан лехамаш кхочушбаре хьажийна хилар. Юьртабахам социалистически тIегIан тIе баккхарехьа Коммунистически партин куьйгаллица ахархоша латтийна къийсам го вайна «Ламанаш хийцало», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьнан доьзал», цIераш йолчу пьесаш тIехь. Адамийн ойла ширчу Iадатех, дийнан Iаткъамах пархIатъяккхаран Iалашонаш яра «ЦаIебийна зуда ялор», «ПетIамат», «Марха досту де», «Гуттар а ца хуьду моллина мовлад» бохучу пьесашкахь. Нохч-гIалгIайн драматургехь белхалойн классан тема дуьххьара хIоттийнарг а Бадуев вара. «Дашо Iам» цIе йолчу пьеси тIехь драматурго гайтина тайп-тайпанчу къаьмнех болчу нефтяникаша, йоьхье а буьйлуш, къинхьегаман толамаш бахарца социалистически Даймахкана гIуллакх дар. Къоман дахарехь чIогIа даьржина хилла чIирьеккхаран Iадат адамашна зуламе хилар а гойтуш, цунна дуьхьал къийсам латторе кхойкху Бадуев СаьIида Эльдарханов Iисина цхьаьна ша язйинчу «Дайн Iедал» цIе йолчу драми тIехь. Революцехь, гражданski тIамехь гайтинчу турпалаллин теманаш ойбу драматурга исторически бакъдолчунна тIехь язйинчу «Шен гIап» бохучу драми техь. Цуьнан чулацаман бухехь берг коьрта долчу декъана Iалхан-Юьртахь Денкинан эскаршна дуьхьал бина цIеяххана болу турпалаллин тIом бу. Советски драматургехь революцин а, гражданski тIеман а теманаш къасторехь тоьлашха йолчу К. Треневн «Любовь Яровая», Вс. Иванови «Бронепоезд 14—69», Б. Лавреневи «Разлом» цIераш йолчу произведенийн могIаре юьллу Бадуев СаьIидан «Шен гIап» иза теллинчу литературоведаша.

Къоман театран сцени тIехь, дIанмашна а шен кхнам а болуш, дуккха а шерашкахь лаьттира Бадуеви «Шен гIап». 1936 шарахь Нохч-ГIалгIайн драматически театр Белоруссехь гастролашкахь йолуш а, Москва къаьмнийн театрийн фестивале кхайкхина а цуьнан репертуарехь Бадуев СаьIидан кхоъ пьеса яра: «Шен гIап», «ПетIамат», «ЦаIебийна зуда ялор». Ишттa баккхий кхнамаш хилира драматурган дуккахйолчу произведенийн. Бадуеви «Ше-

[1] *Айдаев Ю. А.* Чечено-Ингушская советская драматургия. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1975. С 98.

тІамат» а, «Бешто» цІе йолчу повесть тІехь хІоттийна пьеса а тахана а ю Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан драматически театран репертуарехь кхиамца хІиттош.

Литературан массо а жанрашкахь болх беш вара Бадуев, кІадо йоцуш къахьоьгуш хилла иза. Иттех шарал тІех ца баьллачу шен кхолларалли муьрехь дуккха а произведенеш язйина цо. 1935 шарахь зорбанера араяьлла цуьнан «Вайн беш» цІе йолу поэтически книга. Цу тІехь зорбатоьхначех дукхахаерш поэтан керла произведенеш яра, цаьрца книги тІехь яра Бадуевс дІаязйина, литературно кечйина йолу халкъан барта произведенеш а. Шен керлачу стихотворенешкахь пагІатчу дахаран суьрташ хІиттадо автора, дегайовхонца дуьйцу кънихьегаман адамаша боккхачу айамца кхуллучу ирсечу дахарх лаьцна (масала: «Вайн беш, «Дуьйлало», «Іуьйре», «Олхазар дека», кхнерш а). ГІалийн пейзаж, «турпала белхалочун» кънихьегам гайтина «Іаьржа дешн» бохачу стихотворени тІехь. Советски Даймохк, социалистически бахам мостагІчух ларбан оьшуш хилахь, советски халкъо турпалалла гойтург хилар чІагІдора «Тухур ю», «ТІом хьебахь», «Бахам цхьанний а лур бац». Цу тайпана, книги тІерачу произведенешца вайна го поэтан лирически турпалхо шен ойланашца, гІиллакхашца, гІуллакхашца кхиана ваьлла стаг хилар. Иза шеко йоцуш вогІу ша хаьржинчу новкъа, социалистически дахар дІахІотторехь ондда хьуьнарш гойту цо. Цуьнан вахаран Іалашо дерриге а халкъан лехамашца цхьаьнайогІу, патриотически, интернационални дог-ойланца вехаш ву иза, шен идеалаш чІагІъярхьама кънйсам латтош а ву.

Бадуев СаьІидан масех произведени, коьрта долчу декъана пьесаш, халкъан барта произведенийн сюжетех пайдаоьцуш язйина ю. Царех яра 1936 шарахь къоман театро хІоттийна йолу «ЦІебийна зуда ялор» боху комеди а. Шен хенахь хьовсархоша а, критико а лаккхара мах хадийна и произведени вайнехан дуьххьарлера музыкални комеди яра. Оцу шарахь болх бира Бадуевс шен «ПетІамат» драми тІехь а, белхалойн классан тема ойбучу «Дашо Іам» пьеси тІехь а. Цуьнан тІаьххьарчу произведенех яра 1937 шарахь язйина «ЖаІуьнан доьзал» цІе йолу пьеса а, цул тІаьхьа язйина «Гаймин Бийболт» боху драма а. Церан тексташ яйна, кароза ю.

Яздархочо болх бина поэзин яккхийчу жанрашкахь а. Цо язйина «Къайле», «Тоьур ду», «Дато хІайкал» («ПетІамат»), «Партизан», «Ши малх» цІераш йолу поэмаш. «Партизан» цІе йолу поэма (дакъа) шен хенахь вайнехан литературехь тоьлашха йолу поэтически произведени лоруш хилла.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочо хазахеташ язйора берашна лерина произведенеш. 1934 шарахь цо арахийцира «Берашна совгІат» цІе йолу башха книга. Бос болу суьрташ а дохкуш, исбаьхьа кечйина книга яра иза. Берийн еша дог догІу долчу

кенара язйинчу стихашкахь автора дуьйцура паровозах, кеманах, тракторах, дирижаблах, кхечу оцу хенахь, техникехь керла хиллачу хIуманех лаьцна. Резахуьлий йоьшура бераша Бадуев СаьIида шайна язйина произведенеш.

Яздархочо гIайгIабора школехь йоза-дешар Iаморан а, ненан меттан литература хьехаран гIуллакхийн а. Цо хIиттийна къоман школашна дешаран книгаш. Царех ю 1930 шарахь зорбатоьхна «Юрт социализме» цIе а йолуш буквараl тIаьхьа еша лерина книга.

Цу тайпана, къоман литература, исбаьхьаллин культура кхиорехь доккха гIуллакх дина Бадуев СаьIида. Хаддаза ша кхочушбечу кхолларалли балхаца цхьаьна цо жигара дакъалоцуш хилла юкъараллин балхахь, леррина терго еш хилла къоначу яздархойн, царна исбаьхьаллин дешан корматалла караерзо, литература юкъабахка гIо а дина.

Литературехь дуккха а дерг кхочушдан дагалаьцнера Бадуев СаьIида. Амма яздархочун исбаьхьаллин корматалла заздоккхуш йолчу хенахь хедира цуьнан кхолларалли некъ. Бадуев СаьIид хеназа кхелхина 1943 шеран 20 декабрехь. Хан яларх шайн мехалла лах ца луш йолу яздархочун произведенеш, шаьш язйинчу хенахь санна, тахана а ехаш ю, гIуллакх деш ю. Къоман литературан бухбиллархочун исбаьхьаллин ламасташ тIеоьцуш, кхолларалли дIакхоьхьу хIинцалерчу вайнехан яздархоша а.

С. Бадуевн кхолларалла шен заманан Iалашонаш кхочушъеш, шен хенахьлерчу халкъан-дахаран лехамашка хьажийна хилла. Халкъан дог-ойла а, цуьнан амалш а, лехамаш а дика а, кIорггера а гойтуш а хилла. Халкъан лехамашна жоп луш хилла произведенеш дукха ха. Цуьнан исбаьхьаллин произведенеш таханлерчу дахарца цхьаьнайогIуш а ю, ширачух бухадисанчуьнца къийсам латторехь а, керланиг чIагIдарехь а оьшуш а ю. Кест-кестта зорбатуху яздархочун хаьржинчу произведенешна. 1960 шарахь дуьйна ворхIазза зорбанехь араевлла Бадуевн хаьржина произведенеш. Къаьсттана механала ю Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь арахецна шина томах лаьтташ йолу гулйина сочиненеш (Хьалхара том араяьлла 1976 шарахь, шолгIаниг — 1977 шарахь). Бадуев СаьIидан дуккхайолу произведенеш оцу издани юкъа яхана. Яздархочун цхьайолу статьяш а, СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхарчу (шорйиичу) пленумехь дина къамел а ду цу тIехь зорбатоьхна. Гулйинчу сочиненешна юкъа яхана ерриге а произведенеш, дуьххьара араевллачу, автора ша зорбане кечйинчу тексташа юстуш, кечйина хIокху изданина. ХIор произведенех лаьцна, иза маца язйина, зорбанехь ара маца, мосазза яьлла, муьлхачу издани тIехь яьлла, автора хIун хийцамаш бина юха зорбатухуш дуьйцуш хаамаш бу, Бадуевн кхолларалли лаьцна йоккха статья а ю, хьалхара том дIайолалуш, ялийна. Дика издани ю иза.

Амма хьехархочунна хаа деза оцу изданица мелла а эшамаш буйла а (цунах пайдаоьцуш гал ца вала оьшу иза). Масала, халкъан иллеш а, эшарш а: «Цхьа чIара бу, боху...», «Чеха ма ейша», «Яхийта, дада», «Паччахьан заманна» С. Бадуевн стихотворенеш лоруш зорбатоьхна ю шолгIачу тома тIехь. Ткъа уьш халкъан барта произведенеш ю. Бадуевс шен «Вайн беш» цIе йолчу поэтически книги тIехь (араяьлла 1935 шарахь) халкъан барта произведенеш ю аьлла билгал а яьхна, шен произведенех дIа а къастийна, шайна лерина йолчу книгин разделехь ялийна уьш.

«Шен гIап» цIе йолчу пьесина далийначу билгалдаккхарехь (Хьалхара том, 394 агIо) аьлла ду: «Дийнна пьеса хIинца а кароза ю, хетарехь, Бадуевс и чекх ца яьккхинчух тера ду».

Хууш ду, цхьайолчу произведенийн тексташ (дуккахаерш драматургически произведенеш а ю уьш) яйна, ца карош ю. Иштта, «Шен гIап» пьесин текст а, хьалхара ши сурт бен, кароза ю. Амма автора и пьеса чекхъяккхаза хилла бохург ницйса дац. «Шен гIап пьеса шен юьззина текстаца къоман театрехь хIотточу хенахь цуьнан ролаш ловзийна болу нах хIинца а болуш бу. Масала, Саидов Билал. Шен дагалецамашкахь (зорбатоьхна бу уьш) цо дуьйцу оцу пьесех лаьцна. Цул совнаха, 1933 шеран 25 июнехь арадаьлларчу «Грозненский рабочий» газето «Шен гIап» пьесех лаьцна яздора: «Пьеса кхаа-деа сохьтехь лаьтта, цуьнан ейтта эпизод а, пхиъ дакъа а ду. Амма хьовсархойн зал оцу ерриге а хенахь тIехъюьзина хуьлу, адамаша дIалоцу массо маьIиг а, кораш а, нелсагIеш а, чуьра араболу некъ а. Хьовсархой Бадуев СаьIидан «Шен гIап» цIе йолчу гражданск тIеман хьокъехь, нохчийн къинхьегаман ахархоша а, грозненски пролетариато а Шатилови, Бичерахови, Чуликови, Алиеви, кхечеран а кIайнгвардейцийн бандашна дуьхьал герзашца латтийначу кънйсаман хьокъехь йолу пьесе хьовсуш бу».

Советски яздархойн Ерригсоюзни хьалхарчу съездехь вайнехан литературин хьокъехь ша дийчу къамелехь Айсханов Шамсуддис билгалдаьккхира: «Нохч-гIалгIайн керлачу актераша хIиттош С. Бадуевн «Шен гIап» цIе йолу пьеса а ю. И пьеса хIинцале Нохч-ГIалгIайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу а ерриге а ярташкахь хIиттийна а, колхозхоша чIогIа магийна а ю». Къоман театран сцени тIехь, даймаина шен кхиам а болуш, дуккха а шерашкахь лаьттина Бадуевн «Шен гIап». 1936 шарахь Нохч-гIалгIайн драматически театр Белоруссехь гастролашкахь йолуш а, Москва къаьмнийн театрийн фестивале яхча а, цуьнан репертуарехь Бадуевн кхечу пьесашца цхьаьна «Шен гIап» а хилла.

Оцу тоьшаллаша бакъо ца ло вайна «Шен гIап» пьеса чекхъяьккхина хилар шеконе эца, гойту яздархочо иза дукха дика чекхъяьккхина хилар.

И ларамаза писделла кхачамбацарш тидаме оьцур ду хьехархочо дика а, хаза а кечйначу оцу изданех ша пайдаоьцуш.

Бадуев СаьIида шен кхолларалли похIма, берриге шен ницкъаш, хьуьнар дIаделла къоман литература, социалистически культура кхиорна. КIорггера идейни чулацам а болуш, исбаьхьаллин ницкъах юьззина йолу яздархочун произведенеш, хаддазчу къинхьегамехь, литература кхиорехьа болчу къийсамехь дIадахана цуьнан дахар мехала ду тIекхуьуш йолу тIаьхье кхетош-кхиорехь.

БАДУЕВ САЬIИДАН ДАХАР 4—7-чуй КЛАССАШКАХЬ IАМОР

Бадуев Саьiидан дахар школехь Iамор дешархой патриотически, интернациональни ойланехь кхиорехь механлла йолуш ду. Яздархочун гIиллакх-оьздангалла, адамашца цуьнан хилла юкъаметтигаш, къинхьегамна тIера хилар, хаддаза шен хаарш шордеш къахьегар, социалистически Даймохк йистйоцуш дукхабезар, кхечу къаьмнийн векалшца цуьнан хилла вежараллин уьйраш, интернациональни дог-ойла, массо хIумапна тIехь хьанал, цIена хилар — и дерриге а масал хуьлий дIахIутту дешархойн амалш кхиарехь. Шен заманан прогрессивни лехамаш кхочушбарна тIехьажийна яздархочо шен кхолларалли ницкъаш, цуьнан исбаьхьаллин произведенийн чулацам ширчуьнца, тIаьхьадисанчуьнца къийсам латтош, керланиг, адамашна пайдехьаниг, социалистически дахаро дахьашдерг чIагIдарна гIо деш бу.

С. Бадуеви биографи дешархошца Iамош оцу гIуллакхаш тIехь церан тидам сацор бу хьехархочо. Яздархочун дахарера къеггина шайна тIехь дешархойн тидам соцу болу гIуллакхаш схьакъасто хьожур ву хьехархо, къаьсттана 4—6-чуй классашкахь урокаш дIахьош. Кхузахь яздархочун дахарх лаьцна дуьйцуш «оьшуш дац дуьззина дерриге а хронологически дIанисдар, хьаштдац дукха гIуллакхаш дагардар а, алссам цIераш яхар а, тIех терахьаш далор а. Коьртаниг ду яздархочун патриотизм, къинхьегамна тIера иза хилар, шен заманца, халкъаца цуьнан сана зIе гайтар. ХIор тIаьхьарчу классехь и биографически хаамаш кIарг а бийр бу, шор а бийр бу. Яздархочун дахарера масаллина догIу гIуллакхаш схьаоьхьур ду, къаьсттана халкъашна юкъара доттагIалла чIагIдаран идеологи, иза кхочушъеш хилар гойтур ду» [1].

Литературан программаша 4—7-чуй классашкахь билгал ца даьккхина, лаккхарчу классашкахь санна, яздархочун биографи Iамор. Амма иза дац дешархошна оцу классашкахь яздархойн дахарх лаьцна хаамаш бала ца беза бохург. Кхузахь яздархочун юьззина биографи а ца юьйцуш, дешархойн хене хьожжий, Iамош

[1] Изучение родных литератур в национальных школах РСФСР. Пособие для учителей. Под редакцией В. В. Горбунова. Л.: Просвещение, 1982. С. 63.

йолчу произведенин башхаллаш тидаме а оьций, автораи дахарера цераи тидам шайна тІехь соцу болу цхьаъ я масех гІуллакх хьахадо. 4 чу классехь Бадуев СаьІидан произведенеш Іамо дуьйлалуш бІегІийла ю яздархочун бераллех лаьцна дийца. Хьехархочо дуьйцур ду, С. Бадуеви бералла Грозный-гІалахь а, Хьалха-Мартан-тІехь а дІадахарх лаьцна. Эра ду, хазахетара жимчу СаьІидана юьртарчу берашца ловзуш. Самукъадолура цуьнан ша МартантІе валийча. Жимчохь дуьйна а хІуманан тидам чІогІа болуш, хІума хаа лууш хилла Бадуев СаьІид. Юьртана гена йоцу хьун, шовданаш, хиш; дІахьаьжчи геннахь кІайчу дахкарлахь схьагу лаьмнаш; бамбийн кІайн мархаш шена тІехула лела, снйна стигал — и исбаьхьа Іалам хазахеташ тергалдора жимчу СаьІида. Къаьсттана самукъадолура кІентан халкъан иллеш олу хезча. Лерина ладугІура цо юьртахоша йоккхачу корматаллица олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, мехкарийн эшаршка, дийцаршка. Халкъан барта произведенеш гуттаренна а езаелира цунна.

Бадуев СаьІидана безна шен Даймохк, цуьнан исбаьхьа Іалам. Жимчохь шен Даймахке, халкъе бахана безам бу яздархочуьнга дегайовхонца вайн Советски махках, цуьнан адамех яздайтинарг.

«Цадешар — бода» цІе йолу дийцар Іамош Бадуеви дешаран хьокъехь, иза дешарна тІера хиларх лаьцна, хІума хаа лууш, дайма керланиг довза гІерташ, шен хаарш ша тІедузуш хиларх лаьцна дийцича бІегІийла хир ду.

Реальни училищехь доьшуш волчу хенахь Бадуеви исбаьхьаллин литературе безам бахарх, цо оьрсийн яздархойн А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтови, Л. Н. Толстойн, А. П. Чехови книгаш резахуьлуш ешарх лаьцна дуьйцур ду.

Паччахьан заманахь деша атта дацара, эра ду хьехархочо, дешар мехах дара, шортта мах бала безара доьшуш волчунна тІера, нагахь санна мах бала таро яцахь, дІавоккхура доьшуш волчуьра. Бадуев СаьІид а, цуьнан вежарий а бара, мах а луш, реальни училищехь доьшуш. Амма да дІаваьллачул тІаьхьа доьзалан таронаш лахъелира. Алссамчу берашца йиснйчу ненан доьшуш болчу кІентийн дешарна тІера мах бала таро йоцуш меттигаш а йогІура. Шен хеннахь дешарна тІера мах дІабала таро цахиларна реальни училищера дІаваькккхира 13 шо а кхачаза волу СаьІид. Дешаран шо чекхдала цхьа-шн бутт бен ца биснера, оцу шарахь йолийна класс чекхъякккхалц а ца витира иза. Паччахьан Іедал адамашна дешар Іамо гІерташ дацара, мелхо а дешаран серло халкъана юкъаккхачарх кхоьруш дара, бодане мел хили а адам дацо атта хиларна. Іаламат хала лайра кІанта и гІуллакх, амма ша реальни училищера дІаваькккхинера аьлла, дешар ца дитира кІанта. Цо ша доьшуш дІадаьхьира шен хаарш лаккхадахар. Шен нийсархошна юкъахь дешар дика хаарца а, гІиллакх-оьздангаллица а вевзаш

хилла Бадуев СаьIид. Цунна дика хиъна дешар — серло а, цадешар — бода а хилар.

Вай шуьца хIинца Iамор долчу Бадуеви дийцаран цIе а ю «Цадешар — бода», аьлла и дийцар деша долор ду классехь.

Бадуев СаьIидан дахарх лаьцна дуьйцуш пайдаоьцур бу гайтаман гIирсах. Яздархочун доккха сурт (портрет) хир ду дешархошна дуьхьал болчу пенах я уьи тIехь. Ша яздархочух лаьцна дуьйцуш хьехархочо оцу суьрта тIе тидам бохуьйтур бу дешархойн.

Цул совнаха бегIийла хир ду беран хенахь даьккхина долу яздархочун сурт 4-чу классерчу дешархошна гайтар. Бадуеви дахаран а, кхолларалли а хьокъехь язйинчу книги тIехь ду (I. Арсанукаев, Х. Туркаев. Бадуев СаьIид. Дахаран а, кхолларалли а очерк. Грозный, 1980, агIо 19) реальни училищехь доьшуш волчу хенахь СаьIидан шайн ерриге а классаца даьккхина сурт. Реальни училище деша вахана кхозлагIчу шарахь даьккхинчу оцу суьрта тIехь шозлагIчу могIарехь аьтту агIора схьа шолгIаниг ву итт шо кхочуш волу СаьIид а, оццу могIарехь аьрру агIора схьа шолгIаниг цуьнан жимаха волу ваша Шарпуддин а.

Яздархочун беран хенахь даьккхина сурт дешархоша юххера тIеоьцу. Шайн хенара волуш санна хетало царна суьрта тIера шайга хьоьжу кIант. Оцу суьртах лаьцна жимма къамел дийр ду хьехархочо. Вай билгалъяьккхинчу книго материал лур ю хьехархочунна яздархочух лаьцна дешархошца къамел дан.

5-чу классехь «Iимран», 6-чу классехь «Iадат» цIераш йолу дийцарш Iамо дуьйлалуш а яздархочун дахарх а, кхолларалли а доцца хьалхара дош далор ду. 4-чу классан хрестоматина яздинчу методически куьйгаллина тIехь хьахийна ду урок дIайолалуш яздархочух лаьцна хьалхара дош далор[1]. Нийса хьехамаш бу цу тIехь луш берш, амма цхьа хIума билгалдаьккхича бакъахьа хета. Тхуна хетарехь, Бадуев СаьIид нохчийн литературан бухбиллархо хиларан хьокъехь ккузахь па дийцича а хIумма а дац, хIунда аьлча 5-чу классерчу дешархошна и гIуллакхаш ккето хала хиларна. Программаша а ца лору 5-чу классехь и тайпа гIуллакхаш дийца дезаш.

«Iимран» цIе йолчу дийцаран чулацаме хьаьжжина, яздархо къинхьегаман адамех дог лозуш хиларх а, берех лаьцна а, берашна цо произведенеш язъеш хиларан хьокъехь а (масала, «Берашна совгIат» цIе йолу цуьнан книга) дийцича ккачаме хир ду Iамош йолчу произведенин чулацамна дешархой герга балор болчу кепара хир ду хьехархочун хьалхара дош

4—6-чу классашкарчу дешархоша резахуьлий ладугIу, яздар-

---

[1] *Чентиева М. Д.* 5 классехь нохчийн литература хьехар. Хрестоматина методически куьйгалла. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1980. А 58.

хочун берашца юкъаметтиг яр дуьйцуш, церан ойлапо дика схьалоцу и санна долу гIуллакхаш. Оцу маьIнехь хьехархочунна пайдехьа хир бу беран хенахь шен Бадуевца цхьаьнакхетар дуьйцуш болу Нохч-ГIалгIайн АССР-н Заслуженни хьехархочун Джамалханов Зайидин дагалецамаш. Оцу дагалецамаш тIера цхьа кийсак ялайо вай кхузахь: «Ас къаьстина хазахеташ йоьшура нохчийн советски исбаьхьаллин литературан бухбиллархочун СаьIид Бадуевн а, иштта кхечу яздархойн — Ш. Айхановн а, М. Мамакаевн а, Н. Музаевн а, тIаьхьо I. Мамакаевн а произведенеш.

Берахь дуьйна церан кхолларалла йоьшуш а, Iамош а, уьш гаре сатуьйсуш а вара со. Дуьххьара суна С. Бадуев а, Ш. Айсханов а гира со 5-чу классехь доьшуш, жима пионер волчу хенахь. Иза дара СССР-н яздархойн Ерригсоюзни 1-ра съезд хиллачул тIаьхьа, 1934—1935-чуй дешаран шарахь. Тхо,дуккха а школашкара пионераш а, дешархой а Грозный-гIала Кирови цIарах йолчу паркера а, Пионерийн двореце а далийра. Школийн исбаьхьаллин самодеятельносташа дика концерт а елира. Ш. Айсханов а, С. Бадуев а суна гира, концерт чекхъяьлча, садаIа арадевлча, паркан кертахь. Церан сборникаш тIехь сайна гинчу портретех вевзира суна и шиъ. Эхьхетташехь, со де дика а деш, цу шинна тIевахана, вистхилира. Ас цаьршинга элира суо уьш ган лууш хилар а, Лаха-Неврехь 5-чу классехь доьшуш пионер суо хилар а, айса церан произведенеш чIогIа хазахеташ йоьшуш хилар а, цхьаболчу баккхийчу а, кегийчу а наха а, иштта шаьш цхьаьнакхетча дешархоша а, цIахь доьзалехь, лулахь а дуккхамма а, чIогIа тидаме ла а дугIуш, церан произведенеш сайга йоьшуьйтуш хилар а. Тхан луларчу воккхачу стага ХIиблин Идарза кест-кестта йоьшуьйтура соьга церан произведенеш а, иштта «Робинзон Крузо» цIе йолу книга а. Со цу хенахь дуьйна вара барта кхолларалла гулъеш, иза дIаязъян волавеллера. Цаьрга иза а элира ас. С. Бадуевс а, Ш. Айсхановс а, воккхачуьнга санна, чIогIа тидаме а, гIиллакхе а ладуьйгIира соьга.

Иза суна чIогIа хазахийтира. Ш. Айсхановс элира: «ХIара кIант сан юьртахо хилла. ХIара хьенан ву, суна хIинца хаьа. Уьш сан гергара нах бу. Дика ду ахь хьо вовзийтина. Суна дика хета ахь фольклор гулъян йолийна а, литература дукхаезаш, Iамош хьо хилар а». С. Бадуевс элира: «Мало ца еш, тIевирзина дешар Iамор а, литература дукхаезар а, Iамор а эрна довр дац. Иза дика ду. Вайн барта кхолларалла дIаязъеш а, гулъеш а хилар чIогIа мехала гIуллакх ду. Иза халкъан хьекъалан йоккха хазна ю. Оха тхайн кхолларалле а пайдаоьцу цуьнан хазнех а, меттан говзаллех а. Цуьнан марзо дагна а, ойланна а чIогIа хаалуш ю» Суна чIогIа хазахеташ а, со воккхавевеш а дара гIараваьллачу шина яздархочуьнца сайн къамел хилар а, уьш сайна гар а. Айса цаьрца, воккхачо санна, къамел дарна сайна бехк ца биллар дийхира ас.

Цу шимма элира, иза бехке дац, мелхо а товш ду гІиллакхе вистхилар а, стагана дикачу агІор ша вовзийтар а»[1]

Оцу материалах хьехархочо пайдаэца тарлур ду 5-чу а, 6-чу а классашкахь яздархочун дахарх лаьцна дуьйцуш. Хьехархочо шен хьалхарчу дашна шена оьшучу барамехь юкъаялор ю и материал.

Паччахьан олаллех, ширчух бухадисанчийн йийсарера адамаш пагІатдахарехьа болчу кънйсамах юьззина ю 6-чу классехь дешархошца Іамош йолу «Іадат» боху произведени. Авторан патриотизм, социальни харцонна а, ширчух бухадисанчу зуламечу Іадаташна а иза дуьхьал хилар, цаьрца къйсам латторехьа болу кхайкхам го вайна оцу произведенехь. Иза дешархошца Іамо йолош, авторах лаьцна долчу дашехь хьехархочо билгалдоккху и.

Бадуеви биографи 7-чу классехь Іамош алсамо дуьйцур ду яздархочун дахарх лаьцна. Кхузахь коьртачу тидаме оьцур ду цуьнан дуьненехьежар кхиарехь мехала хилла гІуллакхаш. Масала, Бадуев СаьІидна революционни кхетам кхиарехь Іаткъам бина гІуллакхаш: реальни училищехь дешар, цигара дешарна тІера мах бала таро цахиларна дІаваккхар. Н. Анисимови, Асланбек Шеripови тІеІаткъам, Соьлжа-гІаларчу оьрсийн белхалоша шайн дахаран хьелаш тодарехьа, политически бакъонаш яхарехьа латтийначу къйсаман теш хилар, и. кх. дІ. Яздархочо къоман гІиллакхаш а, духовни культура а тІевирзинна Іамаяр, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а яздархошца лелийна доттагІаллин а, кхолларалли а уьйраш гойтур ю дешархошна. Кхузахь пайдехьа хир ду Бадуев СаьІидах лаьцна кхечу яздархоша, Іилманчаша яздинарг дешархошна ханйтар. Вай хІокху белхан хьалхарчу коьртехь дийцира цІе яххана волчу советски литературоведа, СССР-н Іилманан Академин член-корреспондент Г. Н. Ломидзес Бадуевх а, цуьнан цхьайолчу произведенех а лаьцна яздинарг. Цунах пайда оьцур бу хьехархочо.

С. Бадуевх лаьцна, цо нохчийн исбаьхьаллин литературехь дичу гІуллакхан хьокъехь, къоман культура кхиорехь цуьнан долчу маьІнех лаьцна яздина вайнехан гІарабевллачу яздархоша массара а бохург санна. Цуьнца цхьаьна болх бина а, цуьнца юххера доттагІалла хилла а волчу нохчийн поэта Сандов Билалас шен дагалецамашкахь яздархочун куц-кеп а, сибат-амат а билгалдоккхуш, яздо: «Ма-варра вевзинчунна иза вицвала хала ду. ТаьІано бІаьргаш а болуш, даима цхьана хІуманан кІорггера ойла еш санна, хабийна хьажаюкъ а йолуш, юккъерчу дегІахь волу иза къамелана сов тІера вацара. Къамел деш волчунна тамана наггахь дош алар, велакъажар бен ша дукха лен хууш а, я и дезаш а вацара. Амма иза доккха похІма долуш, башхачу корматаллин стаг вара.

[1] *Джамалханов З.* Адамаллин дог-ойла. — Хlокху книги тІехь: СаьІид Бадуев. Гулйина сочинени. Шина томехь. ШолгІа том. Грозный, 1977. А. 402—403.

Шен халкъан нрсехьа, и нрс сирла а, дуьззина а хилийтарехьа дIахьочу кънйсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара»[1].

Мамакаев Iаьрбис шен «Нохчийн литературан историн хьокъехь» цIе йолчу статья тIехь лаккхара мах хадабо къоман литература а, культура а кхиорехь С. Бадуевс динчун. Яздархочуьнга халкъан безам хиларх лаьцна Мамакаев Iаьрбис боху: «Шен произведенеш бахьана долуш нохчийн халкъан шега боккха безам бахийтира Бадуев СаьIида: зорбанера арайовллушехьа пахана юкъаяьржара цуьнан книгаш, генарчу районашкара а, лаьмнашкара а нохчий, цуьнан пьесаш профессиональни театрехь хIиттош хьовсархьама, леррина Грозный оьхура Нохчийн дешархочун исбаьхьаллин литературе безам бахийтарехь чот йоцуш доккха гIуллакх дира С. Бадуевн произведенеша»[2].

Бадуевн кхолларалли дозалла до, халкъан тешаме кIант лору иза. Нохчийчоьнан а, ерриге а Къилбаседа-Кавказан а кхечу вокхачу яздархочо Мамакаев Мохьмада боху: «Бакъонца дозалла а деш, олу вай: нохчийн исбаьхьаллин литература когайоьдуш цуьнан хьалхара лар яьккхинарг СаьIид Бадуев ву»[3].

ХIинцалерчу литературоведаша а, критикаша а лаккхара мах хадабо Бадуевн прозин а, драматургин а, публицистикин а. «Шен халкъан дахаран илланча» боху Бадуев СаьIидах Айдаев ЮшаIа. Цо яздо: «СаьIид Сулейманович кхолларалло тоьшалла до литературехь болу цуьнан лехамаш дукха агIонан а, шуьйрачу барамех а хилла хиларна. Яздархочун дагах ца кхеташ ца дуьсура халкъан дIадаханчух а, я карарчу хенан а дахаран гIуллакхаш Роман, повесташ, дийцарш, стихаш, поэмаш, дешархойн учебникаш, оьрсийн маттера гочйина произведенеш, публицистически статьяш— уьш дуьззина тоьшалла ду цуьнан литературин гIуллакхашна. Бакъду, яздархочун кхолларалле къаьсттана меттиг дIалоцуш ю драматурги. Кхузахь билгалдаккха догIу иза а цуьнан дуккха а агIонан башхаллашца хилар[4].

7-чу классехь дешархоша Iамошъерг «ПетIамат» цIе йолу роман ю. Дика хир ду хьехархочо автора цу тIехь болх барах лаьцна доцца аьлча. «ПетIамат» романехь автора хIоттийна йолу тема цуьнан ерриге а кхолларалле а коьртачу теманех ю. Дукха произведенеш язйина автора ширачух бухадисана, дахарехь новкъарло еш долу IадаташIорадохуш. Ширачу IадатийнаI, динах дозучу гIуллакхашна а дуьхьал хьажийнера яздархочо шен исбаьхьал-

---

[1] *Саидов Билал.* Суна иза дика вевзара. Дагалецамаш. — Ленинан некъ. 1974, 22 ноябрь.

[2] *Мамакаев Iаьрби* Нохчийн литературан историн хьокъехь. Статья — Ленинан некъ. 1958, 5 январь.

[3] *Мамакаев М.* Серлонан — 50 шо. Статья. — Ленинан некъ. 1973, 30 ноябрь.

[4] *Айдаев Ю* Шен халкъан дахаран илланча (нохчийн театр а, драматурги а кхиарехь С. Бадуевн маьIна). — Ленинан некъ. 1980. 25 октябрь.

лин дош. Оцу произведенех цхьаъ ю «ПетIамат» роман а. Роман аьлча а, цуьнан дакъа ду вайна девзаш дерг, роман чекхъяккха автор ца кхиъна. «ПетIамат» романехь автора гайтина къоначу зудчун кхоллам. Ямартчу моллига шен дас доладахьара ахь, аьлла дIаелла жима ПетIамат хьалакхиъча, инзаре хIума кхоьллина цунна тIехь моллас, ша бохург цо ца дича. Изза тема а, изза чулацам а, изза цIе а йолуш Бадуевс язйина поэма а, пьеса а. Оцу кхаа а произведенийн (поэмин, пьесин, романан) боккха кхиам а хилла. «ПетIамат» бохучу пьесехула йолу спектакль Нохч-ГIалгIайн драматически театро 30-чу шерашкахь боккхачу кхиамца хIиттина Минскехь а, Москвахь хиллачу гастролашкахь а. ХIетахь дуьйна схьа халдаза хIинца а театран репертуарехь ю иза, данманна шен лаккхара кхиам а хуьлуш. Бадуев СаьIидан произведенеш тIехь кхийолу спектаклаш а ю театрехь кхиамца еххачу хенахь хIиттош.

Билггал йолу исбаьхьаллин произведени Iамош, яздархо ваьхна хан, иза кхиана юкъараллин хьелаш билгалдахар мехала лоруш ду. ГIараяьллачу оьрсийн методиста М. А. Рыбниковас шена евзаш йолчу «Литературни дешаран методикин очеркаш» тIехь яздо: «Яздархочун биографи Iамош, иза кхиъначу, кхиийначу юкъараллиний, йоьшуш йолчу произведенин вовшашца уьйраш тасарца вай произведенина исторически комментарий а ло, ткъа цуьнгахула тIехиндолчу произведении исторически кхеторна бух а кечбо»[1].

Хьехархо шен ма-хуьллу эвсараллица кхочушдан хьожур ву и мехала гIуллакх. Бадуев СаьIидан дахарх лаьцна хаамаш балар 4—5-чу а, 6—7-чу а классашкахь коьрта долчу декъана кхочушдо хьехархочун дашехула. Хьехархочо дика кечам а бина, ма-хуьллу исбаьхьаллин кепехь, дешархойн дагчу дуьжучу кепара дуьйцур ду царна яздархочун дахарх лаьцна. Произведени Iамо йолош хьалхара дош хуьлу хьехархочо яздархочух лаьцна дуьйцург, оцу произведенина дешархойн ойла тIейоьрзу кеп лоху цо шен дашехь.

С. Бадуевн дахарх лаьцна дуьйцуш, хьехархочо пайдаоьцур бу яздархочун суьртех. Тайп-тайпанчу хенашкахь даьхна яздархочун суьрташ хир ду уьш. Дешархо волуш даькккхина сурт, иза кхиана ваьллачу хенахьлера сурт. Кхечу яздархошца, юкъараллин деятельшца даьхна суьрташ. Масала, Серафимовичца цхьаьна даькккхина сурт, яздархойн Ерригсоюзни I съездехь даьхна суьрташ, нохчийн яздархошца даьхна дерш. Цуьнан Софроновс диллинчу скульптурни суьртах пайдаэцар а мехала ду.

Бадуев СаьIидан дахарх лаьцна дуьйцучу хенахь хьехархочо дешархошна яздархочун оьзда, цIена васт хIотторан аrIо лохур ю. Дуьйцур ду иза къинхьегамна тIера хилар. Цуьнан говза язйина

[1] *Рыбникова М. А.* Очерки по методике литературного чтения. Изд. 3-е. М.: Учпедгиз. 1963. С. 181.

произведенеш, цуьнан дуккха а жанрашкахь йолу кхолларалла, публицистически статьяш, школашна хIиттийна дешаран книгаш, цо хаддаза дIахьош хилла юкъараллин болх, цуьнан къоман театраца еана кхолларалли зIе — и дерриге а яздархочо кIадо йоцуш, ша-шен ца кхоош бинчу белхан Iаламат мехала жамI ду. Шеи Даймохк дукхабезаш, интернациональни дог-ойла йолуш, кIорггера кхетам а, доккха исбаьхьаллин похIма а долуш волчу яздархочун васт хIотто хьожур ву хьехархо Бадуевн дахарх а, кхолларалли а лаьцна дешархошна дуьйцуш.

Бадуев СаьIдан дахар, цуьнан произведенеш юьйцуш йолу литература дешархошна марзъе цаьрга иза шайга кхано тIаьхьа еша дог доуьйту агIо лохур ю хьехархочо.

БАДУЕВ САЬИДАН ПРОИЗВЕДЕНЕШ 4—7-чуй КЛАССАШКАХЬ ІАМОР

Къоман литературан бухбиллархочун Бадуев СаьІидан произведенеш школехь Іамош йолу дукха хан ю. 1930-гІа шераш дуьйлалучу муьрехь араевллачу программаш тІехь хьалхарчу даржан школехь Іамо билгалъяьхнера яздархочун «ЦІеран арц», «ПетІамат», «ЦІен гІап» цІераш йолу произведенеш[1]. Шайн идейно-эстетически чулацамца дешархой кхетош-кхиорехь доккхачу маьІне йолу и произведенеш язйина а, зорбанехь араевлла а дукха хан ялале бакъонца дешаран программашна юкъаялнйнера. Уьш цу хенахь хилла ца Іаш, хІинца а вайнехан литературехь дикачу произведенех ю. «ПетІамат» цІе йолу роман а, «ЦІеран арц» боху повесть а хІетахь дуьйна даима а школехь Іамош ю. «ЦІен гІап» цІе йолчу драмин текст, хьалхара шин сурт доцург, яйна. Шен хенахь Іаламат боккхачу кхиамца Нохч-ГІалгІайн театро хІиттийчу оцу пьесин юьззина текст кху сохьта кароза ю.

Школехь Іамийна Бадуев СаьІидан стихотворенеш а, очеркаш а, дийцарш а. Иштта, 30-гІа шеран юккъе даханчу хенахь араевллачу дешаран книгаш тІехь зорбатоьхна яра «Колхозан бригада»[2], «Октябрь»[3], цІераш йолу стихотворенеш а, «Тракторхо Жуьнид»[4] боху очерк а.

1937 шарахь зорбатоьхначу программаш тІехь яра лаккхахь вай йийцинчу произведенешца цхьаьна «Дуккха а денойх цхьаъ» боху дийцар а, «Дашо Іам» цІе йолу романан кийсак а. Бадуев СаьІидан произведенеш Іамо 20 сахьт деллера оцу программаша[5].

Цу тайпана, къоман литературан бухбиллархочун Бадуев Саь-

---

[1] Программаш. 1-чу даржан ишколашна. Соьлжа-гІала: Нохчоблзорба, 1933. А. 44.

[2] *М. Исаева.* Литературан хрестомати. Хьалхарчу ишколан кховлгІачу классана. Хьалхара дакъа. Шолгlа тойина арахецнарг Соьлжа-ГІала: Нохчгlкъамзорба. 1935. А. 126.

[3] *Ш. Айсханов.* Дешаран книжка. Юьхьанцарчу ишколан шолгІачу классана. Шолгlа дакъа. Соьлжа-гІала: Нохч-гІалгІзорба, 1936, А. 65.

[4] *М. Исаева.* Билгалъяьккхина хрестомати. А. 127—130.

[5] Юьхьанцарчу школан программаш. Соьлжа-ГІала: НохчгІалгІпачхьалкхзорба, 1937. А. 61.

Iидан кхолларалла тоъал шуьйра Iамош хилла школехь 30-чу шерашкахь а. Дешархошна йовзийтина шайн идейно-тематически чулацамца а, жанрийн къастамашца а тайп-тайпана йолу произведенеш: романаш, повесташ, дийцарш, пьесаш, стихотворенеш, очеркаш.

Программаш карлайохучу хенахь Бадуев СаьIидан хьалха Iамош хиллачу произведенешца цхьаьна дукха хьолахь кхин а юкъаялош хилла дешархошца Iамо. 1950-гIа шераш чекхдовлучу муьрехь дуьйна схьа зорбатоьхначу программаша а, учебникаша а классехь Iамо лерина ю вай йийцинчел совнаха хIара произведенеш: «Лам», «Трактор», «ГIу», «Iимран», «Пхи туьма», «Бешто», «Баудди», «Мила ву бехке», «Олдам», «Тхан хьехархо Максим Горький», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Iадат».

Дешархошца Iамо билгалъяьхна произведенеш коьрта долчу декъана Бадуев СаьIидан кхолларалла идейно-тематически чулацаман а, исбаьхьаллин башхаллин а коьрта агIонаш чулоцуш ю. Амма и произведенеш дешархойн хене хьаьжжина классашка дIанисъяр ледара хилла. Масала, юьхьанцарчу классашкарчу дешархойн дуьненах болу кхетам, церан хаарш кхачаме дац «ЦIеран арц», «ПетIамат» санна йолчу произведенийн идейно-эстетически чулацамах кхна, церан маьIна дан.

ТIаьхь-тIаьхьарчу шерашкахь арайийлинчу программашкахь и тайпа ледарлонаш лахъелла. Ткъа 1970 шарахь зорбатоьхначу нохчийн меттан а, литературан а юккъерчу школан программин проект тIехь яздархочун произведенеш классашка дIанисйиннера коьрта долчунна берийн хенашца йогIучу кепара. Амма оцу программин проект тIехь хаалора кхечу тайпана эшамаш. Масала, Бадуев СаьIидан кхолларалла лаьтта темаиаш схьаяста программаша луш болу гайтамаш (аннотации к темам) цуьнан произведенийн идейно-исбаьхьаллин башхаллаш кхоччуш гучуяха хьехархочунна гIо дарехь кхачаме бацара [1].

Бадуев СаьIидан кхолларалле диллича, вай лаккахь йийцинчу ерриге программашкахь мехала ду цара коьрта долчунна яздархочун произведенех тоьлла ерш школехь Iамо схьакъастийна хилар. ХIетахь дуьйна программаша билгалъяьхначех ю хIинца а школехь Iамош йолу Бадуев СаьIидан дукхахйолу произведенеш.

ХIинцалерчу программаша [2] хIокху кепара писдина Бадуев СаьIидан произведенеш дешархошца Iамор. 4-чу классехь Iамайо яздархочун «Пхи туьма», «Цадешар — бода» цIераш йолу произведенеш, 5-чу классехь — «Iимран», 6-чу классехь — «Iадат», 7-чу

[1] Юккъерчу школан программаш. Нохчийн мотт а, литература а. Проект. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1970. А. 129, 153.

[2] Юккъерчу школан IV—VII классашна нохчийн литературан программаш. Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979, агIонаш: 12, 17, 23, 27. Юккъерчу школан VIII—X классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1980. А. 14.

классехь — ПетIамат». Лакхарчу классашкахь нохчийн литературан систематически курсехь къоман литературан бухбиллархочун кхолларалла 8-чу классехь Iамош ю. Кхузахь дешархошна яздархочун дахаран а, кхолларалла а некъ а бовзуьйтуш, кIорггера Iамайо цуьнан «Паччахьан замане», «ЦIеран арц», «Бешто», «Большевикаллица ялта дерехьа» цIераш йолу произведенеш.

Оцу произведенийн идейно-эстетически чуланан дешархошка эвсараллица дIакхачор болу методически хьелаш лаха хьовсур ду вай.

«ПХИ ТУЬМА», «ЦАДЕШАР-БОДА» 4-чу КЛАССЕХЬ IАМОР

Бадуев СаьIида шен произведенешкахь гайтина социальни харцонаш хIинцалерчу вайн дахарехь яц, Сийлахь-йоккхачу Октябрьски социалистически революцино дIаяьхна уьш. Хьоладайн, къехойн юкъаметтигаш вайн Даймехкан дIадахнарг ду. Амма дозанал дехьарчу, вайна хийрачу идеологица къийсам латторан Iалашо кхочушъярехь хьехархочунна гIо дийр ду оцу произведенеша. Дешархошна социальни харцо а, пийсо а йовзийтарехь, харцонна дуьхьал къийсам а латтош, пийсонна тIехь церан ойла чIагIъярехь мехала ю уьш. Атеистически дог-ойланехь дешархой кхиорехь а яккхий таронаш ло С. Бадуеви произведенеша.

И Iалашонаш хIиттайо хьехархочо шена хьалха «Пхи туьма» а, «Цадешар — бода» а Iамош а.

Ши сахьт делла программаша 4-чу классехь «Пхи туьма» Iамо. Дешархошца къасто деза гIуллакхаш иштта билгалдаьхна: «Дика къен хилар а, шайх Шедида иза доьзалца вацавар а. Шедида миска нах бацош гулдина хьаллий, цуьнан Дикица хилла йолу къиза юкъаметтигий.

Дикас муридалла охьатасаран бахьана»[1]

Итт декъах лаьтташ ю и произведени. Амма 4-чу классан ненан меттан литературан хрестомати тIехь «Пхи туьма» дакъошка екъна а йоцуш санна ялийна, ерриге текст цхьаьний[2]. Иза автора лаам талхош а ду, педагогически Iалашонашца, методически лехамашца догIуш цахиларал совнаха, школехь и произведени Iамор халонга доккхуш а ду. Цуьнца цхьаьна хрестомати тIехь зорбатоьхначу текстаца кхин а эшамаш а бу, къаьсттина произведени дIайолалуш, цуьнан хьалхарчу декъехь. Кхузахь текстан предложенеш хедийна, чуччахула яьхна, дешнаш юкъахдитина, церан форманаш хийцина. Оцу гIуллакхо исбаьхьалла лахйина а Iаш, предложенийн маьIна а талхийна. Цундела вай кхузахь и

[1] Юккъерчу школан IV—VII классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1979. А. 12.

[2] Ненан меттан литература. IV классана учебник-хрестомати. Грозный. Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1984. А. 52—63.

произведени юьйцуш пайда оьцур бу Бадуев СаьIидан гулйинчу сочиненеш тIерачу «Пхеа туьманан» текстах [1].

«Пхи туьма» Iаморан методика гайтина 4-чу классан хрестоматина долчу методически куьйгалли тIехь [2]. Иза тидаме а эцна, доцца совцур ду вай и произведени Iаморан коьртачу методически хьелаш тIехь.

Хьалхарчу урокехь произведени I—V дакъош а доьшуш, церан чулацамах дешархой кхетор бу.

«Пхи туьма» произведени йоьшуш дешархой Дикех къахеташ, цунах доглозуш хилар гучудолу. Цо гойту дешархойн ойла нийсонна тIехь соьцуш хилар. Бакъду, кIорге йолуш дац иза, дуьххьал дIа Шадид-шайх шена тIаьхьавозуш, шех даггара тешаш волчу Дикица сел къиза хилар ду дешархошна Iаьткъинарг. Мухха иза делахь а, хьехархочо пайдаоьцур бу дешархойн дуьххьара кхоллалучу оцу ойланех, царна тIе а тевжаш дIахьур ду произведени тIехь болх бар. Цуьнан чулацаман социальни маьIних кхетор бу дешархой.

Произведени дIайолалуш хьалхарчу декъа тIехь йоккхачу халонгахь, гIелбелла, мацбелла шайн ардаш тIехь кIаш хьокхуш бохку нах гайтинчу сурташ тIе тидам бохуьйту дешархойн. Царна юккъехь а «къаьсттина гIнйла гора шовзткъе пхиъ шарачуьра къежвелла Дика. Дикин кIа а, и санна гIнйла дара, цунах хаа дезара кхуьнан мичча тайпана ца хиллехь а, цу кIа тIехь къахьега йиш ца хиллийла». Дикица цхьаьна кIа хьокхуш йоллу цуьнан зуда а, йоI а ю — декъаза, гIнйла **ХIун бахьана ду техьа уьш ишшта хиларан, хIунда яц техьа Дикин шен кха тIехь, нехан санна, болх бан йиш?** Оцу хаттарна жоп а лохуш йоьшур ю вай кхдIа, эр ду хьехархочо И Iалашо хаддаза хьалха лаьттар ю произведени Iамош.

Текст йоьшуш а, цу тIехь болх беш а дешархошна йовзуьйтур ю произведени тIехь Дикин, Шедидан юкъаметтигаш гайтаран башхаллаш. Дика Шедид-шайхана чу садиллина хилар, цо аьллларг кхочушдеш, шен гIуллакх дита хьовха, мел йоккха хало лан а иза кийча хилар гойтур ду дешархошна.

Муха гайтина Дика Шедид-шайхана муьтIахь хилар?

ХIунда ву Дика ша мел чIогIа хало лайна а Шедидана луург дан кийча?

Пхи туьма дайча, сел чIогIа холча хIунда хIоьттина Дика?

Дикин вахаран хьелаш муха ду?

И санна долчу хаттарша гIо дийр ду произведенин чулацамах, цуьнан маьIних дешархой кхето.

---

[1] *СаьIид Бадуев.* Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Хьалхара том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1976. А 127—143.

[2] *Чентиева М. Д.* Нохчийн школан IV классехь литература хьехаран методически пособи. Грозный, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. А. 63—69.

Шолгlачу урокехь «Пхеа туьманан» VI—X дакъош тlехь болх а бийр бу, ерриге а произведенин маьlна дар а кхочушдийр ду.

Кхузахь коьртачу тидамехь хир ду Дикин Шедиде йолу ойла хийцаяларан хьелаш къастор.

Кху дакъошкахь произведени юкъа керла турпалхо валаво автора. Бахьала ву иза. «Хlара а Шедидан мурд вара, Дикел цхьа шо тlаьхьа тоба а дина», — боху произведени тlехь. Бахьала а чlогlа муьтlахь ву шен устазана. Пхи туьма дайначул тlаьхьа Шедида цуьнгахула хьовзаво Дика. Бахьала юьхьанца тийшира Дикин пхи туьма дайна хиларх, амма Шедида, цуьнан ахча ца дайна боху къамел шега дича, «Дикас и пхи туьма шена ца дитина аьлла Бахьала хlумма а шек вацара».

Шедида шена чlогlа тlеберзабо мурдаш. Дикина санна, шайна тlе цхьа гlуллакх lоттаделча самабевр бу уьш.

Дешархойн тидам тlебохуьйтур бу произведени тlерачу хиламашка болу авторан хьежамаш гучубовлучу меттигашна. Пхи туьма дайна Дика чlогlа воьхна хьовзар гайтинчул тlаьхьа автора боху: «Хlунда хlоьттина теша Дика сел чlогlа холча? Шайх Шедида-м кхунна цу пхеа туьманна-м гечдан а мегий. Цо кхунна хlунда ца гечдора, хlара цуьнан мурд волу 12 шо а хилча, хlара и бахьанехь шен бахам тобан ца гlерташ, миска, къен стаг хилла а хилча?

Шедидана кхо дайнна пхи туьма доккха хlума хетар ду? Хlанхlа хетар дац! Шедидан хьал дукха ду. Шедидан шозза тlе-кlел дина цlенош а ду, бераш мехаш лелош а ду. Дуккха а жа а, кlезиг доцуш хьелий а ду.

Цу хьола тlерачу Шедида шена гечдича, Дикина мел хазахетар ду? Цул тlаьхьа Дика, дог пагlатдаьлла, велалур ву, цунна, сел чlогlа хазахетта, бlаьргех, воьлхуш санна, хи хьодур ду».

Адамашна юкъахь лелачу гlиллакхашца ишттa хила догlура иза, цундела автора кхидlа а кlаргйо оцу хьокъехь шен ойла: «Дикас Шедидана хlор баттахь деш долу гlуллакх пхеа туьманан хилла х ца lай. Цо кху 12 шарачохь Шедидана маьхза кхехьна шен кlеззигчу ялтех ялтий, хьуьнхара кхехьна дечиггий, шен хьелийн даьттий, кlалддий масийтта пхи туьма хилла-х ца lай. Гечдийр ду дера-кх кхунна-м, шайх Шедида кхунна хlунда ца гечдора, хlара-х цуьнан уггар гергара, уггар гlийла, миска мурд ну?».

Амма Шедида ша декхарийлахь ца лору Дикица ишттa гlиллакх лаца. Автора дийцинчу, оцу хила догlуш долчунна, иисса бlостанехьа ду произведени хиламашкахь дерг: Дикин кlант веллачу дийнахь вахийтира Шедида Бахьал цуьнгара пхи туьма схьаделлакхха. «Тахана кlант а велла дог иэшна-м вара Дика, делахь а, сан а йиш яц-кх цуьнга ахча дайийта. Мухха а, кхин хан ялале, ваха а гlой, хlинца ас бохург де-кх» — аьлла, дlахьажийра цо

Бахьал. Дикин, ша кхобуш волу шен говр-вордий а доьхкина, дІадала дийзира Шедидана пхи туьма.

Цу тайпана, текстаца болх дІабахьаро гІо дийр ду дешархошна Дикин ойла хийцаяларан хьелаш кхето, произведенин маьІнех кхиа.

«Цадешар — бода» цІе йолу дийцар шеца чолхе йолуш дац, цуьнан чулацам хала бац кхето. Дешархошка дІакхачо программо билгалдаьхна а чолхе хІумнаш дац. ХІара ду программи тІехь аьлларг: «Хизир-моллас берашна хьуьжарехь Іарбийн дешар хьехар. Хьамзатана цигахь деша налаараи бахьана. Хамзатан ден ГІебартан гІалат а, шен гІалат тодеш, Хьамзате дешар латинийн элпашца дешийта дезарх иза кхетар а»[1].

Шн сахьт делла дийцар Іамо.

Хьалхарчу урокехь дийцаран цхьа дакъа Іамор ду. Дийцар дакъошка декъна дац, ткъа Іамо атта хилийта хьалхара дакъа билгалдаккха мегар ду хІокху дешнашна тІекхаччалц: «Цул тІаьхьа дукха хан ялале малх дІабуьзиичу суьйренца хийцаелла буьйса хІоьттира, халкъана совгІатана сирла бутт а кховднйна». Цигара дуьйна дІа долу дийцаран шолгІа дакъа **шолгІачу урокехь** Іамор ду.

Дийцаран коьрта турпалхо Хьамзат ву. Дешархошна везало иза. Юьхьанца хьуьжарехь а, цІахь дас а Хьамзат чехош дешархойн дог лозу цунах, бехк боцуш иза хьийзавой хууш. Хьамзат нохчийн керла йоза а, ненан маттахь хьесап дар а Іамо лууш ву, ткъа дас цунна хьуьжаре эхар тІедуьллу.

ХІунда лаьа Хьамзатана нохчийн керла йоза Іамо?

Муха стаг вара Хьамзатан да ГІебарт?

ГІебартана хІунда лаьара Хьамзате хьуьжарехь дешийта?

Муха гайтина дийцар тІехь хьуьжарехь берашна хьехар?

Дийцаран хьалхара дакъа дешначул тІаьхьа ншгта хаттарш хІитто мегар ду классана хьалха.

«Цадешар — бода» дийцаран шолгІа дакъа доьшуш дешархошна го ГІебарт Хьамзатан лаамна тІеверзар. Муха гайтина дийцар тІехь ГІебарт Хьамзате нохчийн керла йоза Іамадайта реза хилар? боху хаттар къастош дІадахьа мегар ду дийцаран шолгІачу декъа тІехь болх бар. Дешархошна гойтур ду ГІебарт Хьамзате керла йоза а Іамадайтина, шена а и йоза Іамо кийча хилар.

Дешархошца урокехь хьахо веза дийцар тІера Ахьъяд а. Совдегар Ахьъяд «чІогІа сингаттам болуш стаг вара, хьалха санна, гулдан йиш йоцчу хьолана, пайда баккха йоцчу меттигашна». Цо хьарам, хьанал ца хоьржуш дІахьора ша юьхьарлаьцна некъ. Поза ца хууш болу нах Іеха а беш, пайдабоццачу мехах цаьргара кхаж баьлла заемаш иеш ву Ахьъяд. ГІебарт а Іехийнера цо, амма

[1] Юккъерчу школан IV—VII классашна нохчийн литературан программаш. Грозный: Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1980. А. 12.

Хьамзатана йоза хаарх беркат а даьлла, шен хенна хиира Гlебартана ша Iехор, тIаккха кхажбаьлла шен заем а юхаерзийра цо.

Дийцар Iамор чекхдолуш хоттур ду классе, «цадешар — бода» бохачух муха кхета шу? Дешархоша делла жоьпаш тIедузур ду хьехархочо.

Халкъалахь олучу «Дешар — серло, цадешар — бода» бохачу кицанан маьIна а дийр ду дешархошна.

«IИМРАН» ЦIЕ ЙОЛУ ДИЙЦАР 5-чу КЛАССЕХЬ IАМОР

Бадуев СаьIидан кхолларалхех алссам ю паччахьан заманахь вайнехан ярташкахь лаьттина социальни юкъаметтигаш гойтуш йолу произведенеш. Царна тIехь яздархочо къеггинчу исбаьхьаллица Iорайоху хьолахойн сутаралла, къизалла, басарш ца кхоош гойту къехошкахь цара латтийна гIело. Оцу халчу хьелашкахь берийн кхолламаш а гайтина С. Бадуевс шен цхьайолчу произведенешкахь. Царех ду 5-чу классехь Iамош долу «Iимран» цIе йолу дийцар а. Оцу дийцаран чулацамера гIуллакхаш, яздархочун дукхахйолчу произведенешкахь дерш а санна, чIогIа Iаьткъаш ду. Яздархочо кхоьллинчу исбаьхьаллин суьрташа дог тохадолуьйту, холчу хIиттанчу адамийн бала кхочий, ойланашка волу дийцар доьшуш верг.

«Iимран» дийцаран сюжет чолхе яц, цунах атта кхуьу дешархой. Амма дийцаран чулацамах, къаьстана цуьнан социальни маьIних дешархой кхетор болх лерина дIабахьа беза. Дийцаран турпалхойх дог а лозу, къа а хета дешархошна, Iаламат халахеташ, чIогIа Iаьткъаш тIеоьцу цара Iимранан доьзале кхаьчна бохам, цунна бехке верг молла а лору цара. Амма иштта дийцаран маьIна а дина дитина кхачаме хир дац. Молла а ма-ву цхьана социальни тобанах, цунна тIехьа лаьтташ а ма бу цхьа пицкъаш. Иза хIуттур ма-вацара шена могуьйтург ца хилча, адамаш хIаллакдан. Иштта оцу агIора ерзо еза дешархойн ойла, дийцаран социальни маьIних кхна гIодан деза царна.

Iалхан-Юьртарчу № 2 йолчу юккъерчу школан хьехархочо Дакаев Шалавди Абуезидовича 1984—1985 дешаран шарахь хIокху кенара вовшахтуьйхира «Iимран» цIе йолу дийцар шен 5-чу классерчу дешархошца Iамор.

Хьалхарчу урокан Iалашонаш: Бадуев СаьIидах долу дешархойн хаарш карладахар, уьш тIе а дузуш, кIаргдар. Нохчийн хьалхалерчу юьртан а, дахаран а сурт хIоттор. Дийцаран чулацам бовзийтар. Берийн дагчу Iимранан доьзалах доглазам биллар.

Урокехь пайдаоьцу гайтаман гIирсаш: Бадуев СаьIидан сурт. «Iимран» цIе йолчу дийцаран фотокопи (дуьххьара зорбатоьхначу книги тIера). Дешархочо Махтиевс дийцаран чулацамах диллина сурт, «Бераш гIу йистехь» аьлла цIе а тиллина.

Хьехархочо «Iимран» цIе йолу дийцар Iаморан Iалашонаш кхин цкъа а билгалйоху: Дийцаран чулацам массо а дешархошна бовзийтар. Цуьнан идейин чулацамах кхетор. Дешархошка дийцар тIехь гайтинчу хьалхалерчу дахарца шайн дахар дустийтар, хIинцалерчу вайн дахаран хама а, пусар дар церан дагчу диллар.

И коьрта Iалашонаш лаьтта хьехархочунна хьалха цо дешархошца дийцар Iамочу ерриге а хенахь.

«Iимран» дийцар Iамо доладо Бадуеви йоцца биографи а, цуьнан кхолларалли а дуьйцучу хьехархочун дашца.

Бадуев СаьIид Сулейманович вина 1903 шеран 28 августехь Соьлжа-ГIалахь (Грозный). Шайн боккхачу доьзалехь (ялх бер, СаьIид воцург) СаьIид кхоалгIа бер хилла. Шайн чуьрчара цунах Кукушка олуш хилла (хьастаран цIе). Доьзалехь ша-тайпана меттиг дIалаьцна хилла СаьIида. Иза шайн чохьболчара массо хенахь а жимахверг лоруш хилла, шел жима кхин вин доьзалхо а воллушехьа. Ткъа хIума хатта а, аьлларг дарна тIедаьлча а, иза воккха лоруш хилла хIусамехь.

С. Бадуеви йиша Дашу хIинца а дийна ю (цуьнан сурт гойту). Соьлжехь ехаш ю иза. Да таро йолуш стаг хилла. ХIетте а СаьIида шен хьекъал а, ницкъ а, корматалла а дIаелла къечу халкъана. Цо айбана шен кхолларалехь вайнехан дахарехь хIинца а уггаре лазам болу чов — шира Iадаташ. Цо шен ницкъ мел бу гайтина шира Iадаташ бахьана долуш хуьлу зен, зулам, дегаIийжам. Хийла стеган доьхна дог, хIаллакьхилла дахар, хеназа кхаьчна Iожалла — ширачу Iадатца ду доьзна. Iадат — халкъо шена хIоттийна, кхоьллина Iедал, дайн Iедал. Иштта билгалдан мегар дара Iадат боху дош. Амма дерриге Iадаташ (дайн Iедал) дац емалда дезаш. Дукхахдерш диканаш ду. Масала, оьзда, хаза Iадат ду нохчаша тIеоьцу хьаша. Цунна аьлла дIабиллина шатайпана дика кхача, охьавижа хIусам, мотт.

Бадуев СаьIида Iорадаьхнарш, ширделла, зуламе, адамашна зене девлла Iадаташ ду. Оцу къийсамехь Бадуевс ницкъ ца кхойна. Цо ца дитина шен говзачу дешан цхьамзана тIе ца уллуш цхьа а ширделла, зуламе даьлла Iадат. Масала, «ГIу», «Пхи туьма», «Чарх», «Iадат», повесташ: «Бешто», «ЦIеран арц». Аш 4-чу классехь Iамийна «Пхи туьма» боху дийцар. Карлабоккхур бу вай цуьнан чулацам.

— Мила ву коьрта турпалхо «Пхи туьма» бохачу дийцар тIехь?

— «Пхи туьма» бохачу дийцаран коьрта турпалхо Дика ву, шайх Шадид а ву.

— ХIун хьал хIутту Дикина?

— Цо Шедида шега хIума эца делла пхи туьма дойу.

— ХIун юкъаметтиг ю Дикина а, шайх Шедидана а юккъехь?

— Шедид хIума хууш стаг хиларх теша Дика, иза делан стаг а хета цунна. Шедидан Мурд ву Дика.

— Муха хаьа Дикина Шедид шайх воцийла а, тІе и делан дуьхьа цхьа а кор боккхуш воцийла а?

— Шедид шайх хиллехьара, цунна Дикин пхи туьма дайний хуур дара. Шедид делан дуьхьа лелаш хилча, цуьнан Дикина гечдан таро а яра.

— Муха гайтина Бадуев СаьІида Шедидан сурт-амал?

— Къизалла, кънихетамазалла, хІилла, ямартло. Дуненан дахаран аьттонна лелош бозбуунчалла. Шедид дуьненан бахамна дуьхьа муьлхха а дела вохка кийча хилар.

Иштта хІоттадо яздархочо Шедидан сурт.

И къамел чекхдаьлча, хьехархочо олу: «Шен «Іимран» бохачу дийцарехь изза тема кхидІа а кІаргъеш хІоттайо яздархочо».

Дийцаран текст еша йолаяле дешнаш тІехь болх бар дІахьо. Уьн тІе схьаяздо хІара дешнаш:

I — дакъа

ЦІоьлла — цІен бос, *нилха* — ген-гена, *некъан лар* — ширбелла некъ, я хІинца баьккхина, шарбалаза болу некъ, *хьуьжар* — Іарбин йоза а, динан гІуллакхаш а Іамош хилла школа; *муталеламе* — хьуьжаран дешархо, *цІуьхІар* — хьуьжарехь лахара дешар доьшуш волу жима муталелам, лаккарчу дешарехь болчу муталеламашна хьалхара гІуллакх деш хилла цара; *доьзалан го* — берриг доьзал, *гІеметта хІоьттина* — кхиъна ваьлла стаг, *хорша* — шеллуш цамгар, *гІовтал* — плащан кепехь йолу тІеюху хІума, *дегайовхо* — тешна хилар, сатуьйсуш хилар; *заьІапа* — цомгаш, меже лазийна, я меже йоцуш хилар; *верта* — батийнчу тІергІах дина шатайпана духар.

II — дакъа

Нажжаз — сардам, *гІор* — пицкъ, *текх* — дечиган доккха хелар, *къу* — хІума лачкъош волу стаг.

III — дакъа

Нара — аннех, дечигах бина маьнга.

Хьехархочо текст йоьшу шерра, тийса а ца луш. Наггахь, оьшучу меттехь, комментарий а еш. Иштта меттигаш текстехь кхоъ ю (уьш хила тарло алсам а, я кІезиг а, классан хааршка, дешархойн таронашка, хьехархочуьнан Іалашонашка а, цуьнан говзалле а хьаьжжина): 1. Хьуьжарехь дешаран хьесап. Массо дешархо цхьана чохь доьшуш бу (муьлхха а класс елахь а). 2. Хьуьжарехь Іаш болу муталеламаш кхобу юьртарчу нахера доьхучу сагІех. И сагІа

доьху шаьш мутаIеламаша — цIуьхIаргашв. З. Юург-мерг циггахь, хьуьжарехь лелайо.

Дешархошна цIахь бан болх: «Iимран дийцаран текст еша, хIор коьртана цIе тилла.

Шолгlачу урокан Iалашонаш: дешархоша чулацам схьабийцар (3 дакъа). Халкъ къоьллехь даллар гайтар. Iимранан васт. Урок дIаяхьар.

Дешархоша I, II, III дакъош схьадийцар.

Хьалхарчу декъана хаттарш а, жоьпаш а:

— ХIунда дахьа Iимрана кисанахь ахьар?

— Iимрана лечкъош хьуьжарера ахьар кхоьхьу, болх бан стаг цахиларна, шайн цIахь кхин яа хIума йоцу дела.

— И цIакхача сихвалар хIун ду?

— Iимран цIакхача сиха ву, цуьнан чохь цомгаш нана, жима ваша ву. И шиш а меца а, шийла а ду.

— Лаьий Iимранна берашца ловза?

— Iимранна чIогIа берашца ловза лаьа, «салазаш хоьхкучу берашна цкъа вела а лой тIеволалуш, тIаккха а, цхьаммо дIаозийча санна, некъан лар тIе а волий, волалуш».

Шолгlачу декъана хаттарш а, жоьпаш а:

— Муха ю Зайнагlера хIусам?

— ЧIогIа къен ю церан хIусам. «Зайнагlера бlаьрг боцуш долчу корах йоьллина хIума ца юьтуш, мох жимчу цIа чу гIерта а болабелира».

— Схьалахал дийцар тIехь, муха боху моллас, ша Iимрангlера чукхаьчча?

— Неларехь а сецна, моллас элира: «Хьайн нажжаз-нажжаз.. ХIара хилла-кх ахь хIиццалца лелориг. ХIара хилла-кх хьан дешар а, хьо дешна валар а. Хьо а, хьайн цIа а санна боьханиг бен кхин хIун дера дара хьоьгара?.. Хьан дас-нанас Iамийнарг ду кх ахь лелориг! Ва жулик!.. эхь дацар хьан басна а, кху тайпана ца лелча.

— ХIун до моллас шена Iимранан киснара охьадухку ахьар гичи?

— «Ахьар дIа а кхоьссина, деса текх а дохьуш, вон бlаьргаш а къерзош, чувогIу молла», Iимранна тIе а вахна, цкъа лерга юххе чIогIа тIара а туху.

— Вуй ткъа Iимран къу?

— Вац.

— Стен гойту Iимран къу цахилар?

Цунна ша дийриг вон дуйла а хаьа, эхь а хета, цо нене боху: «Ас лачкъийна кхоьхьийла хиъча, ахь дуур дону дела олур ас-м и цара ло».

Кхоалгlачу декъана хаттарш а, жоьпаш а:

— Муха ду моллин дахар?

— Йовха хIусам а, дууш хинга1ш а ду моллIи олий, дIайоьшу дийцар тIера моллин хIусам а, Iер-дахар а гайтина йолу меттиг.

— ХIун дан дагадогIу моллина?

— Цо Iимранг1еран ц1енна гIортийна гIортор дIа а йоккхий, ц1а-тIекхоьтуьйту. Шелонна а, мацалла а Зайна а, цуьнан жимаха волу к1ант Хьасан а ле.

— Муха сурт го Iимранна ц1а веача?

Дешархоша дIайоьшу дийцаран тIера хаттарна жоп луш йолу меттиг.

Ц1ахь бан болх: «Iимран» бохачу дийцар тIера Iаламан сурт хIоттош долу дакъа дагахь Iамор «Дуьненан исбаьхьаллин» бохачу дешнаш тIера «Декачу олхазарийн гIовгIанаш яцара хезаш» бохачу дешнаш тIе кхаччалц. Хрестоматин тIерачу хаттаршна жоьпаш кечдар. Дийцаран чулацамах шайна хIуттучу хьесапехь хуучуьнга сурт диллийтар.

Кхоалг1ачу урокан Iалашо: дешархой дийцаран идейни чулацамах кхетор, паччахьан хала зама а йовзуьйтуш, хьоладайи, моллашийн ямартло а гойтуш, дешархошка хIинцалера шайн дахар хьалхалерчу хенахь Iимранан хиллачуьнца а дустуьйтуш, Iимранан, Зайнин, молланан васташ а гулдеш.

Урок дIаяхьар.

Дешархоша «Iимран» дийцаран тIера Iаламан сурт хIоттош долу дакъа схьадийцар. 7—8 дешархочуьнга схьадуьйцуьйту иза, царна хьехархочо хрестомати тIехь далийчех цхьацца хаттар а ло хIоранна а.

Цул тIаьхьа хьехархочо, дешархой гIоьне а озош, жамIаш до. Къечу пахана пицкъбарх паччахьан Iедало хIумма а гIо доккхуш ца хилла цаьргахьа, паччахьан ялхойн царех хIумма а дегалазам бац. Паччахьан хьаькамаш хьоладайшкахьа, молланашкахьа бу. Церан бакъ а, харц а данманна а къобалдо хьаькамаша, хIунда аьлча цара (хьоладайша) кхаъкхало ло шайн гIуллакх чекхдоккхуш.

Iимранан дахарх тера дац таханлера вай-шуьца долу дахар. Iимранан йовха, аьхна тоьхе хIусам яц. Вайн заманахь адамийн Iер-дахар дика ду, хIусам йоцуш цхьа а вац. Iимран сагIа дехар бен, доьшуш а, Iамо йиш йолуш а вац. Вайн заманахь массо а доьшуш, мел дукха а дешан таро йолуш а ву. Берийн садаIа а, ловза а, шайн самукъадаккха а шортта меттигаш а, таронаш а ю.

Iимранан вастан гулам бар.

«Берашна, цкъа вела а лой, тIеволалуш, тIаккха а, цхьаммо дIаозийча санна, некъан лар тIе а волий, волалуш», «дас хьастарна тIехь тиллина шен цIе Iимран а йолуш», «Iимран шен да санна, шайн цIийнан да хир ву», «бахамна хIоз хир бу», «Iимранан 14 шо доладелла», «цуьнан можачу басахь йолчу горгачу юьхьа тIера жима ши бIаьрг ал къегара», и. кх. дI.

Зайнин вастан гулам бар.

«...Iимранан нана Зайна... селхана дуьйна хIума яаза мацалла ялла шен жима Хьасан мара а воьллина, тIера хорша айъаелла, жимма гIолий а хилла», «тIаккха цIеххьана хоршо а лаьцна». «Цуьнан дуткъделлачу лога тIе хьаьжча, цунах дозуш дегI ду ала хала дара», «Хьасан... чIогIа вилхина, Зайнин бIаьргех цIехьана хи хьаьдира, цуьнан заьIапан дегI эгон доладелира», «хоршина шен гIорош доллучу дегIана хIун дийр ду ца хууш».

Моллин вастан гулам бар.

«ХIара молла чехка кхечира кху гIийлачу цIийнан неIар тIе» — «ХIай нажжаз, нажжаз... хIара хилла-кх ахь хинццалца лелориг». «Хьайна дас-нанас Iамийнарг ду-кх ахь лелориг: ва жуликI..» ...«НеIаре хьаьжча (Зайнина) ахьар дIа а кхоьссана, деса текх а дохьуш, вон бIаьргаш а къерзош, чувогIу молла а гира». «Кхин соьга схьа ма лелахь, ва къу!.. тIаккха а, хьо велла дIаваллалц кхин хьуьжаре а ма воьллахь». «Кху буьрса хьоькхучу мохо нехан кертах а, цIенойх а бертал а ветташ, молла халла веана ЗайнагIеран цIийна юххе кхечира, «ТIаккха хIара чехка цу цIийнах гIортийна йоллучу дечигах тасавелира». «ТIаккха цIеххьана шен гIорадоггаха тасавелла, и схьа а яьккхина, цIийнан юххе охьа а тесна, цу хьоькхучу луьрачу мохехула шен цIа а вахана, пагIатвелира».

Меттан эпитеташ:

Эпитет олу цхьа билгала болу аматаш гойтуш, хаза, нийса исбаьхьаллин маьIна гойтучу дешнех. Масала: берзан йорт, Iаьржа хьаргIа, йоьIан бIаьрг, сийлахь малх, хазчу эшарца декачу олхазарийн гIовгIанаш, можа малх, кийра шийла ша биллира.

Ц1ахь дешархоша кечам бийр бу «Iимран» дийцаран идейни маьIних лаьцна схьадийца.

«IАДАТ» ЦIЕ ЙОЛУ ДИЙЦАР 6-чу КЛАССЕХЬ IАМОР

6-чу классера дешархошна дика евзар ю яздархочун Бадуев СаьIидан цIе. Цара гIеххьа произведенеш ешпа цуьнан. Хьалхарчу классашкахь Iамнийна «Пхи туьма», «Цадешар — бода», «Iимран». Ткъа хIинца дешархошна довзийта деза «Iадат» цIе йолу дийцар.

Бадуев СаьIидан кхолларалле хь дуккха а произведенеш ю халкъан оьзда гIиллакхаш, беркате ламасташ чагIдаран Iалашонца, ширчух бухадисинчу зуламе Iадаташца кънйсам латтош язйина. 1930 шарахь зорбанера араевлла шина книгех лаьтташ йолу «Iадаташ» аьлла цхьаьнатоьхна произведенеш. Хьалхарчу книги юкъахь ду «Iадат», «Олдам», «Баудди», «Зайнап», «ГIу» цIераш йолу дийцарш, шолгIачу книги тIехь зорбатоьхна «Бешто» бохачу повестана а, «Бекхам» цIе йолчу дийцарна а. Царех хIора произведени а ширчух бухадисинчу Iадатех долу зулам а гойтуш, царна дуьхьал къйсам латтош яра. Иштта, «Олдам» цIе йолчу дийцар тIехь гайтина,

да волчохь шен бер караэцар бехке лоруш хиларна Олдама шегара кІант, шен да Элашби цІеххьана чоьхьаваьлча, воха а воьхна, ша хІун до а ца хууш, цІийдина хи а чохь цІенкъахь лаьттачу яй чу кхоссар. «ГІу» бохачу дийцар тІехь Хелинат марда волчохь шен беран терго яр доьхкучу Іадатах ца хІоьттира шена а гуш гІуна чу южуш йолу шен жима йоІ Маржан кІелхьараяккха. ЧІирхоша йиччу чевнех леш ву «Зайнап» цІе йолчу дийцаран турпалхо Аьстамар. Валарчу вирзиччу Аьстамарна тІехь лаьтташ бу цуьнан вежарий, гергарнаш, лулахой. Амма царна юкъахь яц кхо бутт хьалха Аьстамара дукха езаш ялийна цуьнан зуда Зайнап. Иза уьйтІарчу ото чохь яра: Іадато бакъо ца ло Зайнапана шен сил дукха везачу майрачунна, иза леш воллуш а, нах болчохь юххе яха. Ойла йойтуш ду Бадуевс кхоьллина исбаьхьаллин суьрташ. Масала, «Зайнап» дийцар тІехь, цкъа делахь, могашаллех а, ницкъахь а вуьззина хилла къона стаг дуьххьал дІа Іадат бахьанехь леш ву, кхин цхьа тайпа шен бехк а боцуш. ШолгІа делахь, уггар шена дукха везарг лечу сохьтехь а цунна юххе а яхана нах болчохь цуьнга хьажа бакъо ца ло Іадато керла ялийначу къоначу зудчунна. Вайн ойлано тІе ца дуьту и гІуллакхаш, уьш чІагІдечу Іадатана дуьхьал долу дог.

Хьалхалерчу заманчохь паччахьан Іедало а, хьолахоша а халкъа юкъахь даржош хилла зуламе Іадаташ. Цара уьш къобалдина, къехой бодане а бахкош, бацо шайна аьтто хуьлуьйтуш долу дела. Бадуев СаьІида шен произведенешкахь къеггина гойту ширачу Іадатийн классови чулацам, Іорабоху и Іадаташ лелош болу нах. Ишгта, «Бешто» повесть тІехь Іадато гІо до Хизарна, шен ши йоІ хьалдолчу нахе маре а елла, шена шортта бахам гулбан. Ткъа оцу Іадато хІаллакво къехо Бешто а, цуьнан нана РакаІат а. Шен социальни тобанах дІа а къаьстина, къехошкахьа яла гІортарна хІаллакхуьлу Хизаран йоІ Бусана а. Ира чулацам болчу шен произведенешца Бадуев СаьІида гойту ширачу Іадатех адамашна долу зуламаш, царна дуьхьал къийсам латтабо цо. Шен ерриге исбаьхьаллин корматалла оцу гІуллакхашца къийсам латторе хьажийна яздархочо.

Бадуев СаьІидан произведенеш кІорггера исбаьхьаллин чулацам болуш ю. Говза сурт хІоттош гойту яздархочо къоман дахар, исбаьхьаллих дуьззинчу васташкахь гучуйовлу къоман амалш. Цуьнан произведенийн дІахІоттам а, берриге а суртхІотторан гІирсаш а, автора къастош долу гІуллакхаш а, цуьнан хьежамаш а книга йоьшуш волчо кІорггера тІеоьцучу кепара писбина. Адамийн ойла ширачу, зуламечу Іадаташна дуьхьал яккхар яра яздархочун Іалашо. Оцу Іалашонца яздина ду Бадуев СаьІидан «Іадат» цІе йолу дийцар а. Шен кІорггерачу идейин чулацамца а, исбаьхьаллин форма говза хиларца а яздархочун тоьллачу произведенех ду и дийцар. Дийцар тІехь шира Іадаташ Іорадахарца цхьаьна гайтина начча-

хьан Iедалхойн къехошца хилла юкъаметтигаш. Цу тайпана, нохчийн Iеран-дахарера гIуллакхаш къастийна ца Iаш, классови, социальни маьIна долуш ю «Iадат» боху произведени.

Программаша шин сахьт делла «Iадат» дийцар 6-чу классехь Iамо. Ишта дIанисдо иза урокашка.

Хьалхара урок. Бадуев СаьIндан кхолларалли лаьцна хьалхара дош. Цуьнан «Iадаташ» аьлла цхьаьнатоьхначу произведенех юкъара кхетам балар. «Iадат» цIе йолу дийцар дешар.

Шолгlа урок. «Iадат» бохачу дийцаран идейно-исбаьхьаллин чулацам къастор.

Кхоалгlа урок. (Къамел кхиорна билгалдаьхначу сохьтех.) «Iадат» цIе йолчу дийцаран материал тIехь Iаморан сочинени язъяр.

Хьалхарчу урокехь С. Бадуевн дахарх а кхолларалли а дуьйцуш хьехархочо коьрта тидам тIебохуьйтур бу яздархочун Iадаташна дуьхьал хьажийна йолчу исбаьхьаллин произведенешна. Алсамо соцур ву иза «Iадаташ» бохачу книги юкъаяханчу произведенийн чулацам тIехь, церан идейни маьIна билгал а доккхуш, исбаьхьаллин башхаллех кхетам а луш.

«Iадат» боху дийцар хьехархочо урокехь ша доьшур ду. Цу тIехь дешархой маьIнех ца кхеташ болу дешнаш ду. Масала: *чIаж, аьрцнаш, денцик, говран гаъ, кунак,* кхидерш а (хрестомати тIехь шайн маьIна а деш билгалдаьхна а ду царех дукхахдерш). Дийцар деша доладале хьалха ша дечу къамелехь и дешнаш а далош, церан маьIна дича дика хир ду хьехархочо. Дийцар доьшучу хенахь юкъахвийларо цуьнан исбаьхьаллин чулацам дешархошка дIакхачорна новкъарло ян тарло.

Дийцар дешначул тIаьхьа, урок чекхйолуш хьехархочо тIедуьллур ду дешархошна цIахь оцу дийцаран план хIоттор. И санна болу болх кхул хьалха а бина цара (масала, «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» Iамош). Хрестомати тIехь далийнчу хаттарша а гIо дийр ду дешархошна оцу балха тIехь. И дерриге а тидаме а эцна олу хьехархочо: «Хрестомати тIерачу хаттарех пайда а оьцуш, «Iадат» бохачу дийцаран план хIоттае цIахь, иза тетрадаш тIе дIа а язъе».

Шолгlа урок дIайолор ю дешархоша цIахь бина болх таллар-ца. Дешархоша хIиттийна йолу планаш цаьрга йоьшуьйтуш, хьехархочунна хьалха а хилча дика хир ду оцу дийцар тIера хиламаш гойтуш йолу план. ХIокху кепара хир ю иза:

1. Арсанакьий, Бикатуй кадаме даха говра-ворданахь новкъадалар.

2. Исбаьхьчу Iаламан суьрташ. Дийцаран турпалхоша еш йолу ойланаш.

3. Ойлайнца, тахханехь кадаме вахар а сацийна, — шен Iаьржачу динахь новкъаваьлла Iусама царна тIаьхьа кхиар.

4. Арсанакъагlарна шайна дуьхьал йоккхачу гlовгlанца йогlачу гlудалкхан тата а, дуьйлачу гергийн гlовгlа а хазар.

5. Хаьххина йогlачу тачанки тlерачу бехначу эпсарех цхьаммо Арсанакъагlеран говран когаш юккъе тапча тохар.

6. Кхеран говр къаьхкина Iинчу яххаза а юьсуш, Арсанакъий, Бикатуй вордан тlера дlакхоссар.

7. Арсанакъагlарна тlекхаьчча Iусама, шен да кхераме воцийла а хиъна, Iинах чукхозаелла йоллачу Бикатуна гlо дан гlортар.

8. Шен дена гина ша, аьлла, хетаделлачу Iусамас Iинчуьра хьалаяькхина воллуш воллу Бикату юха дlахецар.

9. Арсанакъас, мохь а тоьхна, Бикатуна гlо дан Iусама юхаверзор. Iусама юхатlекхиана валале Бикату Iинахъяхар.

10. Iусамас шира Iадат бахьанехь Бикату хIаллакхилийтар.

11. Автора оцу хиламийн хьокъехь дешархочуьнга бохушдерг.

План хIоттош, дешархоша леррина тидам бина дийцар тlера хиламаш кхиаран. ХIиттийнчу планаша гlо дийр ду царна текст тlехь кхидIа а болх беш. ХIинца хьехархочо дийцаран маьIна къегина билгал а доккхуш, цуьнан исбаьхьаллин чулацам къастор бу дешархошца. Муха дIадолалуш ду дийцар? ХIун исбаьхьаллин суьрташ кхоьллина яздархочо дийцаран юьххьехь? Турпалхой муха бовзуьйту вайна автора? Иштта хаттарш хIиттор ду классана халха дийцаран чулацам къасторан болх дIаболабеш. Дешархоша хьалхарчу урокехь дийцаре ла а доьгIна, цIахь шаьш а дешна, цуьнан план а хIоттийна. Цу тайпана, «Iадат» тlера хиламаш дешархошна бевзина. Цундела хьалха хIиттош долчу хаттаршна цаьрга шайга жоьпаш лахийта деза, дешархойн жоьпаш кхочуш ца хиллачохь хьехархочо тIе а дузуш, эшахь, нис а деш хIума дийр ду.

Яздархочун тоьллачу произведенех ду «Iадат» боху дийцар. Оцу дийцаран текстан юххера тидам а беш хьовсур вай цуьнан цхьайолчу башхаллашка.

Дийцаран юьххьехь дуьйна, цуьнан хьалхарчу предложеница, дIабуьйлалуш бу произведении коьрта маьIна шайца билгалдолуш болу хиламаш: «Iуьйранна, цхьа а адам меттахьхьале, Шуьйта боьдучу новкъа Органан чIож чу говр-ворда юьйлира». Арсанакъий, Бикатуй кадаме доьдуш дара. Царна дагахь а дацара шайна новкъахь инзаре бохам хир бу, аьлла. Ламанан новкъа пагlат йоьдучу ворданахь Iаш кху шимма еш йолу ойланаш а кхечух лаьцна яра. Дукха хазчу Iаламан сурт хIоттадо яздархочо дийцар дIадолалуш. Массо а басаршца лепаш, зевнечу аьзнашца декаш ду автора гайтина Iалам. Хьовсур вай цуьнга леррина тидам а беш, сема ла а дугIуш: «Бай-й хьоькхуш Iуьйренан мох а бара, некъана дехьий, сехьий лаьттачу лекхачу аьрцнаш тlерачу юькъачу хьаннийн гlеххьа гIаш а лестош. Цу аьрцнашна тIе йийшина Iохкуш сирла-сийна стигланаш а гора, церан малхбалехьара цхьайолу

агlо, хьалхагlерташ малх хиларна, шапталан басахь а яра. Хьаннашна юкъахь тайп-тайпанчу эшаршца декачу олхазарийн гlовгlанаш яра хезаш. Наггахь тlехула девдда доьлхуш куьйранаш а гора. Арсанакъагlар боьлхучу кху готтачу некъаца долчу Iинна хьуьлла генна бухахь буткъа лаьхьа хилла сетташ, чlугъетташ хьерадаьлча санна цу Iинан кийра дуткъачу цlогlанах а буьзна, шина а агlорчу мокхан, сийнан, кlайн, Iаьржан тlулгийн бердаша шайн шийлачу мара а къуьйлуш, догlучу цу Органан наггахь цхьанхьа бердах кхетий, шийла мохь болу, и мохь, кху готтачу, кlоргачу Iин чохь саца ца туьгуш, орца доьхуш санна, хьуьлла генна ирхдахна лекха лаьттачу аьрцнашна тlерачу хьаннашна юкъа хьоду, кху готтачу некъаца дlасалелачу нахана шен цхьа гlайгlабала балхош санна цlийза а цlийзаш».

Исбаьхьа ду Iалам, аьхиалла ю цуьпца. Шен эшарехь, шен рожехь ду Iаламехь дерриге а. Адамийн дахарехь а хила догlура ишшта, бохуш санна хета автора. Вуьшта, кхин цхьа хlума а ду оцу исбаьхьаллин суьртехь хаалуш. Юьхьанца дукха хаза схьагушйолу Iаламан аьхиалла йохош санна хетало «тlулгийн бердаша шайн шийлачу мара» къуьйлуш долчу Органан шийла мохь буьйлуш, «нахана шен цхьа гlайгlа-бала балхош санна» нза «цlийзаш» гайтаро. Яздархочун исбаьхьаллин деталь ю иза. Дийцар тlехь хийолчу трагедина дешархо мелла а кечвар Iалашо а йолуш.

Арсакъий, Бикатуй, шаьшшинна ойланаш а еш, схьаоьхура бехачу новкъа гlийлачу боларахь йогlучу говр-ворданахь. Арсакъас «шаьш хlинца велла аьлла хезна, када доьлхучу жимчохь шеца кхиничу шен доттагlчун ойла йора». Бикатун ойланаш гуттара а шен майрачух, цlахь висничу Iусамех лаьцна яра. Кхо бут хьалха ша маре еана Iусама вара Бикатуна дагахь воллург, цунна чу садиллина яра иза. Iусама ойланашка вахана, гlийла хилча, цунна сагатдора Бикатус, хlун сингаттам бу техьа цунна берг, стен йоу техьа цуьпан ойла, бохуш. Хlуъа тlехlоьттина а, Iусамин гlайгlа-бала цуьпца бекъа кийча яра Бикату. Iусама а вара Бикатуца ишшта дика а, иза чlогlа езаш а. Ша иза ялаяле цо олура: «Бикату! Хьо соьга еача, хlокху доккхачу дуьненахь цхьа а гlайгlа хир яцара суна...» Амма тахана гlайгlане вара Iусама, цунна шена а ца хаьара, «шена хlун сингаттам бу, сел чlогlа шен са хlунда хьийза». Шина-кхаа дийнахь кадаме вахар сацийна волу Iусама, дукха сабlарздаларна цlахь кхин Iа а ца велла, тахханехь кадаме ваха новкъа велира. Арсакъагlарна тlаьххьо. Дукха хан ялале царна дикка тlаьхьа а кхиира иза. Цунах бlаьргкхетча, Бикату кхин а чlогlа сингаттаме хилира, цlахь сецца волу Iусама хlинца араваларан хlун бахьана ду техьа, аьлла. Iусамех тасалуш дерриге а, мел иза жима делахь а, доккха делахь а, дагах хьаккхалора Бикатуна, «хlинца иза аравалрх чlогlа сингаттам баьллачу Бикатус, вордана хьалха Iачу Арсакъина ца хозуьйтуш, шен некха

тІе шен жима куьг а дуьллий, паггахь доккха садоккхура». Автора алссам гайтина Бикатун, Іусамин ойланаш, цаьрца билгалбаькхина цу шинна вовшашка болу бовха безам. Церан безам чІогІа хилар гайтар автора идейин Іалашо кІаргъеш ду, иза гучудолу вайна дийцар тІехь кхидІа болчу хиламашкахь.

Бадуевс шен дийцар тІехь дуьххьар дІа шира Іадат Іорадаькхина ца Іаш, паччахьан Іедалхойн къехошца хилла юкъаметтиг, маьршачу адамашна царех зулам далар гайтина. Дийцаран и маьІна билгалдоккхуш хьехархочо хоттур ду: «ХІун бахьана дара Арснакъагіарна новкъахь бохам баларан?» Оцу хаттарна жоп лохуш дешархошца толлур ю бехна эпсарш АрснакъагІарна дуьхьал кхетаран эпизод.

Вочу гІовгІанца дуьхьал догІу дур а, даьллачу герзан тата а хезна, Арснакъас нацкъар а яьккхина шайн ворда сацийра, дуьхьал йогІург дІаяхийта. Бехначу эпсарийн тачанка хиллера йоккхачу гІовгІанца хаьххина йогІург. Шайн кІиранденна сакъера арабевлла Чахкара боьлхуш бара уьш. Паччахьан эпсарш гайтаран шен башхаллаш ю дийцар тІехь. Яздархочун цаьрга шовкъ цахилар уьш цо хьахошшехь дуьйна а билгалдолу вайна. Цара, нах цец а бохуш, чехка хаьххина тачанка, бахьана доцуш герзаш кхуьйсу, там боцуш бехна бу. Церан сибат-амат а, куц-кеп а уьш мелла а лахбечу кепехь гайтина автора: ирча хаьххина йогІучу тачанкн тІерачу шина эпсарх жимахверг «хьаьрса кІужал а оллийна, куйна лаба агІор а яхна сихйинна йир бохуш, вара, ткъа важа а, шен даккхий мекхаш а дина, «кехатан пондар санна лахара хебначу шен лепачу эткийн буьхьнгаш а детташ», багахь йиш а лоькхуш Іара. Амма оцу эпсарех схьакъаставо Бадуевс тачанкн хьалха Іаш волу денщик. Цунах автораи доглозу. Иза хаало хІокху дешнашкахь а: «Денщико шен лаамца ца лоьхкура говраш, иза тІехьа Іачу эпсарша, «лалла!» бохуш, садаІа ца вуьтура». «ЦІунна говраша чІогІа ницкъ бора, — цуьнан сийна бІаьргаш схьалелха санна, тІедаьхкинера, шаьш доьлху некъ тергалбеш». Эпсара олура кест-кестта, шен карарчу ворхІазза йолучу тапчин юьхьиг денщикан, хьацар дийларна айра боьллачу букъах а Іуттий, шен корта цхьана агІор а кхуссий, — «Митрофан!.. дІалалла!.. хьоьга бохий дІалалла?..» Автора иштта гайтарца вайна билгалдоккху денщик Митрофан шена юххехь Іачу эпсаршачулла АрснакъагІарна герга хилар. Вай тешна ду Митрофан шен дог-ойланца АрснакъагІаьргахьа хилар. Уьш цхьана социальни тобанах бу. Шина эпсаро а, схьахетарехь, иштта лору иза. Денщикана ворхІазза йолу тапча ша букъах Іуьттучу хенахь иза яьлча а бен хетар дацара паччахьан эпсарна, ша АрснакъагІар бердах кхийсича а бен ма ца хеттара.

Стаг веллачу, пахе деанчу вонан дакъалаца боьлхуш болчу АрснакъагІарна шайн амалшца дуьхьал лаьтташ бу бехна маьттаза бевлла, адамашна зулам дарца шайн самукъадоккхуш болу

паччахьан эпсарш. Иза говза гайтина дийцар тIехь. «Тачанкина тIерачу жимчу эпсаро, шен АрсакъагIарах бIаьрг кхетча, разваьлла цкъа дика кхаьрга а хьаьжна, шен йиг чIагIйира. ТIаккха шаьш АрсакъагIарна уллохьа кхача доьлча — Кунак! Ва кунак! Цу наха сакъоьручу заманчохь герз кхуссу, тхо а ду сакъоьруш, оха а кхуссу герз, — аьлла, АрсакъагIеран говран беа кога юккъе тапча а тоьхна, чIогIа вела а велла, аркъал вахара». Кхузахь юьхьанца воккхачу стаге хаза вистхуьлчуха хуьлу эпсар, амма тIаьхьа ша бохург цавашарца дуйла хоуьйтуш, цуьнан говран когаш юккъе тапча туху цо. Эпсарна гора шайна пацкъар а яьккхина Iинан йистехь лаьтташ йолу ворда, ша тапча кхоьссича, цу тIехь Iачу адамашцанна иза Iинах яхарна кхерам буйла а ца хаа йиш яцара цунна. Амма эпсарийн бала бац оцу адамашца, уьш юха а ца хьаьвсира, шаьш говр а къахкийна Бикатуй, АрсакъагIин Iинах кхоьссича.

Дийцар кхидIа толлуш хьехархочо гойтур ду дешархошна, Iадат бахьана долуш, Iусамас Бикатуна сихха гIо а ца дина, иза хIаллакхилийтар.

Iусамина ша тIекхинча гира АрсакъагIа кхерам болуш цахилар а, «лаьттах когаш а гIертош, схьалаца кара хIума ца йогIуш басах тийсалуш йоллу Бикату» а. Шен Iусамех бIаьрг кхетча, цо меллаша элира: «ХIей! Чуюжу хьуна, валахьа чехка со дIалаций!» Iусамас тIе а вахана, Бикату шиг куьг а лаьцна, хьала озийра, амма ларамаза схьахьажавеллачу АрсакъагIин шех бIаьрг кхеташ гира цунна. ТIаккха воьхначу Iусамас «ша хьала яьккхина воллуш йолу Бикату дIахийцира. «Вай, дели!», — аьлла, луьрчу маьхьарца Бикату Iинах чу керчира». ТIаккха боху яздархочо:«АрсакъагIна ша, шен зуда хьала йоккхуш гарна, Iусама эхьан берд шена тIехаьрцича санна, хебаш, теIаш новкъа охьахьаьдира». Автор Iусамина реза цахилар хаало оцу дешнашца. КхидIа Iусама бехкевар тIаьхь-тIаьхьа алсамдоккху Бадуевс. Iусамас дIахецна Бикату «кIоргачу Iинах буьрка санна» чу керчира, амма цуьнан цIехьана аьтто белира цхьана жимчу куллах а тасаелла саца. «Бикатус и кол, кIохцалш ира хиларе ца хьоьжуш, чIогIа лаьцнера, цуьнан куьйгаш мелчу цIех дуьзнера, цо — ва!.. ва!.. со хIаллакхуьлу шуна! — бохуш, шийла мохь хьоькхура, цуьнан цкъа цIен лаьттанчу беснешна тIехула горга даккхийра хин тIаламаш керчира». Иштта холчу хIоьттина йоллу Бикату а гайтина, тIаккха боху автора: «...чехкачу боларца охьавоьдучу Iусамина «шина шарахь тIе а хьийзина къаьхьачу девнаца ялийна дела, шен зуда кIелхьара йоккхуш воллура иза, шен да а волчохь, хьай эхь!.. хьай эхь!..» бохуш шена маьI-маьIнера тIе пIелгаш хьежош санна хетара.

Iаьржа хьаннаш кIайн хеталуш, кIайн стигланаш Iаьржа хеталуш, корта хьаьвзина воьду Iусама...»

Арснакъас мохь тоьхна, Бикатуна гІо дайта юхаверзийра Іусама, амма иза тІе а кхиана, хьалаяккха кхиале Бикату Іинах чу а яхана, хІаллакхилира. Бадуевс дагана Іаьткъачу кепара ирча сурт хІоттадо Бикату холчухІоттаран а, иза тІаьххьара а Іин чу а йоьжна хІаллакхиларан а. Авторан идейин Іалашо кхочушъеш ду иза. Шена Іаламат дукхаезаш йолу Бикату оццул чІогІа холчу хІоьттича а, цунна гІо дан ца хІутту Іусама шира Іадат бахьанехь.

Дийцар техь гайтина Іусама воьхна хилар а, цуьнан Іаламат чІогІа холчухІоттар а. Амма оцо а Іусамина тІехь Іадатан ницкъ алсам хилар гойту. Оццул чІога Іадато ша холчу хІоттийча а, цунна дуьхьал вала ца хІутту иза.

Шира Іадаташ ду адмашна тІехь боккха ницкъ болуш, царах низаре зуламаш довлу, цундела царна дуьхьал луьра къийсам латто беза — ишта ду дийцаран идейин маьІна.

Бадуев СаьІид дуккха йолчу шен произведенешкахь, царна тІера хиламаш чекхбевлча, дешархошка довхачу дешнашца вистхуьлу. Дешархочуьнца юххера долчу къамелехь дагаволу иза ша произведени тІехь гайтинчу гІуллаккех. Ишта ду «Іадат» цІе йолчу дийцар тІехь а.

Шен дийцар чекхдолуш юьхьанца риторически хаттарш хІиттадо яздархочо, цара, авторан ойла къеггина а йоккхуш, дийцаран маьІна кхин а кІаргдо: «Ша дукха а везна, шех теша а тешна, шега еана гІийла зуда дала орца доцуш хІаллакхуьлучу заманчохь — и кІелхьараяккха Іусамина эхь хІунда хийтира теша?

Іусамас Бикату кІелхьараяьккхича, Арснакъас и кхайкхор вара?..

Нагахь цо и кхайкхича, Іусамин дегІах меже южур яра?..

И гІарадаьлча, Іусама беш лаьтта болх па балуш вуьсур вара?..

Наха, шайна и гІуллакх хинча, бехк а баьккхина, бехкаш а дохкуш, Іусама юьртах воккхур вара?..

Кегийчу наха и шайна юкъара эккхор вара?..

ТІаккха даггара долчу дешнашца дешархочуьнга вистхуьлу автор, иза а шеца кхиэле озош: «Дешархо! Хеназа, къиза, бехк, гуьнахь доцуш, дуьххьал дІа вайи иохчийи бодане Іадат бахьанехь хІаллакхиллачу Бикатун сурт луьхьал хІуьттуш, Бикатус лекхачу бердах жимчу куллах, мелчу цІех куьйгаш а дуьзна, ша кхозуш, тІехь лаьттачу Іусамега: «Ахь со чу хІунда хийцира?» — алар дагаоьхуш, и дага мел ихи, легашна хорам хуьлуш, соьга кхин цунах лаьцна хІумма а ца дийцало. Дешархо! Ахь суна бехк ма билла, сан дехар ду хьоьга кху гІуллакхан айхьа кхел яр. Сан дехар ду хьоьга хІара гІуллакх айхьа таллар».

Цу тайпана, дийцар тІеІаткъам алсам а боккхуш, дешархочуьнца юххера уьйр тосу автора, бодане Іадаташ Іорадахарехь иза шена декъашхо а лоцуш, цунна тІедуьллу кхидІа а оцу зуламе Іадаташца къийсам латтор.

Оцу тайпана къастор бу хьехархочо урокехь «Iадат цIе йолчу дийцаран чулацам.

ЦIахь бан болх бу дешархошна: «ХIун бахьана дара Бикату хIаллакхиларан?» — бохучу хаттарна а, хрестомати тIерачу 6-чуй, 7-чуй хаттаршна а жоьпаш кечде, аьлла.

Кхоалгlачу урокехь «Iадат» бохучу дийцаран чулацам тIехь Iаморан сочинени язйойтур ю дешархошка.

Иза хила тарлур ду хьехархочо хIиттийнчу хаттаршна дешархоша йозанца жоьпаш даларан кепехь болу болх. Сочиненеш язъян Iаморан гIуллакх ишттачу балха тIера дIадолийча дика хир ду, хIунда аьлча, Iаламат хала болх бу дешархошна сочинени язъяр. Цундела юьхьанца мелла а царна атта болу йозан белхаш байтарца кхиор ю хьехархочо дешархойн сочинени язъяран корматалла. 6-чу классан дешархошка шайн йозанан белхаш тIехь кIорггера къасталуш дац исбаьхьаллин произведенин идейно-исбаьхьаллин чулацамах долу гIуллакхаш а, я цу тIера васташ а, амма уьш Iамо беза произведени лерина ешийта, цу тIерачу хиламийн а, вастийн а тидам байта, царех лаьцна ойла яйта. И Iалашо йолуш хир ду хьехархочо йозанца жоьпаш далийта дешархошна луш долу хаттарш а.

«Iадат» цIе йолу дийцар Iамнийчул тIаьхьа ишттa хаттарш хIитто мегар ду дешархошна хьалха, цаьрга йозанца жоьпаш далийта («Iадат цIе йолчу дийцаран турпалхо Iусама» — ишттa хир ю белхан тема):

1. Дуьххьара Iусама муха вовзийтана вайна дийцар тIехь?
2. Стенга ваха аравелира Iусама?
3. АрснакъагIарна гучу ца волуш Iусама хIунда соьцура новкъахь?
4. Ша Iин чуьра хьалаяьккхина воллуш воллу Бикату дIа хIунда хийцира Iусамас?
5. Арснакъех бехк а хетта Iусамас Бикату хIаллакхилийтаран хIун бахьана дара?
6. Яздархочо хIун боху Iусамех лаьцна?
7. Шуна муха хета Iусамас динарг?

Оцу хаттаршна дешархоша яздеш долу жоьпаш вовшех дозаделла хилийтарна тIе церан тидам бохуьйтур бу хьехархочо, тIаккха церан болх сочинении кепехь хир бу.

БАДУЕВ САЬИДАН ДАХАР А, КХОЛЛАРАЛЛА А 8-чу КЛАССЕХЬ ІАМОР

Дешархоша 8-чу классехь кІорггера Іамайо Бадуев СаьІидан кхолларалла а, цуьнан дахаран некъ а. Программаша яздархочун кхолларалли некъ кхиаран хьелаш довзийтар тІедожадо, цуьнан тоьллачех йолу произведенийн («ЦІеран арц», «Бешто», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Паччахьан замане») идейни чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а кхачам боллуш къасто езаш хилар гойту.

Бадуеви кхолларалла кхиана хан нохчийн советски литература кхоллалуш хилла мур бу. Сийлахь-йоккхачу Октябрьски Социалистически революцино таронаш елира къоман литература а, социалистически культура а кхио. Нохчийн советски литература йолалучу юьххьехь лаьттира яздархой Нажаев Ахьмад, Дудаев Іабди, Сальмурзаев Мохьмад, кхиберш а. Цара вайнехан литературехь шайн дош Бадуев СаьІидачул хьалха аьлла. Амма 20-гІа шераш юккъе даханчу хенахь литературе веанчу Бадуеви исбаьхьаллин произведенеш Іаламат мехала хилира къоман литература кхоллаяларехь а, иза социалистически реализман некъаш тІехь кхиарехь а.

Хан яларх лах ца ло бакъйолчу исбаьхьаллин произведенийн мехалла. Шаьш язйина хан гена мел ели а къеггина гучудолу цераш маьІна. Иштта чарех ю школехь Іамош йолу Бадуев СаьІидан «Бешто», «ЦІеран арц», «Іадат», «НетІамат», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Паччахьан замане», «МаргІалан синтаре». Къоман театран сцени тІехь хаддаза хІиттош ю Бадуеви произведенеш тІехь спектаклаш. Радиохула, телевиденихула хеза вайна цуьнан поэзи а, проза а. Вайнехан таханлерчу исбаьхьаллин культурин мехала цхьа дакъа ду Бадуев СаьІидан кхолларалла. Цуьнан произведенеша гІо до, халкъан дахарехь оьзда ламасташ а чІагІдеш, тІекхуьуш йолу тІаьхье коммунистически гІиллакх-оьздангаллица кхиорехь.

8-чу классехь дешархошна яздархочун дахаран а, кхолларалли а некъ бовзуьйту, Іамайо «Паччахьан замане» цІе йолу стихотворени, «Бешто», «ЦІеран арц» боху повесташ, «Большевикаллица

ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Бадуев СаьIидан кхолларалла Iамо программи тIехь билгалдаьккхинчу II сохьтаца иштта дIаниисъян мегар ду и материал:

1—2-гIий урокаш. Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ. «Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени.

3-гIа урок. «Бешто» повесть а йоьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар.

4-гIа урок. Повестан тема а, цуьнан дIахIоттаман башхаллаш а.

5-гIа урок. Бештон а, Бусанин а васташ. Повестан идейни а, исбаьхьаллин а мехалла.

6—7-гIий урокаш. «Бешто» повестан чулацам тIехь сочинени язъяр. (Оцу урокашна цхьа сахьт литература хьоьхуш къамел кхиорна билгалдаьккхинчех а, шолгIаниг грамматикан урокех а схьаоьцу).

8-гIа урок. «ЦIеран арц» боху повесть Куллдевич а, цунна тIаьхьа бозурш а.

9-гIа урок. Хонмурд а, цуьнан доьзал а

10-гIа урок. «ЦIеран арц» повестан идейни маьIна а, исбаьхьаллин башхаллаш а.

«ЦIеран арц» повестан чулацам тIехь цIахь язъян сочинени ялар.

11-гIа урок. Бадуев СаьIидан драматурги. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Пьесин хьалхарчу декъа тIехь болх бар.

12-гIа урок. Пьесин шолгIий, кхоалгIий дакъош тIехь болх бар. Пьесн тIехь коллективизацин кхочушъяран тема къасторан башхаллаш.

13-гIа урок. Бадуев СаьIид — нохчийн советски литературан бухбиллархо.

14—15-гIий урокаш. Бадуев СаьIидан кхолларалли хьокъехь сочинени язъяр. (Шина сохьтехь язйо сочинени: цхьа сахьт литература Iамош къамел кхиорна билгалдаьхначех, шолгIаниг грамматикан урокех схьаоьцу).

Оцу билгалъяьхначу урокийн хьесапехь Бадуев СаьIидан кхолларалла Iаморан цхьайолу башхаллаш къастор вай, хIор урокан чулацам а, иза дIаяхьаран методически хьелаш а дуьйцуш.

Хьалхара урок дIайолор ю фронтальни хаттарца, дешархошна Бадуев СаьIидах лаьцна хуушдерг карладоккхуш. Цул тIаьхьа хьехархочо лекци дIахьур ю, яздархочун произведенеш тIера дакъош а доьшуш, къамелана юкъа дешархой а озош. Кхузахь коьрта долчу декъана дуьйцур ду С. Бадуеви бераллех а, дешаран шерех а лаьцна, яздан волавалархь, исбаьхьаллин корматалла кхиарх, «Хабарш, иллеш, поэмаш» бохачу книгин чулацамах, «Iадаташ» цIе йолчу сборникашна юкъайогIучу произведенех лаьцна а.

Шолгlачу урокехь къастор ду иштта гIуллакхаш: Бадуев СаьIидан къоман театр кхиорехь долу маьIна; цуьнан оьрсийн а, кхе-

чу къаьмнийн а яздархошца хилла доттагIаллин а, кхолларалли а уьйраш; «Вайн беш» цIе йолу поэтически книга; «ГIаччахьан замане» цIе йолу стихотворени кIорггера анализ а еш Iамор.

Оцу урокашна кечам беш а, уьш дIахьош а хIокху материалах пайда оьцур бу хьехархочо. Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович вина 1903 шеран 28 августехь СоьлжагIалахь. Яздархочун да Бадуев Сулейман СоьлжагIаларчу кегийчу совдегарех хилла, ша Урус-Мартанера схьаваьлла а волуш. СаьIид-Салихьан нана Укаева Зайбат Йоккхачу-АтагIара хилла. Хинволчу яздархочун берал ла СоьлжагIалахь а, Урус-Мартанехь а дIадахана. Кест-кеста шен ненахой болчохь Йоккхачу-АтагIахь а хуьлура кIант. ЧIогIа самукъадолура цуьнан юьртарчу берашца.

МартантIехь дуккха а гергара нах бара БадуевгIеран, дукха хьолахь цаьргахь хуьлура СаьIид. Хазахетара кIантана ша МартантIе валийча. Берахь дуьйна а хIуманан тидам чIогIа болуш а, хIума хаа лууш а волчу СаьIида тергалдора юьртара Iалам, адамийн дахар. Къаьсттана самукъадолура цуьнан халкъан иллеш олу хезча. Леррина ладугIура юьртхоша йоккхачу корматаллица олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, дийцаршка, мехкарийн эшаршка. Халкъан дешан марзо йовза Iемира Бадуев, гуттаренна а езаелира цунна халкъан барта произведенеш.

СаьIид-Салихьан ворхI шо кхаьчча, 1910 шарахь, шен дас реальни училище деша дIавелира иза. Нохчийн берашна схьайиллина «нохчийн класс» яра реальни училищехь. Оцу классе дIаоьцура деша а, яздан а ца хууш долу нохчийн божабераш. Нохчийн классехь кхаа шарахь дешначул тIаьхьа экзаменашкахула хаарш а зуьйш, дешархой кечамбаран классе дIаоьцура. Кечамбаран класс кхиамца чекхяьккхича, хьалхарчу классе бовлура дешархой. ГIаччахьан заманахь муьлхха а дешар санна, Грознерчу реальни училищехь а дешар мехах дара. Шен хеннахь дешарна тIера мах дIабала таро ца хилча, училищера дIавоккхура.

Дешарна тIера вара жима СаьIид, ойла тIеяххийтина Iамадора цо. Дешар кIорггера кхета лууш хиларца билгалваьллера иза. Исбаьхьаллин даше шовкъ йолуш вара Бадуев. Доьшучу хенахь къаьсттана дукха езара цунна литература. Реальни училищехь дIахьора оьрсийн классически литература хьехар. Сийлахь-бакхийчу оьрсийн яздархойн В. А. Жуковскийн, А. С. Пушкинан, М. Ю. Лермонтови, И. А. Гончарови, Л. Н. Толстойн, кхечеран а произведенеш Iамайора дешархоша.

Бадуев СаьIидана езаелира оьрсийн литература, тIевирззина Iамайо цо и. Хазахеташ юх-юха а йоьшу цо оьрсийн яздархойн произведенеш. Хинволчу яздархочунна Iаламат пайдехьа дара сийлахь-йоккха оьрсийн литература а, прогрессивни культура а йовзар, къаьсттана мехала дара жима волуш царех хьакхавалар, пайдаэцар. Цу тайпана, Бадуев СаьIид жима волуш дуьйна а оьрсийн

классически литературан а, прогрессивни культуран а беркатечу тIеIаткъамца кхиина.

1914 шарахь, кегийра доьзалш а буьсуш, БадуевгIеран да кхелхира. Дукха хан ялале материальни халонаш хааелира доьзалехь. Доьшуш волчу СаьIидана а, цуьнан вешина а тIера мах бала таро ца хуьлуш меттигаш а йогIура. IIIен ма-хуьллу дешар чекхдаккха гIиртира СаьIид, амма гIуллакх ца хилира. 1915—1916 дешаран шеран йоьалгIачу четвертехь дешарх юкъахваьккхира иза. IIIен хеннахь дешар тIера мах дIабала таро цахиларан бахьана долуш дIаваьккхира иза реальни училищера. 1916 шеран 25 майхь реальни училищехь хиллачу педагогически кхеташонан протокол тIехь Бадуев СаьIид дешар тIера мах дIа цабалар бахьана долуш («за невзнос платы за учение») дIаваьккхина хиларан хьокъехь сацам бу. Дешаран шо чекхдала цхьа-ши бутт бен ца биснера Бадуев реальни училищера дIавоккхуш, оцу шарахь йолийна класс чекхъяккхалц а ца витира иза. Паччахьан Iедал адамашна дешар Iамо гIерташ дацара, мелхо а дешаран серло халкъана юкъа кхачарх кхоьруш дара, бодане мел хилла адам дацо атта долу дела.

Кхойтта шо а кхачаза волчу СаьIида лайра паччахьан заманан харцо, дагчохь йоккха лар а йисира. ТIаьхьа ша язйинчу стихотворенехь поэта боху паччахьан замане:

Ахь дохк туьйсу-кх суна дуьхьал,
Со кхоло гIерташ.
Ахь ког туьйсу-кх суна кIел,
Со вожо гIерташ.
Ма цIзавехьа со хьуьна юккъе,
Акха экха хилла.
Ахьа-м хIинцалц латтийний накъостий,
Акха берзлой хилла!

ДагтIера богIачу цабезамах юьззина йолу и шен стихотворени чекхйоккхуш поэта чIагIо йо:

Хьоьца дерг ас къастор
Кьолам, жайний кънйларца!
Вайна юккъехь зIар ас хIоттор,
Дуцуш болатан сераца!

«Паччахьан замане» цIе йолчу стихотворени тIехь поэта дийцинарг цо ша лайна, дуккха а хенахь шен дагчохь лелийна хилар го вайна.

СаьIид шайн доьзалехь баккхийчарех вара. Доьзалан хьаштийн ойлаян дезарна балха вахара иза. Болх барца цхьаьна СаьIида дIахьора ша шена Iамош, шен хаарш тIедузар. Соьлжа-гIалахь кхуьуш волчу Бадуевна гора гIаларчу оьрсийн белхалоша шайн дахаран хьелаш тодарехьа, политически бакъонаш яхарехьа

латтош болу къийсам. Оцу революцин боламан хьу реальни училищехь волуш дуьйна хааелира цунна. СаьІид училище ваханчу хьалхарчу шерашкахь цигахь доьшуш вара Грозненски партийни организаци куьйгалхо хиволу Н. А. Анисимов. ТІаьхьо, 1915 шарахь, Полтаверчу кадетски корпусера схьа кхуза деша веара Асланбек Шерипов а. Училищан дешархоша шайн гуламашкахь, митингашкахь хьехадора революционни къийсаман гІуллакхаш. Бадуев СаьІидан дуьненехьежар кхнарехь шеко йоцуш маьІна ду оцу дерригена а.

Сийлахь-йоккхачу Октябрьски социалистически революцино пергІатдехира паччахьан Іедало балехь дахкийна къаьмнаш. Коммунистически партис, дерриге а советски къаьмнаш санна, вайнехан халкъана а таро елира социалистически дахар дІахІотто, къоман культура кхио. БІешерашкахь текхначу балех пергІат довлуш дара адамаш.

Бадуев СаьІидан таро хилира кхин дІа а деша 1922 шарахь БуритІехь (хІинца Орджоникидзе) кооперативни курсаш чекхъехира цо. Цул тІаьхьа цхьана муьрехь товароведан болх бира. Амма Бадуеви шовкъ йолуш болх бацара иза. Цуьнан ойла кхечахьа гІертара. Нохчийчохь дІахьош яра культурни революци. Коммунистически партис, Советан Іедало йоккха терго йора къоман йоза шуьйрачу халкъана юкъа даржоран. Школаш яхкарца цхьаьна дІахьош дара баккхийчарна юкъара йоза-дешар цахаар дІадаккхар а.

Шен къоман юкъахь йоза-дешар даржорехь, керла, социалистически культура кхиорехь, халкъ Іилманан серлонга доккху долчу балха тІехь дакъалаца лууш вара иза. Шен Іалашо кхочушъярхьама хьехархойн курсашка деша вахара иза. Уьш кхиамца чекх а яьхна, хьехархочун балха а вахара. Школехь берашна хьехарца цхьаьна ликпунктехь баккхийчарна йоза-дешар а Іамадора Бадуевс. Культурни революци дІаяхьарехь жигара дакъалецира цо. Бадуев СаьІид ша хІуьра болх беш хилча а хаддаза ша шен хаарш лакхадохуш вара. Шен нийсархошна юккъехь кІорггерчу хааршца а, шуьйра кхетам хиларца а къаьсташ вара иза.

Школехь балхахь волчу хенахь Бадуевс дукха йоьшура оьрсийн классически а, советски яздархойн а произведенеш Къаьсттана дукха йоьшура цо оцу муьрехь А. М. Горькийн а, В. В. Маяковскийн а книгаш. Горькийн произведенеш езар, цуьнан исбаьхьаллин пицкъах цецвийлар гуттаренна а дисира Бадуевца. ТІаьхьо ша литературехь болх беш, — «Тхан хьехархо, тхан накъост Горький», — эр ду пролетарски яздархочух Бадуев СаьІида.

Леррина тидам бора Бадуевс халкъан дахаран Керлачу, социалистически дахаран форманаш халкъо тІеэцаран хьелаш тергал дора цо. Хиволчу яздархочунна гучудолуш лаьттара социализмехь болчу къийсамехь къехойн доттагІий муьлаш бу а, моста-

гIий муьлаш бу а. Къоначу Бадуевн гражданскн дог-ойла, классовн кхетам кхиарехь мехала хан хилла и шераш.

Бадуев СаьIидан кхолларалли корматалла сиха кхиъна. 20-гIа шераш юккъе даханчул тIаьхьа яздан волавеллачу Бадуевс ши-кхо шо далале арахийцира шен тоьллачех йолу повесташ: «Мацалла» а, «ЦIеран арц» а, «Бешто» а. Яздархочун исбаьхьаллин кхоллараллин орамаш вайнехан фольклорах схьадогIуш дара, иза Iемаш вара оьрсийн классически а, советски а литературех а, кхечу къаьмнийн литературех а.

Бадуев СаьIидан кхолларалли биографехь къаьсттина беркате хилира 1930 шо. Оцу шарахь араелира яздархочун 8 книга. Уьш яра: «Хабарш, иллеш, поэмаш», «Iадаташ» (ши книга), «Марха досту де», «Пхи туьма», «Гуттур а ца хуьлу моллина мовлад», «Мацалла», «ПетIамат», ЧIогIа мехала дара «ПетIамат» цIе йолу роман (хьалхара дакъа) араялар. Иза нохчийн литературехь дуьхьара араяьлла роман яра. Ира чулацам болчу оцу роман тIехь автора гайтина паччахьан заманахь нохчийн къехоша, къаьсттана зударша, Iедалан а, Iадатан а тIеIаткъамашкахула лайна Iазап. Романан идейни чулацамехь къеггина билгалдолу нохчийн халкъо шегарчу Iазапана дуьхьал кънйсам дIаболор а, и кънйсам тIаьхьара а кънихьегамхойн толамца чекхбериг хилар а.

Хьехархочо гойтур ду дешархошна Бадуев СаьIидан оьрсийн яздархошца юххера доттагIаллин а, кхолларалли а уьйраш хилла хилар. ХIокху пособин хьалхарчу декъа тIехь ю оцу хьокъехь алсам материал, цунах пайдаоьцур бу хьехархочо.

1932 шарахь Москвахь СССР-н яздархойн Оргкомитетан хьалхара (шорйина) пленум дIаехьира. Оцу пленумехь дакъалоцуш 129 делегат вара, царна юккъехь вара Бадуев а. Пленумехь къамелаш дира цIе яххана болчу яздархоша: В. Кирпотина (докладчик), М. Пришвина, С. Айнис, С. Муканов, Вс. Иванов, А. Фадеев, Ф. Гладков, А. Серафимовича, И. Тихонов, кхечара а. Къилбаседа-Кавказан литературех лаьцна шиммо дира къамел — Бадуев СаьIида а, Эфенди Капиев а. Бадуев СаьIид лаккхара идейни кхетам а болуш, искусствон, литературан хьалха даккхийра декхарш а хIиттош, шен кхолларалли лехамаш шуьйра болуш хилар гойту цо пленумехь дийчу къамело. Бадуев СаьIидана дика хаьара кхоллалуш йолу къона литература беккъа шен пицкъашца кхиалур йоцийла, цунна шера гуш хилла снйлахь-йоккха оьрсийн литература а, культура а Iаламат йоккха идейно-эстетически мехалла йолуш хилар. Цундела иза кхойкхура яздархошка вовшашца доттагIаллин, кхолларалли уьйраш хиларе, кхиина йолчу литературех, уггаре хьалха оьрсийн литературех, пайдаэцаре. Бадуевн шен яьржина уьйраш яра кхечу къаьмнех болчу яздархошца, кхечу къаьмнийн литературашца. Цо гочйина оьрсийн яздархойн произведенеш, масала: М. Горькийн, М. Голодныйн, Н. Владимир-

скийн произведенеш. Бадуевс нохчийн матте яьккхина хIирийн халкъан поэтан Коста Хетагурови «Нана» цIе йолу стихотворени, гочдина Дагестанерчу яздархочун Iабдулла Баширан «Моцу» цIе йолу дийцар. Бадуеви шен произведенеш оьрсийн маттахь а, кхечу къаьмнийн меттанашкахь а арайийлина.

Хьехархочо дешархойн тидам тIебохуьйтур бу нохчийн советски литературан бухбиллархочо Бадуев СаьIида къоман литературана хьалха хIиттош хилла лехамаш тахана а шайн кIорггера маьIна долуш хиларна. Къаьсттина мехала ду литературийн вовшашца уьйраш хилар тахана. Къоман литература кхиар эвсаралла йолуш хир дац, нагахь санна иза оьрсийн литератураца, вайн даймехкан кхечу къаьмнийн литературашца юххера уьйраш йолуш, царех кхолларалицца кIорггера пайдаоьцуш ца хилахь.

С. Бадуев шен дог ойланца, шен кхолларалле хь интернационалист вара. Литературоведа, СССР-н Iилманан Академин член-корреспондент волчу Г. Н. Ломидзес шен белхаш тIехь масех меттехь хьахийна Бадуев СаьIида СССР-н яздархойн Оргкомитетан хьалхарчу пленумехь дина къамел а, цуьнан «ПетIамат» цIе йолу роман а. Бадуев СаьIид шен идейни кхетамца, интернациональни ойланца социалистически юкъаралло кхиийна керла стаг хилар билгалдаьккхина цо.

Бадуев СаьIида дакъалецира 1934 шарахь Москвахь гулъеллачу Ерригсоюзни яздархойн Хьалхарчу съездехь. Нохчийн, гIалгIайн пхеа векална юккъехь вара С. Бадуев а. Съездехь нохчийн, гIалгIайн литературех лаьцна къамел дира Айсханов Шамсуддис. Къоман яздархойн произведенеш ша хьахош, цо лаккхара мах хадийра Бадуевн кхолларалли. Къаьсстана сецира иза «ЦIен гIап» цIе йолчу пьеси тIехь: «И пьеса хIинцале Нохч-ГIалгIайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу ерриге а ярташкахь а хIиттийна а, колхозхоша чIогIа магийна а ю», — элира цо. А. М. Горькийн куьйгаллица дIаяьхьначу Ерригсоюзни яздархойн Хьалхарчу съездо гIо дира къоман яздархошна дахарехь кхоллалуш долу керланиг хьакъдоллучу исбаьхьаллин васташкахь гайта, социалистически реализман принципаш караерзорехь. Съездан балха тIехь дакъалацар, А. М. Горькийн Iаламат чулацамечу къамеле ладогIар, цуьнца цхьаьна гулвалар, гIарабевллачу оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а яздархошца уьйраш тасаялар чIогIа пайдехьа хилира яздархочун кхолларалли корматалла кхидIа а кхиарехь. Съезд хиллачул тIаьхьа боккхачу айамца дIахьо Бадуевс шен кхолларалли болх. Цо язйо масех керла пьеса, дуккха а поэтически произведенеш, газеташ тIехь зорбатухуш араюьйлу ахархойх, белхалойх лаьцна очеркаш, дийцарш. Халкъан барта произведенеш дIаязъярна тIе тидам бохуьйту цо.

Вайнехан литературехь мехала тIаьхье йитина Бадуев СаьIида. Теманашца, васташца, жанрашца шуьйра ю цуьнан кхолларалла.

Халкъан шен хенахьлерчу дахаран ерриге а агIонаш чулоцу яздархочун исбаьхьаллин произведенеша. Авторан Iалашо яра паччахьан Iедалан Iазапах пургIатдаьллачу халкъана керла, социалистически дахар дIахIотторехь гIодан. С. Бадуевс кIорггера чулацам а, лаккхара исбаьхьалла а йолчу произведенешца кхочуш а йира шен Iалашо. «ЦIеран арц», «Мацалла», «Iадат», «Паччахьан замане» цIераш йолчу произведенеш тIехь автора гайтира паччахьан заманахь халкъо лайна халонаш, паччахьан Iедало хIиттийнчу хьаькамаша а, цаьрца бертахь хиллачу хьолахоша а къехой Iазапехь бахкор. Къизачу паччахьан заманна неIалт кхайкхадора автора, нах бацор чIагIдеш хиллачу Iедална дуьхьал йоккхура адамийн ойла. «Дайн Iедал», «Бешто», «ПетIамат» цIераш йолчу произведенеш тIехь Бадуевс Iорадехира ширчу заманах бухадисина, къоман дахарехь новкъарло еш долу зуламе Iадаташ. «ЦIен гIап» пьеси тIехь, «Партизанаш» поэми тIехь яздархочо гайтира Советан Iедал даккхархьа болчу кънйсамна гIевттинчу къехоша тайп-тайпана болчу мостагIашна тIехь толам баккхар. «Боьшевикаллица ялта дерехьа», «Тракторхо Жуьнид», «Керла нах» бохачу произведенешца автора гучуйоху керлачу стеган амалш, социалистически дахар дIахIотторехь керла стаг кхиар гойту. В. И. Ленин а, Октябрьски социалистически революцин а теманаш ойбу Бадуевс «Ленин», «Октябрь» цIераш йолчу стихотворенешкахь. БIешерашкахь къинхьегамхоша сатийсина пургIато а, токхо а еънарг В. Ленинан идейш ю, Октябрьски революцехь кхочушйина йолу. В. И. Ленина гайтинчу новкъа схьабогIу къинхьегамхой, шайн нрсе дахар дIахIоттош, тIаьхь-тIаьхьа керлачу толамашка кхочуш. Кхане таханел а нрсе хир ю — иштта ду оцу стихотворенийн маьIна. Белхалойн классан тема хIоттийна «Дешин Iам», «Керла нах», «Iаьржа дешн» бохачу произведенешкахь. Цу тайпана шуьйра бу Бадуевн кхолларалли чулацам.

Бадуевн кхолларалла шен заманан Iалашопаш кхочушъярс, шен хенахьлерчу халкъан дахаран лехамашка хьажийна яра. Халкъан дог-ойла, цуьнан амалш, лехамаш дика гойтуш яра. Таханлерчу дахарца цхьаьна йогIуш ю цуьнан произведенеш, хIинца а адамийн лехамашна жоп луш а ю.

Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ буьйцуш а. «Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени дешархошца толлуш а хьехархочо пайдаоьцур бу хIокху книгин хьалхарчу коьрта тIехь яздархочун дахарх а, кхолларалли а алссам еллачу материалах.

«БЕШТО»

Школехь Iамош йолу «Бешто», «ЦIеран арц», «Большевикаллица ялта дерехьа» цIераш йолу произведенеш шуьйра йийцина, церан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш кIорггера билгалъяьхна

8-чу классан нохчийн литературан учебник тIехь. Цундела кхузахь и произведенеш Iаморан методически хьелаш билгалдохур ду вай.

«Бешто» повесть дешархоша дуьххьара ешначул тIаьхьа хьехархо хьожур ву цара иза тIе муха эцна, хIун хета царна повестах лаьцна, цуьнан чулацамах муха ойлайо цара. Оцу Iалашонца классана хьалха хIиттор ду иштта хаттарш: Муха хийтира шуна «Бешто» повесть? Оцу произведенин муьлха меттигаш яра уггаре чIогIа дагах хьакхалуш ерш? Хlун ойла кхочушйо автора шен повесть тIехь?

Дукха хьолахь гучудолу, повесть дуьххьара шаьш ешча, дешархойн коьрта тидам оцу произведенин сюжетан хиламаш кхиарна тIехь сецна хилар. Цу тIехь кхочушхуьлучу гIуллакхийн бухе ца кхевда уьш, хIун бахьана ду церан бохачун ойла ца йо, персонажийн амалш а дукха тIехула туьду. И хьелаш тидаме а эцна, эвсараллица болу методически некъ хоржур бу хьехархочо «Бешто» повесть дешархошца Iамо. Проблемин кепехь къастор бIегIийла хуьлу повесть. Кхаа урокехь Iамайо иза.

Хьалхарчу урокехь повесть тIехь болх бан дуьйлалуш хьехархочо билгалдоккхур ду (учебник тIехь а ма-хиллара) «Бешто» повесто адамийн ойла ширчу Iадатех паргIатъяккхарехь гIуллакх дина хилар. Цо эр ду: «повесть зорбанера ара а яьлла, адамашна юкъа яьржанчул тIаьхьа гучудаьллера вайнехан ярташкахь кегийрхой зуламечу Iадаташна дуьхьал бийларан гIуллакхаш алсамдовлар. Повесто гIодеш хилла кегийрхошна зуламечу Iадатийн йийсарах паргIат бовлуш, керлачу дахарехь шайн кхолламан дай хуьлуш дIахIитта.

Хlун бахьана дара техьа и произведени сел чIогIа адамийн ойлане кхочуш хиларан? Оцунах кхиархьама юххера толлур ю вай повестан текст».

Иштта урок дIайолоро гIо до дешархойн ойла повестан чулацамна тIеэрзо, цаьрга леррина текстан тидам байта.

Йоьшуш волчунна чIогIа Iаьткъаш долу повестан хьалхара дакъа классехь деша а доьший, хьехархочо хотту: «Хlун ду техьа Бешто сел халчу Iазапе вуллуш, цуьнга кхаьчнарг? Мича балано кагвина техьа гIеметта хIоьттина волу къонаха?» Оцу хаттаршна жоьпаш лахарца гучудолу повестан коьрта маьIна. Уьш схьадостуш талла беза «Бештон» берриге а чулацам. Цу тайпана, и коьрта проблема хIоттайо дешархошна хьалха, повесть Iаморехь кхин дIа бен берриге болх и проблема къасторна тIехьажийна хир бу. Дешархошна хьалха кхидIа хIиттош долу хаттарш и проблема къасторна уьш тIебуьгуш хир ду.

Урокехь «Бешто» повестан текст тIехь болх беш иштта хаттарш хIитто тарлур ду классана хьалха: Муха гайтина повесть тIехь Бештон, Бусанин юкъаметтигаш? Хlун бахьана ду Хизар шен йоI Бештога яхарна дуьхьал хиларан? Бусана нрс долуш хуьлийла

лаьий Хизарна? Бусана Мусега яхийта хIунда гIерта иза? ВахIиддий, Хьасаний хIунда хIоьттина Хизарс бохачунна тIе? Бусанин нана хIунда ца яьхьа шен йолехьа гIо даккха? Бусанин Iожаллина бехке мила ву? Бешто шен ирсе хIунда ца кхечира?

Дешархойн тидам тIебохуьйтур бу цуьнан исбаьхьаллин башхаллашна а. Проблемин хаттаршца классехь болх беш, берриге тидам повесть тIера проблемаш къасторна тIе а боьдий, цкъацкъа произведенин исбаьхьаллин башхаллаш йийцар ледара число. Оцунах ларвала веза хьехархо. «Бешто» повесть говза яздина ю. Леррина болх бина цу тIехь автора: «ХIара хабар ас сайн болчу ницкъаца сайн ма-хуьллу кегийра лоруш яздина», — боху Бадуевс. Повесть тIехь исбаьхьаллин сурт хIоттораи, цуьнан меттан говзаллин, исбаьхьаллин деталийн тидам бойтур бу дешархошка. Повесть тIехь цхьа хIума а ларамаза дац, дерриге а шен маьIна долуш ду. Бакъйолчу исбаьхьаллин произведени тIехь ма-хиллара, хIор предложени а, хIор дош а механлла йолуш ду цу тIехь. РакаIатан, Бештон хIусам гойтуш иштта яздо автора: «Кху юьрта йистерчу жимочу тишачу бахаман да ткъе пхиъ шо кхаьчна Бешто, шен гIеххьа расха дин уьйтIарчу гобзанах тесна цIан а бина, шайн кетIахула, хьеран апарехула санна, хьаьдда охьадогIу татол а малийна, и дин шайн ханнийн божал чу бигина дIа а Iалашбина, шайн лоха мокхачу цIенойх аьтту агIорчу цIа чу вахара. И цIа гIеххьа доккха дара. Цу чохь, мокхачу цIенкъарчу истанга тIе мотт а биллина, цомгаш Iуьллуш Бештон нана РакаIат яра. РакаIатана шена а ца евзаш цхьа тамашена цамгар яра цунна ерг. Цуьнан юьхь иръеллера; цуьнан бIаьргаш вуьшта болчул а бакхий хиллера; цуьнан бос ширделлачу ахьарал мокха бара». Кхузахь тIаьххьарчу могIанашкахь ваьшта кхузза далийна *мокха* боху билгалдош. Иза ларамаза дац. РакаIатгIаьргара гIело, бала, церан кхоьлина дахар гайтарехь гIуллакх деш ду и. Тайп-тайнан чу дожаршкахь ваьшта кхузза далийнчу оцу билгалдашо повесть йоьшуш волчунна авторна оьшучу кепара Iаткъам бо.

Иштта чу хIуманашна тIехь дешархойн тидам сацоро царна гIо до исбаьхьаллин произведени леррина еша Iама а, цуьнан исбаьхьаллин башхаллех кхна а.

ЦIахь дешархоша «Бешто» повесть кхин цкъа а ерриге йоьшур ю, цуьнан дIахIоттаман (композицин а, сюжетан а) тидам а беш, учебник тIерачу тIедаххарех хьалхарчу шина хаттарна жоьпаш кечдийр ду.

«Бешто» Iаморан **шолгIачу урокехь** повестан тема а, дIахIоттам а къастор бу. ХIокху хаттаршца дIахьур ду классехь болх бар: ХIун проблемаш хIиттайо Бадуевс шен повесть тIехь? Муха ю «Бештон» композиц? Муха ю цуьнан сюжет? Авторан Iалашо кхочушъярехь хIун маьIна ду повестан композицин а, сюжетан а? Коьртачу сюжетана юьстах долчу ГIирмасолтий, Iаьлбаггий Бу-

санагIеран керта йистехь къамел деш гайтинчу эпизодан хIун маьIна ду повестан чулацамехь? Муха кхочушхуьлу повестан сюжет кхиар? ХIунда оьшу аьлла хета шуна авторна сел ира сюжет? Iаламан суртийн хIун маьIна ду повесть тIехь?

Оцу хаттаршца классехь болх бар, хаддаза текстах пайда оьцуьйтуш, дIахьур ду хьехархочо. Ма-хуьллу дешархошка шайга оцу хаттаршна жоьпаш далийта хьожур ву иза, амма церан жоьпаш кхачаме ца хиллачу меттехь, ша уьш тIедузур ду.

Бадуев СаьIид дуккаха йолчу шен прозаически произведенешкахь царна тIера хиламаш чекхбевлча, дешархошка довхачу дешнашца вистхуьлу. Юххера долчу къамелехь дешархочуьнца дагаволу иза ша произведени тIехь гайтинчу гIуллакхех. Шен повесть ешнарг шецанна кхеле озаво цо оцу низаречу гIуллакхашна: «Дешархо! Ца хаьа, ахь хIун боху-м, бакъду, суна хетарехь, хьал дукха а дезна шен йоIах йохка-эцар еш, Хизарс Бусана жа долчу Мусс яла дош ца деллехьара а, Хизаррий, цуьнан кIентий и дош кхочушдан ца гIиртинехьара а, кхераяларх елла РакаIат а лийр яцара, шен вешин карах Бусана а лийр яцара, церан баларш ца ладелла, ан а иккхина, цу сингаттамо талхийна, Бешто а лийр вацара.

Дешархо, догIа кху ирчачу балхе ла! Талла, дешархо, хIара гIуллакх, даггара ойла а еш!»

Цу тайпана ерзайо Бадуевс шен повесть. Ишттачу дерзорехь автора юххера уьйр тосу шен повесть йоьшуш волчуьнца, зуламе Iадаташ Iорадахарехь иза шена декъашхо а лоцуш, цунна тIедуьллу и санна долчу гIуллакхийн ойлаяр, царна дуьхьал къийсам латтор. Адамашна юккъера уьш дIадахаре кхойкху.

Автора дерзорехь олучу даггара долчу довхачу дешнаша произведенин тIеIаткъам алсам боккху, яздархо а, цо дуьйцург а йоьшуш волчуьнна юххе даладо, дагах хьакхадолуьйту. Дешархочуьнца юххера уьйр тасар Бадуеви кхолларалли хотIаш цхьа амат бу. Оцу башхаллих а кхетар бу дешархой.

Урокехь «Бештон» тематика а, дIахIоттаман башхаллаш а къастош бен болх чекхбаьлча, учебник тIера статья йоьшуьйтур ю дешархошка. Цу тIехь къеггина гайтина повестан тематикин а, композицин а, сюжетан а башхаллаш. Ешначул тIаьхьа шина-кхаа дешархочуьнга урокехь иза схьайийцийтича дика хир ду.

ЦIахь дешархоша учебник тIера «Бештон» тема а, дIахIоттам а къастош йолу статья кхин а еша а йоьшуш, иза схьайийца кечам бийр бу; учебник тIерачу 3—5 хаттаршна жоьпаш кечдийр ду.

Кхоалгlачу урокехь повесть тIехь Бештон, Бусанин васташ кхолларан башхаллаш а къастор ю, «Бештон» идейин а, исбаьхьаллин а механаллих лаьцна а дуьйцур ду.

Повестан берриге а хиламаш Бештоххий, Бусанеххий бозабелла бу. Произведенин коьрта турпалхой бу уьш. Бештон, Бусанин

вовшашца йолу юкъаметтигашший, цу шинна кхечу адамашца йолу юкъаметтигашший гайтарх лаьтташ бу цуьнан чулацам. Бештон, Бусанин васташ къасторехула билгалйолу повестан коьрта идея а.

Дешархошна хьалха хаттарш а хIиттош, цаьрга шайга болх байтарца дIаяхьа мегар ду урок. Ишттачу хаттарех пайдаэца тарлур ду хьехархочо. Шен дас а, вежарша а шега кхийдочу некъана реза хIунда яц Бусана? Стеган дахарехь, адамийн амалшкахь коьртаниг хIун лору Бусанас? Муха хадабо цо стеган мах? Хизарс дахарехь коьрта лоруш дерг хIун ду? Бусана шен гIиллакх-оьздангаллица, амалшца повестан турпалхойх хьанна герга ю? ХIунда яьхьна Бусана Хизарна а, шен вежаршна а дуьхьал яла? Бусана Iадатца къийсаме ялар муха лору аш? Муха билгалйовлу повесть тIехь Бештон амалш? Шен ненаца йолу юкъаметтигаш муха ю Бештон? Бусанница йолчу юкъаметтигашкахь муха гучуйовлу Бештон амалш? Шен безамехьа къийсам муха латтабо цо? ХIун бахьана ду автора шен турпалхо сел чIогIачу халонех чекхвахаран? Бешто дакъазваларан хIун бахьана дара? Стен хIаллакдина Бусана а, Бешто а?

Оцу хаттаршца болх беш дешархой кхуьу повесть Iамо йолош шайна хьалха хIоттийнчу проблемех. Бештой, Бусаний хIаллакдинарг паччахьан заманахь адамашна юккъехь лаьттина социальни харцо хиларх а, и харцо дIакхоьхьуш болчара Iадаташ чIагIдеш хилла хиларх а кхета уьш.

Учебник тIехь лерина къастийна хIокху урокан тема, цундела кхузахь кхин ца совцу вай оцу материал тIехь.

ЦIахь бан болх: учебник тIерачу статьян «Бештой, Бусаний», «Бешто цIе йолчу повестан мехалла» боху дакъош, тIедахкаршна юкъара 6—8-гIий хаттаршна жоьпаш кечдар.

«Бешто» повесть Iамийнчул тIаьхьа дешархошка классехь шина урокехь сочинени язйойту. Цхьа сахьт литературан урокашкахь къамел кхион деллачех, шолгIаниг — грамматикан урокех схьаоьцу. Сочинениин теманаш учебник тIехь билгалъяьхна ю, хьехархочо, нагахь санна уьш шен Iалашонца йогIуш яцахь, кхин яла а тарлур ду. Сочинение теллинчул тIаьхьа хIор дешархочуьнца цуьнан балхах лаьцна къамел дийр ду, сочинени дика а, ледара а агIонаш билгалйохуш.

«ЦIЕРАН АРЦ»

Бадуев СаIидан тоьлашха йолчу произведенех ю «ЦIеран арц» боху повесть а. Иза Iамо кхо сахьт билгалдаьккхина. Классехь произведени тIехь болх бан дуьйлалуш дешархоша цуьнан текст ешна хила еза. «ЦIеран арц» повестан исбаьхьаллин дIахIоттамо бIегIийла хуьлуьйту и произведени васташ къасторехула талла. **Хьалхарчу урокехь** повесть тIехь авторан Iалашонах лаьцна а дуьй-

цур ду, Кулдевичан, Мирзин, Эльбертан васташ а къастор ду. Тайп-тайпанчу методически приемех пайда оьцур бу: хьехархочун хьалхарчу дашах, дешархошца дечу къамелах, повестан текст тIехь болх бярх, дешархоша шаьш бечу балхах.

«Цlеран арц» повестан чулацамах, цу тIехь автора шена хьалха хIоттийчу Iалашонах лаьцна долу хьехархочун хьалхара дош чекхдаьлча, дешархошца дечу къамелан кепехь дIахьур ду Кулдевичан, Мирзин, Элбертан васташ тIехь болх бар. Исбаьхьаллин текстан юххера тидам а беш, цу тIера масалш а далош, кхочушдо васташ къастор.

Исбаьхьаллин произведени тIехь коьртаниг адамийн васташ ду, персонажийн вовшашца йогIу, кхоллалу юкъаметтигаш гайтар, цара кхочушдо гIуллакхаш гайтар ду литературин произведенин чулацам кхуллуш дерг. Произведени тIера исбаьхьаллин васташ вовшах къаьстина, ша-ша хуьлуш дац, уьш хIора а вовшах дозаделла хиларца, вовшашца йолчу уьйрашца билгалдолуш ду. Цу тайпана, исбаьхьаллин произведени тIехь вастийн система хуьлу. Ткъа произведени къасточу хенахь и вастийн система талла еза, хIор васт а оцу вастийн системица дийца деза. Турпалхойн васташ къастор произведени тIера хиламаш кхиарца, цу тIехь кхочушхуьлу гIуллакхаш довзийтарца цхьаьна дIахьош ду.

«Бешто» повесть тIехь кхоьллина долу Кулдевичан, Мирзин, Элбертан васташ къастор ду церан вовшашца йолу юкъаметтигаш билгалъяхарехула. Масала, дешархошка ойла йойтур ю Кулдевичан, Мирзин вовшашца йолчу уьйрех лаьцна. Муха ю цу шиннан юкъара уьйраш? Хlун бахьана ду царна юкъахь ишта уьйраш хиларан? Мирзин амалш муха билгалйовлу цуьнан Кулдевичаца йолчу юкъаметтигашкахь? Кулдевичах лаьцна хlун алалур ду вайга, цуьнан Мирзица йогIучу уьйрашна тIедоьгIна? Иштта-чу хаттарша гIо дийр ду дешархошна оцу балха тIехь.

Къеггина гучуйолу Кулдевичан, Элбертан къизалла повесть тIехь цара Хонмурд холчухIоттор гайтинчу эпизодехь а, амма оцу персонажийн ма-ярра йолу амалш, къаьстина Кулдевичан, Мирзин маьттаза васташ, акхаройн амалш гучуйовлу Хонмурдан доьзалш цара хIаллакбарехь.

Урокехь тидам тIебохуьйтур бу яздархочо шен повесть тIехь персонажийн васташ кхолларан башхаллех дешархой кхеторна, и васташ кхуллуш автора пайдаэцна исбаьхьаллин гIирсаш бовзийтарна. Учебник тIехь алсам материал ю «Цlеран арц» повестан персонажийн васташ къастош. Кулдевичан, Мирзин, Элбертан васташ кхолларан башхаллаш шуьйра йийцина учебникан статья тIехь.

Цlахь дешархоша кечам бийр бу учебникан статья тIера «Авторан Iалашо», «Кулдевич а, цунна тIаьхьабозурш а» боху дакъош схьаднийца. Дагахь еша Iамор ю «Цlеран арц» повесть тIера цхьа

кийсак (шаьш хаьржинарг я хьехархочо билгальяькккхинарг).

Шолгlачу урокехь Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а васташ къастор ду. И кхочушдийр ду повестан текст тlехь болх беш а, дешархошна хьалха хаттарш хlитторехула а, учебникаца болх беш а.

«Цlеран арц» повесть тlехь паччахьан олалла дlакхехьа хlиттийначу хьаькамаша а, церан гlоьнчий а хилла леллачу хьолахоша а нохчийн къехошкахь латтийна Iазап гайтина яздархочо. И кхочушдина коьрта долчу декъана Кулдевичагlара мискачу Хонмурдан доьзале хlоттийна ирча хьал гайтарца. Адаман сибатах воьхна, акхаройн амале вирзинчу Кулдевична а, цунах террачу Мирзина а, Элбертана а повестехь дуьхьал лаьтташ бу Хонмурд а, Бано а, Залуба а. Уьш халкъан векалш бу. Къоман дика амалш гучуяьхна автора церан васташкахула. Бовхачу безамца кхоьллина Бадуев СаьIнда йоккхачу стеган Банон а, Залубин а васташ. Нохчийн зударийн оьздангалла, гlиллакх, цlена дог-ойла гайтина автора цаьргахь Шайна тlеIиттаеллачу халонаша, мискачу дахаро гlиллакхах ца йохийна къена Бано а, я жима Залуба а. Халкъан ламасташца ехаш ю и шиъ. Кулдевичий, Мирзасси и миска ши зуда а, церан хlусам а ягийнехь а, царна тlехь толам ца баькккхина. Шайгарчу гlиллакхца, оьздангаллица, хьанал а, цlена а хиларца тоьлла Бано а, Залуба а. Повесть йоьшучу хенахь вайн даго къобал деш тlе а оьцу цу шиммо Кулдевичагlарна тlехь толам бакхар. Исбаьхьаллин произведенешкахь тIаьххьаре а толам бокхург ницкъ бац, амма сийлахьниг ду (дахарехь а ма-хиллара). Ткъа Кулдевичан, Мирзин васташца сийлахьниг хьовха, цхьа а тайпана адамалла а дац. Хонмурдан, Банон, Залубин къинхетаме, комаьрша, дог цlена хилар Кулдевичагlеран хьарамлонашца, боьхачу дог-ойланца дустуш санна гайтина повесть тlехь.

Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а васташ къастош, иштта хаттарш хlитто мегар ду классана хьалха: Муха гайтина повесть тlехь Хонмурд? Хонмурдан амалш муха билгалъяьхна автора? Хlун маьIна ду яздархочо шен повесть тlехь нохчийн зударийн васташ кхолларан? Банон гlиллакх-оьздангалла муха гайтина? Повесть тlехь Залубин васт кхолларан хlун башхаллаш ю? Муьлхачу исбаьхьаллин приемех пайда эцна автора къехойн васташ кхуллуш? Оцу хаттарех пайда а оьцуш, болх бинчул тIаьхьа учебник тlера «Хонмурд а, цуьнан доьзал а» цlе йолу статья йоьшуьйтур ю дешархошка классехь.

Цlахь дешархоша учебник тlера и статья схьайийца кечам бийр бу. Литературе алссам шовкъ йолчу дешархойх цхьанна тlедуьллур ду «Цlеран арц» повесть тlехь зударийн васташ» темина доклад язъяр.

Кхоалгlачу урокан тема хир ю «Цlеран арц» повестан идейни маьIна а, исбаьхьаллин башхаллаш а. Кхузахь дешархоша хьалхарчу урокашкахь повестан идейни чулацамах а, исбаьхьаллин

башхаллех а биичу тидамийи жамIаш а деш, оцу хьокъехь церан кхолладелла хаарш кхидIа а кIаргдийр ду.

Повесть тIехь гайтина паччахьан заманахь къехоша лайна Iазап. Паччахьан Iедал дIакхехьа хIиттийичу хьаькамашца, шайи къомах болчу хьолахоша кънза хьийзабора къехой. Кулдевиче тIеэцахьара шаьш аьлла баьхкина болу баккхий нах дукха декъаза бу, стешха бу, паччахьан Iедало кхеро Iамийна нах бу уьш. «Пурстоп оьгIазвахна ву, и вастваллалц собар де», — бохуш, Iабеш бу уьш сени чохь. Кулдевича Хонмурд хьийзош «кхеран чохь гIовгIанаш яьлчахьана дуьйна а кхерабелла дIабаха айабелла Iен сеничуьра баккхий нах, мелчу цIех а вуьзина араволу Хонмурд гича, цунах шен бIаьрг кхет-кхеттарг кхералой шозлагIа цуьнга юха ца хьожуш, белш чу а хебош, пенах а хьерчаш, меллаша ара а бевлла, дIабахара». Пурстоьпо шаьш тIедитаре сатуьйсуш баьхкинчу баккхийчу нехан цу тайпана дIабаха дийзира. Шайна тIехь латтош йолчу харцонна вовшах а кхетта цхьабосса дуьхьало ян хIинца кийча бац уьш, паччахьан Iазапо охьатаIийна латтийна гIийла, стешха бу, амма повесть тIехь гучудолу къехоша шайгарчу Iазапана дуьхьал къийсам латториг хилар а.

Цу тайпана, повестан идейни чулацам билгалбаларехь мехала йолчу меттигашна тIе тидам а бохуьйтуш, дешархошка церан маьIна дойтур ду хьехархочо, оьшучу меттехь ша тIе а дузуш. Повесть тIехь исбаьхьаллин сурт хIотторан а, васташ кхолларан а башхаллаш, автора пайдаэцна болу исбаьхьаллин гIирсаш, меттан говзалла юьйцур ю дешархошца, хьалхарчу урокашкахь биичу тидамашна тIе а тевжаш. Оцу хьокъехь материал учебникан «ЦIеран арц» бохачу статья тIехь йолуш ю.

Дешархошка сочинени язъяйта бакъахьа хир ду «ЦIеран арц» повестан чулацам тIехь. Учебник тIехь билгалъяьхначел совнаха иштта теманаш хила а тарлур ду: «Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» цIе йолчу повестан идейни чулацам», «ЦIеран арц повесть тIехь Кулдевичан а, цунна тIаьхьабозучийн а гайтаран башхаллаш». «ЦIеран арц» повесть тIехь Банон а, Залубин а васташ». «ЦIеран арц» повестан композици а, сюжет а», «Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» цIе йолчу повесть тIехь персонажийн васташ кхолларан башхаллаш».

ЦIахь дешархоша учебник тIера «ЦIеран арц» бохачу статьян «Повестан идейни чулацам» цIе йолу дакъа а Iамор ду, лаккахь ялийичех я учебник тIехь йолчу теманех цхьанна сочинени а язйийр ю.

«БОЛЬШЕВИКАЛЛИЦА ЯЛТА ДЕРЕХЬА»

Бадуев СаьIидан произведенех дешархоша 8-чу классехь тIаьхьара Iамош ю «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Иза кхин хан ца хиларна шина сохьтехь Iамо езаш хуьлу.

Хьалхарчу урокан тема: Бадуев СаьIндан драматурги. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса. Пьесин хьалхарчу декъа тIехь болх бар.

Иштта чу методически приемех пайда оьцур бу урокехь: лекци, пьесин текст кхетош ешар, дешархошка яххьашкахь дакъош дешийтар, классана хьалха хаттарш а хIиттош, пьесин чулацам тIехь болх бар.

«Большевикаллица ялта дерехьа» пьеса йоьшуш а, цуьнан текст тIехь болх беш а, хьехархочо дешархойн тидам тIебохуьйтур бу персонажийн къамелашкахь, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь церан амалш гучуйовлуш хиларна. ЦIахь шаьш пьеса йоьшуш а, цуьнан чулацаман ойла еш а, персонажийн хIор репликан, кхочушхуьлуш долчу гIуллакхийн леррина тидам бан безаш хиларх кхетор бу дешархой. Драматургически произведени еша а, цуьнан чулацамах кхиан а дешархой Iамор бу хьехархочо «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеси тIехь болх беш.

Хьехархочун лекцица дIайолалур ю урок. ХIокху материалах пайда эца тарлур ду хьехархочо. Бадуев СаьIндан кхийолу произведенеш а санна, шуьйра тематика а, кIорггера идейни а, эстетически а чулацам болуш яра цуьнан драматурги а. Вайнехан драматургехь хIинца а уггаре тоьллачех ю цуьнан пьесаш. Къоман театр а, драматурги а кхиорехь Iаламат доккха гIуллакх дина Бадуеви драматургически кхолларалло. Литературовед а, критик а волчу Ю. А. Айдаевс шен «Нохч-ГIалгIайн советски драматурги» цIе йолчу монографи тIехь яздо: «СаьIид Сулейманович Бадуев нохчийн литературан истори юкъа вахана цуьнан бухбиллархо а, дуьххьарлера классик а хилла. Цо йоккхачу эвсараллица болх бина прозехь а, поэзехь а, публицистикехь а... ШIен кхолларалли берриге а исбаьхьаллин пицкъаца С. Бадуевс Iаламат йоккха хазна йиллина нохч-гIалгIайн драматурги а, театр а кхиоран гIуллакхана юкъа. Цуьнан цIарца дозаделла ду къоман театр когаяхар. Къоман репертуар театрана латторехь уггаре а хьалхара маьIна ду С. Бадуеви кхолларалли. А. Чеховс, М. Горькийс, кхечу оьрсийн яздархоша а санна, театрах дIабуьйзира шен кхоллам С. Бадуевс. Иза шена хьоме йолчу къоман театраца цхьаьна кхуьуш вара».

Бадуев СаьIндан драматургически произведенешкахь къаьсттина гучудолу цуьнан кхолларалла халкъан лехамаш кхочушбаре хьажийна хилар. Юьртабахам социалистически тIегIан тIе баккхарехьа Коммунистически партин куьйгаллица ахархоша латтийна къийсам гойту драматурга шен «Ламанаш хийцало», «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьнан доьзал», «Большевикаллица ялта дерехьа» цIераш йолчу пьесаш тIехь. Адамийн ойла ширчу Iадатийн тIеIаткъамех паргIатъяккхарехьа хьажийна яра «ЦаIебийна зуда ялор», «ПетIамат», «Марха досту де», «Гуттур а ца хуьлу моллина мовлад» боху пьесаш. Нохч-гIалгIайн драма-

тургехь белхалойн классан тема дуьххьара хIоттийнарг Бадуев СаьIид вара. «Дешийн Iам» цIе йолчу пьесн тIехь драматурга гайтира тайп-тайпанчу къаьмнех болчу нефтяникаша, йохьалле а буьйлуш, кънихьегаман толамаш бахарца социалистически Даймехкан хьал алсамдаккхар.

Бадуев СаьIид драматургехь болх бан волавелира 20-гIа шераш чекхдовлучу муьрехь. 1929 шарахь зорба тоьхна «Дайн Iедал» цIе йолу пьеса ю цуьнан дуьххьарлера драматургически произведени. Нохчийн кхечу драматургаца Эльдарханов Iисица цхьаьна язйинна Бадуевс и пьеса. Къоман дахарехь чIогIа даьржина хилла чIиръекхаран Iадат адамашна Iаламат зуламе хилар а гойтуш, цунна дуьхьал къийсам латторе кхойкхура пьеси тIехь.

Бадуеви драматургически говзалла тIаьхь-тIаьхьа кхуьуш яра. Иза къеггина го драматурга 30-чу шерашкахь язйинчу произведенешкахь, къаьсттина «ЦIиэн гIан» цIе йолчу турпалаллин драмин хиллачу кхиамо гойту иза. Пхийтта сов драматургически произведени язйинна цо. Йоккхачу корматаллица язйинна ю царах дукхаха ерш.

Цу тайпана, С. Бадуев къоман драматургин а, театран а бухбиллархо ларалуш ву.

«Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу пьеса ешна а йоьшуш, цуьнан чулацамах дешархой кхета а беш, текст тIехь болх бар дIахьур ду классехь.

Дукха хьолахь драматически произведени тIехь болх бан бIегIийла хуьлу «авторан лорах» воьдуш иза къасторехула. «Авторан лорах воьдуш» произведени къастор олу юьххьера дуьйна йола а йинна, сюжет кхуьуш схьа ма-ярра йолчу кепехь произведени талларх. Цу тIера хиламаш кхочушхиларан раж ю кхузахь исбаьхьаллин произведени къасторан бухе юьллург. Iамош йолу произведени, цуьнан сюжет, кхнаран рожехь йийцаре а еш, талларо бIегIийлаш кхуллу дешархошна цу тIерачу хиламех, кхочушхуьлуш долчу гIуллакхех кIорггера кхна, церан идейни а, исбаьхьаллин а маьIна довза. Кхузахь ала деза, «авторан лорах» произведени толлу бохург дац юьххьера дуьйна йола а йинна иза чекхъяллалц цу тIехь мел болу хиламаш, кхочушхуьлуш долу дерриге а гIуллакхаш къасто деза бохург. Ишттa произведени къасто-м хан а тоьур яц, я оьшуш а дац. Кхузахь дан дезарг ду, произведенин сюжет шайх лаьтташ йолу, оцу произведенин идейни а, исбаьхьаллин а чулацам шайгахула билгалболуш йолу коьрта эпизодаш, цу тIехь кхочушхуьлуш долу коьрта гIуллакхаш, уьш кхнаре хьаьжжина, дешархошца къастор. Цу тайпана исбаьхьаллин произведени къастош, дешархоша тидам бо авторан ойла кхнаран, цуьнан идейни тIетовжамийн: произведенин идейни чулацам а, исбаьхьаллин форма а цхьатерра,

вовшах ца йоккхуш толлу цара, «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеса цу кепара Iамор шеца эвсаралла йолуш ду.

Пьеса 30-гIа шераш дуьйлалучу хенахь язйина ю, цу тIехь хIиттийна проблемаш а, къастийна гIуллакхаш а оцу хенахьлера ду. ХIинцалерчу дешархошна генаро хан ю иза. Цундела хьехархочо, пьесин текст тIехь болх бан дуьйладалале, шен хьалхарчу дашехь дуьйцур ду оцу муьрехь Нохчийчохь хиллачу социально-исторически хьолех лаьцна. Ярташкахь юкъара бахамаш вовшахтохаран хьокъехь юьртахой колхозхошкий, цхьалхахошкий, юккъерхошкий бекъабелла хиларх лаьцна, кулакийн Iалашонех хьахор ду хьехархочо шен доццачу хьалхарчу дашехь. Дешархошна цу хьокъехь хууш дерг карладоккхур ду. Масала, цара хьалха Iамийнчу Дудаев Iабдин «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» цIе йолчу стихотворенин а, кхечу предметийн урокашкахь хиинчух а пайда оьцур бу.

Драматургически произведени дукха хьолахь цIахь шаьш еша ца лууш хуьлу дешархой. Цара иза йоьшу агIо лохур ю хьехархочо. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьесин дакъош ролашкахь доьшуьйтуш а, пьеси тIехь дешархойн тидам тIегIонболу меттигаш билгалйохуш а, цу тIерачу къовсамах лаьцна дуьйцуш а болх бо хьехархочо юьхьанца дешархойн пьесига безам бахийтаран Iалашонца.

Пьесин хьалхарчу декъа тIехь болх беш тидам бийр бу иза дIайолалуш ДжамалдагIеран доьзал гайтаран башхаллин. Муха ю церан вовшашца йолу юкъаметтигаш? Самукъане бу уьш, я оьгIазе бу? Джамалдин, Бекисатан къамелехь муха билгалдолу церан доьзалера хьал? — бохучу хаттарша гIо дийр ду дешархошна, гойтур ду пьесин персонажийн амалш церан къамелашкахь, цара кхочушдечу гIуллакхашкахь билгалйовлуш хилар. Повествовательни произведенешкахь санна, авторан къамел, цуьнан ойланаш гуш ца хуьлу пьесаш тIехь. Драматургически произведенийн турпалхой вовшашца кхийсаме бовлу, оцу, дукха хьолахь ира хуьлчу, къовсамехь гучуйовлу церан амалш. Дешархошна кхетам лур бу драматургически къовсамах (конфликтах), цуьнан къастамаш бовзуьйтур бу.

Пьесин хьалхара дакъа деша а доьшуш, цуьнан текст тIехь болх бар чекхдаьлча, классана хьалха хIоттор ду учебникан тIерачу тIедахкарех хьалхара кхо хаттар.

ЦIахь дешархоша учебникан «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолу статья Iамор ю, хрестомати тIера пьесин шолгIий, кхоалгIий дакъош доьшур ду.

Шолгlачу урокехь «Большевикаллица ялта дерехьа» пьесин шолгIачуй, кхоалгIачуй дакъош тIехь болх а беш, коллективизаци кхочушъяран тема авторан къастаран башхаллаш юьйцур ю, пьеса Iаморан жамIаш дийр ду.

Пьесин шолгIа лакъа долалуш хIоттийна сурт дустуьйтур ду хьалхарчу декъан юьххьехь кхоьллинчу суьртаца. ТIаккха дешархошна гучудолу Джамалдагlеран доьзалехь диканехьа хийцамаш хилар. Колхозе язбелла Джамалдгlар дог токкха, вовшашца а белабелла, бекхабелла бу, хьалха санна кIоршаме, девне бац. Джамалдин, Бекистан ойла а хийцаелла, социалистически дахаро дахьачу керлачунна тIейирзина церан ойла. Жамалда йоза-дешар lамо гIерташ ву, Рукъняте шена деша lамадойтуш го вайна иза.

Къехой колхозе а язбелла, юккъерхой а шайна тIе а озош, кулакашна дуьхьал бовлар гайтина пьесин шолгIачу а, кхоалгIачу а дакъошкахь. Кулакашна ондда дуьхьало йо цара. Арсбига а, и санна болчу кхечу кулакашка а кхин ла ца доьгIуш, шайна новкъара уьш дIа а баьхна, колхозехь жигара болх беш бу къехой. Юьхьанца колхозана юьстах лаьттина волу Жамалда хIаттаралица болх беш ву юкъарчу бахамехь. Ахархочун психологи хийцаялар lаламат хала кхочушхуьлуш гIуллакх ду, цунна даккхий бахьанаш а, таронаш а еза. Иза дика гайтина пьесн тIехь. Цхьалхахой кхетта, шайн декъаза бахамаш лело гIертачул, колхозе а хIиттина, юкъарчу бахамехь дакъалацар пайдехьа хиларх. Комсомольски организацис, комсомолец-хIаттархо волчу Хьалим къехошна юкъахь дIабаьхьначу кхеторан балхо гIо дира царна нийсачу новкъа хIитта.

Комсомольцийн куьйгалхочун Хьалиман васт къеггина кхоьллина автора. Пьесин текст тIехь болх беш дешархошка къастадойтур ду Хьалиман а, Жамалдин а, кхечу къехойн а, ткъа иштта кулакан Арсбин а васташ.

Учебник тIехь кIорггера анализ йина «Большевикаллица ялта дерехьа» пьесин идейни а, исбаьхьаллин а башхаллин. Классехь пьесин текст тIехь болх беш пайда оьцуьйтур бу дешархошка оцу материалах. Учебник тIерачу тIедахкарех 5—7-гIий хаттарш къастадойтур ду дешархошка урокан материал тIечIагIъяран маьIнехь.

ЦIахь бан болх: учебник тIера «Большевикаллица ялта дерехьа» статья lамор.

Яздархочун кхолларалла lамош тIаьххьарчу урокан тема хир ю: «Бадуев СаьIид — нохчийн советски литературан бухбиллархо».

Урокехь пайда оьцур бу лекцех а, фронтальни хаттарх а, дешархошца дечу къамелах а.

Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин кхолларалла, цуьнан механлла нохчийн ерриге а литературан контекстехь гайта хьожур ву хьехархо. Учебник тIехь йолчул совнаха хIокху материалах пайда оьцур бу.

Къоман литература сиха кхуьуш схьаеана хан ю 20—30-гIий шераш. ХIетахьлерчу литературехь коьртанаш поэтически жанраш ларахь а, цаьрца цхьаьна кхуьуш схьаеана проза а, драматурги а. Оцу шерашкахь яздина ду Сальмурзаев Мохьмадан дийцарш, Эль-

дарханов Iисин, Шерипов Денильбекан пьесаш, Бадуев СаьIидан дийцарш, очеркаш, повесташ, пьесаш, роман, Арсанов СаьIид-Бейн дийцарш, «Ши тIаьхье» цIе йолу роман, Айсханов Шамсуддинан очеркаш, дийцарш, пьесаш, цаьрга терра кхиболчу авторийн прозаически произведенеш а. Оцу хенахьлерчу вайнехан литературехь юьхь еш ерш С. Бадуеви произведенеш хилла, ткъа цуьнан кхоллараллехь, поэтически жанрашца цхьаьна, дукхаха ерш прозаически а, драматургически а произведенеш ю. Бадуевна шера гуш хилла къоман дахарехь хуьлуш лаьтта баккхий социальни хийцамаш гайта тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу произведенеш оьшуш хилар. Ша болх а бина цо массо а жанрашкахь. 1930 шарахь зорбанера араяьлла цуьнан «ПетIамат» цIе йолу роман вайнехан литературехь дуьххьарлера ю.

Дуьненан уггаре а кхиначу литературашна юккъехь а механала лоруш йолчу оьрсийн классически а, советски а литературах пайда эца таро хиларо гIо дира Бадуев СаьIидана а, кхиболчу къоман яздархошна а исбаьхьаллин корматалла караерзо. Шайн чIагIлуш лаьттачу исбаьхьаллин дашца дакъалецира яздархоша социалистически дахарехьа халкъо латтош болчу къийсамехь. В. И. Ленина шен «Партийни организаци а, партийни литература а» статья тIехь яздина: «Литературни гIуллакх пролетарски гIуллакхан цхьа дакъа ду», — бохуш. Оцу статья тIехь кхидIа а билгалдаьккхина В. И. Ленина, социалистически революцис кхоьллина йолчу литературо «миллионаш, масийтта миллионаш къинхьегамхошна»[1] гIуллакх дийриг хилар. Октябро кхоьллина йолу нохчийн литература, ерриге а дукхакъаьмнийн советски литератураш а санна, шен йолчу таронашца керлачу дахарехьа къийсам латточу халкъаца цхьаьна яра. Советан Iедал дIа а хIоьттина, вайн Даймахкахь социалистически дахар кхуллучу хенахь къоман литературан идейно-тематически чулацам халкъан бахам социалистически тIегIан тIе баккхаре хьажийна бара. Яздархойн тоьлашха йолчу произведенеша дIаяханчу заманах бухадисинчу зуламечу Iадаташца къийсам а латтабора, дешар а, социалистически культура а халкъана юкъа яржайора, керла дахар дIахIотторехь новкъа дерг Iорадоккхура. С. Бадуеви поэтически а, драматургически а, прозаически а, публицистически а произведенеш яра оцу хенахьлерчу литературехь Iаламат мехала ерш. Къоман литературан ерриге а жанрашкахь кхиамца болх бина волу Бадуев СаьIид Сулейманович бакъонца нохчийн советски литературан бухбиллархо ларалуш ву.

ЦIахь дешархоша учебник тIера «Бадуеви кхоллараллин мехалла» боху статья а Iамор ю, сочинени язъян кечам а бийр бу.

Бадуев СаьIидан кхоллараллих лаьцна шина урокехь сочинени язйийр ю дешархоша. Лаккахь вай билгалъяьхначу а, учебник тIерачу а материалех пайда эца тарлур ду.

[1] *Ленин В. И.* Поли. собр. соч. Т. 12. С. 104.

• • •

Зеделларг долчу хьехархоша Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а лаьцна материалаш юккъехь йолуш папка кечйо, яздархочун произведенеш тIехь дешархошца болх беш пайдаэца. Новогрознера № 2 йолчу юккъерчу школан хьехархочо Эльдаров Iабдулкъахlар Алудовича кечйинчу папки юккъехь ю чулацаме материалаш. Папкин мужалта тIехь Бадуев СаьIидан сурт ду. Иза схьа ма-йиллинехь хьалхарчу кехат тIехь яздархочун кхолларалла 8-чу классехь Iаморан тематически план ялийна. Иштта ю хьехархочо хIоттийна тематически план:

Бадуев С.-С. С. — 11 сахьт

I. Бадуев СаьIидан дахаран а, кхолларалли а некъ.
«Паччахьан замане» цIе йолу стихотворени. — I сахьт.
II-IV. «ЦIеран арц» цIе йолу повесть. — 3 сахьт.
1. Повестан чулацам.
2. Кулдевич а, цунна тIаьхьабозурш а.
3. Хонмурд а, цуьнан доьзал а.
ЦIахь язъян сочинени ялар.
V-VIII. «Бешто» — 4 сахьт.
1. Повестан чулацам.
2. Повестан тема а, дIахIоттам а.
3. Бусанин, Бештон васташ.
4. Хизрин а, кхечеран а васташ. Повестан идейни чулацам.
IX-XI. «Большевикаллица ялта дерехьа» пьеса — 3 сахьт.
1. Пьесин хьалхара дакъа.
2. Пьесин шолгIа дакъа.
3. Пьесин кхоалгIа дакъа. Бадуев СаьIидан кхолларалла Iаморан жамIашдар.

Альбоман шолгIа кехат «Паччахьан замане» цIе йолчу стихотворенина лерина ду. Иштта бу цуьнан чулацам.

«ПАЧЧАХЬАН ЗАМАНЕ»

План

1. Стенах лаьцна дуьйцу «Паччахьан замане» цIе йолчу стихотворенехь?
2. Муха дIайолало и стихотворени?

Иза дIайолало лирически турпалхочо паччахьан заманца йолу юкъаметтиг билгалйоккхучу тIедерзарца:

ХIай паччахьан зама,
Кхехкадарх цхьаьнатIийр дацара вай!

Стихотворени тIера кхидIа долу дерриге а оцу дешнийн маьIна кIаргдеш а, достуш а ду.

3. Паччахьан заманан къизалла.

4. ХIун ду лирически турпалхо паччахьан заманна дуьхьал ваькхинарг?

5. Стихотворени тIехь «паччахьан зама» бохачу дешнийн маьIна.

Паччахьан Iедал а, хьолахой а, паччахьан олаллица адамаш Iазапехь дахкориг дерриге а цаьрца билгалдаьккхина стихотворени тIехь.

6. Къехошкахь латтийна балане гIуллакхаш стихотворенехь оьгIазаллица билгалдахар:

Ахь ца диттира хийла вежаршна
Коге буржулаш?
Ахь ца гайтира баллалц царна
Балин Iаьржа набахтеш?
. . . . . .
Хийла бай ахь ца хаийра
ТIера да-нана дийна?

Цу тайпана Iора доху паччахьан заманан «Iаьржа», къиза гIуллакхаш.

Автора гойту къинхьегамхой оцу баланех паргIат а бевлла, сирлачу новкъахь керла, социалистически дахар дIахIоттош хилар:

Делахь хаалахь, ас хьо некъ
Къинхьегамхошца буйла,
Даккхийдеш тхо доьлху некъ
Куьзганан серлонца буйла.

Шен ерриге а ойланашца: шен гIайгIанашца, баланашца, шен хазахетаршца, воккхаверашца халкъаца цхьаьна ву Бадуевн лирически турпалхо. Иза къинхьегамхойн векал ву.

Стихотворени тIехь чIагIдо къинхьегамхой паччахьан зама дIа а яьккхина (цунах «чим хилла богIу»), социалистически дахар дIахIоттош хилар.

Альбоман кхоалгIий, доьалгIий, пхьоалгIий кехаташ тIехь «Бешто» повесть Iаморан дидактически материал ю. Иштта бу церан чулацам:

«БЕШТО»

Бештон, Бусанин васташ

1. ХIун зама ю повесть тIехь гайтинарг?
2. Муьлха турпалхой бу повесть тIехь бакъо ларъеш?
3. Муьлхачу турпалхоша лелайо харцо?
4. ХIун бахьана ду Бусанин, Бештой дакъаздаларан?

Бештон васт

1. Мила ву Бешто?
2. Стенах дозаделла ду повесть тІера гІуллакхаш?
3. ХІун ду Бештон ирс дацар?
4. Бештон амалийн коьрта агІонаш:
а) гІиллакх а, оьздангалла а хилар;
б) шен ненаца дика, къинхетаме, доглозуш хилар;
в) догцІена безам а, харцо ца езаш хилар а.
5. Бусанина муха хета Бештон гІиллакх-амалш?
6. Муха къовсам бу Хизарний, Бештоний юккъехь берг?

Бусанин васт

1. Мила хилла Бусана?
2. Муха хІоттадо автора цуьнан сурт?
3. Муха евза вайна Бусана?
4. Муха хадабо Бусанас стеган мах?
5. Бусанин амалийн коьрта агІонаш:
а) кІорггерчу дог-ойланна а, безамна а хьуьнаре хилар;
б) дахарехь дика Іалашо хилар;
в) харцонна дуьхьалъялар.
6. Шен сий лардеш къийсаме ялар а, хІаллакхилар а.

Повестан мехалла

ХІинца а ишттанига нисдала тарлуш хилар.

Хизрин васт

1. Мила хилла Хизар?
2. Хизарнйн амалийн коьрта агІонаш:
а) къизалла а, ша шех тоам бар а;
б) хьал дезар;
в) шена луург хилчхьана, хІуъу хиларх бен ца хетар;
г) дин лоруш а, шира Іадаташ лардеш а хилар.

Хьехархо: Вайна ма-хаъара Хизар шен Бусанил йоккхаха йолу ши йоІ маре еллачул тІаьхьа хилира хьалдолуш. Иза ца хьоьжура шен шина йоьІан лааме а, безаме а. Цо и шиъ, хьайбанаш санна, мах боккхуш йоьххира.

Повесть тІехь Бусанин да Хизар дуьххьара вовзуьйтуш автора хьахадо иза совдегаршца уьйр йолуш хилар а, Іадат а, дин а цо дика леладар а, шен долахь кІа ору машина а, уй доху чарх а, шиъ хьер а цуьнан хилар а. Иза а, и санна долу тІоьхула гуш дерг а ду вайна юьхьенца Хизарех хуург. Цул тІаьхьа автора толлу Хиза-

рин амалш. Повестан хиламашкахь ма-ярра Iорайоху Хизарин деган къайленаш.

«Бусанех чIогIа воккхавеш вара Хизар, иза а цхьана совдегаре дIанисйийр ю ша бохуш...» Цундела аьттехьа а ца дуьту цо Бусана даго хаьржинчу къечу Бештога маре яхийтар. Хизар шен йоI ца езаш вац. Ирс долуш хилар Хизарин кхетамехь алссам хьал долуш хилар ду.

Альбоман йолхалгIий, ворхIалгIий, борхIалгIий агIонаш «ЦIеран арц» цIе йолчу повестана хьажийна ю. Иштта бу церан чулацам.

«ЦIЕРАН АРЦ»

Залубин гIийла дахар

Залубин «кIайчу аматахь йолчу горгачу юьхьа тIера даккхий Iаьржа бIаьргаш, Iай беттасехь буьйсанна ло санна, даима догуш дара, цуьнан тоьлла, безамехь долу дегI а, цунна болчу сингаттамашна, чехка уьдучу деношца лелина доьдура, цуьнан лун беттан дуткъа ши балда дукха хенахь дуьйна схьа делха Iемина дара. Иштта елхар карадирзина йолу Залуба шел а елхарна тIерачу Баноца кест-кестта йоьлхура, вовшашна тIеттIа а таьIий, голаш тIе куьйгаш а детташ, гIийла тийжарца, бIаьргех оьху мела тIадамаш дIадаха а ца ларош».

Банос мохь тухуш олу:

«Ва везан дела! ХIун гIуда ду ахь тхох хьарчийнарг?... Мел доккха хIума ду тхо гIийлачу зударшка хIоьттина бала».

«ЦIеран арц» повесть тIехь Хонмурдан а, цуьнан доьзалийн а васташ

П л а н

1. Мила ву Хонмурд?
2. Цуьнан ойланаш Кулдевичгiеран ойланех тера юй?
3. Хонмурд а, цуьнан доьзал а халкъан ламаставца бехаш хилар:

а) хьаша-да тIеэцар; гIийлачунна гIодар;

б) къинхетаме дог-ойла хилар; цундела боху цо: «Суна-м ца хаьий царах хIумма а, ша айса, цара меца ду шаьш аьлча, вай мостагIчунна а лун сискал ялар доцург».

4. Кулдевичан, Хонмурдан ойланаш вовшашца юстар.
5. «Ницкъаца» Кулдевич тоьллехь а, шен адамаллица, цIенчу дог-ойланца тоьлларг Хонмурд хилар.

6 Автора къийхьегаман нехан оьздангалла, хаза гІиллакхаш Кулдевичан, Мирзин ямартчу ойланех юстар.

7. Авторан Залубех а, Банох а доглазар.

8. Муха гойту Залубин сурт?

9. Цуьнан оьзда гІиллакхаш, цІена дог-ойла.

10 **Бано.**

а) цуьнан оьздангалла;

б) могашалла шегахь яцахь а, муха ю цуьнан адамалла, оьздангалла?

в) хьаша эцар муха ду цуьнан?

Кулдевич а, цунна тІаьхьа бозуш берш а

П л а н

I. Повесть тІехь авторан Іалашо.

II. Повестан персонажаш шина тобане екъалуш хилар.

1. Муха дІайолало повесть?

Кулдевичан оьгІазалла гайтарца иза дІайолаялар: «ЧІогІа оьгІазвахана, цергашца лахара балда а лаьцна... чухула дІасалелаш вара пурстоп Кулдевич... Кхин къарза йиш йоцуш сел чІогІа къаьрзина Кулдевичан юьхь». Повестан юьххьехь дуьйна а чІогІачу цабезамца гойту автора цуьнан юьхь-сибат.

2. Авторан цуьнга безам цахилар.

3. Кулдевича миска къехой тІеэцар, царах «доглазар» муха дара?

4. Массарна а бихкина барий цунна тІебоьду некъ?

5. Кулдевичан мискачу нахаца йолу юкъаметтиг муха билгалйолу?

6. Адамийн оьздангалла цахилар.

7. Ямарт хилар.

8. Къинхетам боцуш хилар.

Мирза — Кулдевичан герггара гІоьнча.

1. Мирзина хІунда бацара Кулдевичана тІебоьду некъ бихкина?

2. Мирзин ямартло.

3. Иза шен амалшца Кулдевичах тера хилар.

4. Мирзехь я яхь а, я адамалла а, я стогалла а цахилар.

Элберт.

Цуьнан къизалла. Иза адамаллин амалш йоцуш хилар повестехь гайтар.

«ЦІеран арц» повестан идейно-исбаьхьаллин башхаллин жамІаш дар.

БАДУЕВ САЬИДАН КХОЛЛАРАЛЛА ІАМОШ КЛАССАЛ АРАХЬА БЕН БОЛХ

Бадуев СаьІидан кхолларалла Іамош классал арахьарчу белхан Іалашо ю яздархочун дахарна, цуьнан произведенешна тІе дешархойн тидам бахийтар, езаялийтар, уьш еша а, Іамо а церан ойлакхнор. Яздархочун шен Даймахке, халкъе хиллачу безамах, цуьнан интернационалын дог-ойланах, цуьнан кхолларалл1ин идейни а, исбаьхьаллин а чулацамах кІорге йоллуш кхна дешархошна гІодаран Іалашонца вовшахтуху классал арахьара болх. Урокашкахь а, классал арахьа бечу белхан Іалашонаш цхьаьнайогІуш, цхьатерра ю, амма цуьнан форманаш къаьсташ ю. Классал арахьа дІахьочу белхан чулацаме хьаьжжина ша тайпана ю пза кхочушбаран форманаш а. Ткъа оцу белхан коьрта башхалла ю яздархочун произведенеш дешархоша шаьш еша езаш хилар. Урокашкахь Іамошйолчарел совнаха, кхийолу Бадуевн произведенеш дешархошка ешийтар кхочушдо хьехархочо классал арахьара болх дІахьош. Шайн лаамца, хьехархочо уьш ешар чІагІдинна тІе а ца дожош, ешийтаран кеп лоху классал арахьарчу балхахь. Дешархойн хене, церан литературин хааршка хьаьжжина билгалйоху классал арахьа йоьшу йолу произведенеш. Урокашкахь Іамош доцу Бадуевн дийцарш, очеркаш, повесташ, стихотворенеш, поэмаш, хабарш хир ду уьш. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун муьлха произведенеш йоьшу дешархоша шаьш, муха кхета уьш царех, оцу произведенийн идейни чулацамах, исбаьхьаллин башхаллех пайда а, марзо а оьцийг цара, бохург билгалдаккхархьама къамелаш до хьехархочо классаца а, хІора дешархочуьнца шеца а. Цара гойтур ду дешархойн Бадуев СаьІидан кхолларалл1ица муха юкъаметтигаш ю, гІо дийр ду хьехархочунна дешархойн шовкъех кхна, яздархочун кхолларалле болу безам чІагІбан.

Хьехархочо урокехь Іамочу произведенел совнаха цІахь шаьш ешначу произведенешна догІу хаттарш а хІитто тарлур ду классана хьалха, амма оцу хаттаршна тІедожжийна жоьпаш доьхур дац цо, уьш классал арахьа еша езачу произведенешна дешархойн тидам тІебахийта, еша догданийта, езаялийта Іалашо йолуш хир ду. Юзанан белхаш язбойтуш а классал арахьа ешна произведенеш

юкъаяло таронаш хуьлу агIо лохур ю хьехархочо. Бадуев СаьIидан произведенеш Iамор чекхдолучу тIаьххьарчу урокехь жамIашдеш а и материал юкъаялайойтур ю дешархошка. Цу тайпана, Бадуевн кхолларалла Iамош урокехь бен болх а, классал арахьара дешар а цхьаьнадогIуш дIахьур ду.

С. Бадуевн дахар а, кхолларалла а Iамош классал арахьара болх дIабахьар тайп-тайпанчу форманашца кхочушдан тарлур ду: яздархочун произведенеш дешархоша цхьаьна а кхеташ (коллективно) ешар, уьш йийцаре яр, яздархочун дахар а, кхолларалла а Iаморан кружок вовшахтохар, литературни Iуьйренаш а, суьйренаш а дIаяхьар, цуьнан произведенешкахула театро хIитточу спектаклашка хьовсар, цигахь ролаш ловзочу актерашца уьйраш тасар, яздархо ваьхна а, цуьнан кхолларалле йоьзна а йолчу меттигашка экскурсешка дахар, школехь яздархочун кхолларалле йолу выставка кечъяр. Гуттар а дика хир дара школехь Бадуевн музей схьайиллича.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочун дахарх а, кхолларалли лаьцна классал арахьара болх дIабахьа школехь хIокху тайпана план хIотто мегар ду.

1. Дешархошца шайн хенаца йогIуш йолу Бадуев СаьIидан произведенеш ешар а, йийцаре яр а вовшахтохар.

2. Фотохрестомати тIе дIаязйинчу яздархочун произведенешка ладогIар.

3. ХIора классехь а Бадуев СаьIидан произведенеш дика йоьшурш билгал а баьхна, параллельни классашца конкурс дIаяхьар.

4. Урокашкахь Iамийнчу а, дешархоша шаьш ешначу а С. Бадуевн произведенешна иллюстрацеш яхкар.

5. Дешархоша ехкина тоьлашха йолу иллюстрацеш гул а йина, царех альбом кечъяр.

6. Бадуев СаьIидан кхолларалле хула викторина дIаяхьар.

7. Яздархочун произведенеш тIехь (я церан дакъош тIехь) инсценировкаш а кечъеш, школьни сцени тIехь хIиттор.

8. Бадуев СаьIидан дахарна, кхолларалли на лерина школьни пенан зорбанан газета арахецар.

9. 7—10-чуй классийн дешархоша лахарчу классашна С. Бадуевн кхолларалле хь литературни Iуьйре а кечъйина, иза дIаяхьар.

10. Бадуев СаьIидаца кхолларалли н а, доттагIаллин а уьйраш яьхкинчу а, иза вевзаш хиллачу а яздархошца (Саидов Билал, Сулаев Мохьмад, Сулейманов Ахьмад, Джамалханов Зайнди) цхьаьнакхетар.

11. Лакхарчу классашкарчу дешархоша дай-наношна, юьртахошна хьалха нохчийн советски литературан бухбиллархочух лаьцна къамелаш, докладаш яр.

12. Бадуев СаьIидах лаьцна йолу литература гулъяр.

13. Яздархочун дахарх а, кхолларалле а йолу выставка школехь кечъяр.

14. Бадуев СаIида кхолларалле хула конференци дIаяхьар.

15. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун дахар а, кхолларалла а Iаморан кружок школехь вовшахтохар.

Оцу планаца классал арахьара болх дIабахьар кхочушдийр ду шайн школерчу хьелашка а, дешархойн таронашка а хьаьжжина, Цу тIехь билгалдаьхна цхьадолу гIуллакхаш юкъарадохуш, керланаш юкъадалош, шайн таронашца йогIучу кепара хIоттор ю иза хIора коллективехь.

ФАКУЛЬТАТИВ А, КРУЖОК А

Бадуев СаIидан кхолларалла Iамо тарлур ду факультативин занятешкахь а, нагахь санна программаша билгалдаьхначу факультативин сохьтех цхьадерш оцу балхана дIахьажо школехь барт хилахь. ТIаккха факультативан дакъалацархошца дIахьур ду нохчийн советски литературан бухбиллархочун дахар а, кхолларалла а кIорггера Iамор. Кхузахь шуьйра дуьйцур ду яздархочун дахарх лаьцна, цуьнан идейно-политически кхетам а, гIиллакхоьздангалла а кхиарехь мехала хилла гIуллакхаш юкъа а далош; гойтур ю цуьнан исбаьхьаллин корматалла кхиаран башхаллаш, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн яздархошца цуьнан хилла доттагIаллин а, кхолларалли а уьйраш, юкъараллин дахарехь жигара дакъалацар; билгалдоккхур ду къоман драматурги а, театр а кхолларехь цуьнан долу маьIна, нохчийн советски литература а, культура а кхиорехь цо кхочушдинарг. Факультативехь Бадуев СаьIидан произведенийн идейни чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а йийцаре а еш, кIорггера Iамор ю цуьнан дуккха а жанрех лаьтташ йолу кхолларалла. Яздархочун меттан говзалла а, суртхIотторан гIирсаш а, цуьнан кхолларалли исбаьхьаллин хатI а толлур ду дешархошца.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочух факультатив дIаяхьа ницкъ ца кхача тарло цхьайолчу школашкахь, амма муьлхха-чу а школехь таронаш ю Бадуев СаьIидан кхолларалла Iаморан кружок вовшахтоха. Оцу кружокан белхан чулацам тайп-тайпана хила тарло: классехь Iамочу произведенеш тIехь кружокан занятешкахь кхидIа а болх бар; урокашкахь ца Iамочу произведенеш тIехь болх бар; яздархочун кхолларалли на юкъара цхьа проблема билгал а яьккхина, иза къастор кхочушдар (масала: Бадуев СаьIидан кхолларалле хь ширачуьнца кхийсам а латтош, къоман оьзда гIиллакхаш, ламасташ чIагIдар; Бадуев СаьIидан кхолларалле хь керла, социалистически дахар дIахIотторан тема; Бадуев СаьIида зударийн васташ кхолларан башхаллаш; Бадуев СаьIида атеистически тема къасторан башхаллаш, цаьрга терра кхнерш а). С. Ба-

дуевн нохчийн драматурги а, къоман театр а кхнорехь долчу доккхачу маьIнина тIе а доьгIна, кружокан белхан тема харжа мегар ду «Бадуев СаьIид а, къоман театр а». Коьрта долчу декъана хIокху тайпа гIуллакхаш къастор ду оцу темехула болх бечу кружокехь:

1. Нохчийн советски литература кхоллаяларехь а, иза кхнарехь а Бадуев СаьIида кхочушдинарг.

2. Бадуев СаьIидан кхолларалле хь халкъан бартапроизведенийн маьIна.

3. Яздархочун драматургически произведенеш, цуьнан кхолларалле хь цара дIалоцу меттиг.

4. Бадуев СаьIидан дуьххьарлера пьесаш («Дайн Iедал» — Эльдарханов Iисица цхьаьна язйина йолу, «Марха досту де», Гуттур а ца хуьлу моллина мовлад»), уьш театро хIиттор а.

5. Кхоллалуш йолчу къоман драматически театраца Бадуев СаьIидан хилла уьйраш, театран балха тIехь цо юххера дакъалацар.

6. Бадуев СаьIидан драматургин шуьйра тематика («ЦIен гIап», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел», «ПетIамат»).

7. Драматурган пьесаш къоман театран 1930 шерашкахьлерчу репертуарехь.

8. Бадуев СаьIидан пьесашкахула хIиттийнчу спектаклийн кхиамаш («ЦIен гIап», «ПетIамат», «Политотдел», «ЦаIебина зудаялор»).

9. Бадуев СаьIидан произведенеш хIинцалерчу театран сцени тIехь» («Бешто», «ПетIамат», кхиерш а).

10. Нохчийн драматически театраца уьйр тасар, артисташца цхьаьнакхетар, театран спектаклашка хьовсар.

11. Нохчийн драматурги а, театр а кхнарехь Бадуев СаьIидан кхолларалли маьIна.

12. Драматически кружокаца цхьаьна Бадуев СаьIидан произведенеш тIехь инсценировкаш хIиттош дакъалацар.

13. Бадуев СаьIид дагавогIуш болчу яздархошца, цуьнан гергарчу нахаца юххера уьйраш латтор.

14. Школехь Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли х а лаьцна класссал арахьа кхочушбечу балха тIехь коьрта дакъалацар.

Бадуев СаьIидан кхолларалла Iамочу кружокехь дешархоша яздархочун дахарх, произведенех долу шайн хаарш шордо, тIедузу. Царна кIорггера евза нохчийн советски литературан бухбиллархочун кхолларалли корматалла, цуьнан исбаьхьаллин хотIан башхаллаш, уьш Iема авторан произведенешкахь иза дуьнене хьежарх, цуьнан гражданки дог-ойланах кхиа. Исбаьхьаллин литературах болу юкъара кхетам кIаргло дешархойн, кхечу яздархойн произ-

веденех кхета, церан кхолларалли башхаллаш йовза таро хуьлу. Дика вовшахтоьхна болх дIахьочу кружоко гIо до дешархошна шайн литературни хьуьнарш зерехь а.

Хьехархочун белхан эвсаралла сайолу урокашкахь Iамошдерг а, кружокан занятешкахь дуьйцург а цхьаьнадогIуш, вовшийн тIедузуш дIадаьхьча. Иштта болх бечарех ву Аргун-гIалара № 2 йолчу юккъерчу школан нохчийн меттан, литературан хьехархо И. А. Атуев. «Тайп-тайпана гIуллакхаш до цу хьехархочо ненан мотт дешархошна дика Iаморхьама. Атуевс къаьсттина дика Iамайо дешархошна нохчийн поэтийн, яздархойн произведенеш... Хьехархочо хIора классехь а карлайоху вайн литературан бухбиллархочун С. Бадуевн произведенеш. Цуьнан а, кхечеран а произведенешца бовзуьйту берашна вайн мохк, халкъан оьзда гIиллакхаш, церан къоначу дегнашкахь кхуллу яхь, дозалла, патриотизм.

Классехь Iамийнчух тоам ца бо хьехархочо. Цо тIедуьллу дешархошна цIахь нохчийн яздархойн книгаш ешар, стихаш Iамор, шаьш язъян Iама гIортар»[1]. Школехь И. А. Атуевс вовшахтохьна литературан кружок «Адин Сурхо». Дикачу белхан дика жамIаш а хуьлу. Дуккха а дешархой бу школехь стихаш, дийцарш яздеш. Царех поэташ, яздархой хир бу бохург дац, амма ненан матте, литературе, исбаьхьаллин даше церан безам хилар, иза кхидIа а чIагIлург хилар ду коьртанниг.

КОНФЕРЕНЦИ

Классал арахьара болх дIабахьарехь мехала форма ю дешархойн конференцеш а. Цара гIо до яздархочун дахар, цуьнан кхолларалли некъ, билггалйолу произведенеш кIорггера йовзийтарехь. Исбаьхьаллин произведени лерринa, ойла тIеяххийтина еша Iаморехь, цу тIерачу хиламийн, исбаьхьаллин вастийн, суртхIоттораn гIирсийн маьIна дан хаарш кхнорехь ю дешархойн литературни конференцийн мехалла. Тидамехь хила деза конференцехь дакъалоцуш болу берриге а дешархой шайн хенаца, литературни хаарша йийцаре еш йолчу темех кхетар болуш хилар.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочух лаьцна йолу конференци кечъеш коьрта дакъалоцур ду цуьнан кхолларалла Iамочу кружокахоша. Хьехархо царна тIетевжир ву конференцина кечамбеш дIахьочу вовшахтохараллин балхахь а, докладаш, къамелаш кечдарехь а. Тема билгал а йоккхий, план а хIоттайой, хьалххе дуьйна кечамбо конференцина. ХIокхарех муьлххачу а темица дIаяхьа тарлур ду конференци: «Бадуев СаьIидан произведенешкахь къоман дахар гайтаран башхаллаш», «Бадуев СаьIидан произведенешкахь зударийн васташ», «Бадуев СаьIида ширчуьнца кхийсам а латтош, къоман оьзда гIиллакхаш, ламасташ

[1] *С.-С. Саидов.* Кхочушхилла лаам. — Ленинан некъ. 1987. 3 апрель.

чIагIдар», «Нохчийн советски литературан бухбиллархочун Бадуев СаьIидан оьрсийн а, кхечу къоман а яздархошца хилла доттагIаллин, кхолларалли уьйраш», «Бадуев СаьIидан кхолларалли атеистически чулацам», «Бадуев СаьIидан произведенешкахь пачхьан Iедалан векалийн а, кIинхьегаман нехан а васташ кхолларан башхаллаш», «Бадуев СаьIидан кхолларалехь безаман тема».

Масех шо хьалха Iалхан-Юьртара № 1 йолчу юккъерчу школехь дIаехьира «Бадуев СаьIидан произведенешкахь зударийн васташ» цIе йолу конференци. Цуьнан план иштта яра:

1. Бадуев СаьIидан кхолларалли лаьцна хьехархочун хьалхара дош.

2. «ПетIамат» цIе йолчу романехь а, «ПетIамат» бохачу драми тIехь а ПетIаматан васт (дешархочун доклад).

3. «Бешто» повесть тIера Бусана (дешархочун доклад).

4. «ЦIеран арц» повесть тIерачу Банон, Залубин гIиллакхашкахь халкъан ламасташ (дешархочун доклад).

5. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьеси тIехь Бекисатан, Рукъиятан васташ (дешархочун доклад).

6. Пхиъчу докладийн хьокъехь шайна хетарг дешархоша билгалдаккхар (3—4 дешархочун къамелаш).

7. Конференци ерзош долу хьехархочун дош.

Докладаш, къамелаш деш дешархоша юкъаялайора яздархочун произведенеш тIера кийсакаш, йоьшура турпалхойн монологаш, диалогаш, церан ойланаш, синхаамаш билгалбовлу меттигаш. Оцу гIуллакхо конференцин чулацаман исбаьхьаллин агIо сайоккху.

Цхьайолчу школашкахь конференцина юкъаялайо (докладаш, къамелаш чекхдевллачул тIаьхьа) дешархоша яздархочун произведенеш тIехь хIиттийна инсценировкаш, стихаш, прозаически произведенеш тIера кийсакаш ешар, иллеш алар, эшарш лаккхар. Конференци темица цхьаьна догIу исбаьхьаллин дакъа мехала ду.

Нохчийн советски литературан бухбиллархочун кхолларалло яккхий таронаш ло классал арахьарчу занятешкахь а дешархошца атеистически кхетош-кхиоран болх дIабахьа. Дуккха а йолчу школашкахь ламасталле дирзина а тайпа болх бар. Гуьмсера № 3 йолчу юккъерчу школехь классал а, школал а арахьара кхетош-кхиоран болх вовшахтохархочо Л. И. Гануевас дуьйцу: «ХIора шарахь С. Бадуеви кхолларалли лерина конференци вовшахтохар ламаст хилла дIахIоьттина школан хьехархойн коллективехь... С. Бадуеви произведенеш занятешкахь Iамийна ца Iаш, хIора дешархочуьнга царах лаьцна йозанан болх байтар а лору оха дешархой атеистически кхетош-кхиорехь уггаре а мехалчарах цхьа гIуллакх. Цу хьокъехь шайн хаарш, зеделларг берашна дIалуш болх бо хье-

хархоша З. Исманловас, Р. Магомадовас, З. Кесабиевас, кхечара а»[1]. Литературни конференци дика форма ю билгалъяьккхина цхьа тема я произведени дешархошца кIорггера къасто.

ЛИТЕРАТУРНИ СУЬИРЕ

Яздархочун дахарх а, кхолларалле а лаьцна алссам материал айба таро луш ю литературни суьйренаш. Кхузахь дакъалоцуш дуккха а дешархой хуьлу. Школехь болх беш йолу ерриге а кружокаша кечамбо суьйренна. Бадуев СаьIидан кхолларалле лерина суьйре кечъеш драматически кружокан дакъалацархоша яздархочун произведенеш тIехь инсценировкаш хIиттор ю, васт хIоттош ешаран кружокахоша цуьнан стихаш а, проза а еша кечамбийр бу, суьрташ дахкаран кружокехь болчара произведенешна иллюстрацеш кечйийр ю, барта кхолларалла езархоша Бадуев СаьIида халкъан барта произведенех пайдаэцаран хьокъехь материалаш кечйийр ю, литературно-кхолларалле кружокан дакъалацархоша яздархочун дахарх а, кхолларалле а лаьцна доклад кечъеш коьрта болх дIахьур бу. Кънихьегаман кружокан дакъалацархоша мастерской чохь кечйийр ю оьшуш йолу стендаш а, сцени тIехь бан беза кечам а. Литературни суьйренна кечамбар дIадоладо лаххара а шн бутт хьалха, ткъа хьехархочо дешархошца цхьаьна харжа а хаьржина дIалур ю суьйре кечъеш болчарна литературни материал (стихотворенеш, прозин кийсакаш, драматически произведенийн дакъош), юьххьехь дуьйна а цу тIехь болх дIаболабайта.

Литературни суьйре шен чохь дIахьонйолу зал кечйинна хила еза. Цу чохь хилча бакъахьа ду:

1. Яздархочун доккха сурт. Цунна бухахь даккхийра элпашца хаза кечдина йоза:

БАДУЕВ САЬИД-САЛИХЬ СУЛЕЙМАНОВИЧ НОХЧИЙН СОВЕТСКИ ЛИТЕРАТУРАН БУХБИЛЛАРХО А, КЛАССИК А

(1903—1943)

2. Плакат: «Шен вахаран некъ а, говзалла а исбаьхьаллин литература хаьржина волу нохчийн дуьххьарлера яздархо вара СаьIид Бадуев. Иза вара нохчийн халкъан дукха башха корматалла йолу, говза а, уггар тоьлашха а волу яздархо — драматург а, прозаик а, поэт а».

(Мамакаев І. Ш.)

---

[1] *Абзотов Б.* Кхетош кхиабе къона атенсташ — Ленинан некъ. 1985. 20 январь.

3. Плакат: «Бадуев СаьIид доккха похIма долуш, башхачу корматаллин стаг вара. Шен халкъан ирсехьа, и ирс сирла а, дуьзина а хилийтарехьа дIахьочу къийсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара».

(Саидов Б. С.)

4. Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а гойтуш йолу стенд.

5. Дешархоша яздархочун произведенешкахула ехкина иллюстрацеш тIехь йолу стенд.

6. Школехь Бадуев СаьIидана лерина арахецна пенан газета.

7. Бадуев СаьIидан произведенех лаьцна дешархоша язйина сочиненеш а, кхиболу кхолларалли белхаш а.

8. «Ленинан некъ» а, кхечу а газеташ тIера а, «Орга» альманах тIера а схьаэцначу Бадуев СаьIидах йолчу материалех лаьтташ стенд.

9. Хаза дIа а яздеш, кечдина Бадуев СаьIидан произведенешкахула хIоттийнчу литературин викторинийн хаттарш.

10. Чайнворд «СаьIид Бадуев».

Литературин суьйре лерина ю 8—10-чуй классашна. Суьйренан программа хьалхха кеч а йина, машинкица зорба а тоьхна, хIор классе а, кружокашка а, нохчийн меттан а, литературан а кабинете а, библиотеке а луш школехь яржо еза.

Суьйренан программа:

1. Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а лаьцна доклад.

2. «Паччахьан заманна» Бадуев СаьIида дIа а яздина шен цхьана поэтически сборник тIехь зорба тоьхна долу (халкъан илли).

3. «Паччахьан заман» (стихотворени тIера дакъош).

4. «Партизан» (поэмин дакъа).

5. «Октябрь» (стихотворенин дакъа).

6. «Дуьйлало».

7. «Бешто» (повесть тIера дакъа).

8. «Тракторхо Жуьнид» (очеркан дакъа).

9. «Iаьржа деши» (стихотворенин дакъа).

10. «Цхьа чIара бу, боху...» (Бадуев СаьIида дIа а яздина, шен поэтически сборник тIехь зорба тоьхна халкъан илли).

11. «Большевикаллица ялта дерехьа» (пьесин шолгIачу декъа тIера).

12. Литературин викторина.

13. Чайнворд «Бадуев СаьIид».

Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а лаьцна доклад йийр ю хьехархочо я лаккхарчу классашкара дешархочо.

Хьоьца дерг ас къастор
Къолам, жайний кънйларца!
Вайна юккъе зІар ас хІоттор,
Дуцуш болатан сераца!

Суьйре дІахьошволчо: «Бадуев СаьІидан кхолларалле хь дуккха а произведенеш ю Советан Іедалехьа къйсам латтийничийн васташ кхуллуш. Царех ю «Партизан» цІе йолу чекхъяккхаза йисина поэма а».

Дешархочо, юкъа а волий, дІайоьшу:

ПАРТІЗАН

(дакъош)

Мукъамца алаза
Цхьа-ши дош дисина,
Иллица вийцанза
Цхьа накъост висина.
Ойлане тулгІенна
Къолам схьавцна,
Таханлерчу денна.
Со воллу ала
Дахаччу денойх,
Со воллу яздан
Буьрсачу денойх
ХІара керла сайн илли
Керлачу маттаца,
Партизан Биларбих
Керлачу йозанца...
Цу жимчу юьртан
Яцара тоха алу.
Царна орца оьшура,
Гонахарчу ярташкара
Царна герз оьшура.
Хир дара... мичара?
Цу юьртан къехой,
И бертахь партизанаш,
Бахнера орцах
Генарчу юьртана.
Цу юьртахь Биларби
Виснера партизан,
Цо ойлайира
Орцадаккха тахана.
Вала юьртара
И чехка кечвелира,
Шен герзаш дихкина,
Дийна тІе велира,
Иза юьртах иккхира,
ЧІуг хадош, юрт йитира.
Амма иза тІекхечира
Гена доццу хенна,
Ха лоцуш топ кхийтира
Цу кулла юккъехь,
Цу хІоьо и вагийра
Цу дикчу динахь,
Цу дошо вагийна,
Нуьйра чохь хьарчавелира.
Дин чехка бахарца
Динаца саца ца велира.
Карара топ юьтуш,
Иза охьатаьІира,
Карара урх озош,
Дин сацо вуьйлира.
Юьйлучу тобашна
Дин саца ца туьгура,
Долчу хьуьнарна
Иза гал ца болура.
Кху кІентан дегІан ницкъ
Малбала буьйлира,
Дуьненара шен рицкъ
Кхачийна хийтира.
Ша ойлаян велира
И жима бере,
Цуьнан ойла сецира:
Маршалла далале
Шегара кІайн кехат
БІаьрг хьажош кховдо,
Вежарийн тІаьххьара амат
Баккха, бІаьрг кхарсто.

Суьйре дІахьошволчо: «Халкъашна ирсе дахар деанчу Сийлахь-йоккхачу Октябрьски социалистически революцих воккхавеш, Владимир Ильич Ленинна хастамаш беш, Советан пач-

хьалкх чагIъяре кхойкхуш язйина яра «Октябрь» цIе йолу стихотворени».

Айамечу интонацица дIайоьшу дешархочо стихотворени:

ОКТЯБРЬ

(дакъа)

Октябран революцип
Пхийтта шо кхачар,
И даздеш, вай цуьнан
Сий дан гулдалар,

ХIора цкъа шарахь
И де тIелестар —
Ду шуна, накъостий,
Вайн барт сабалар.

Октябран сийлалла
Вай йийцаяькккхича,
Цо еъна дикалла
Вай яржош хилча,

Го вайна, накъостий,
Тахана ваьш вовшашца,
Вайна го, накъостий,
Чилланан байракхца.

Вайн Совет чIагIйиннарг
Ду шуна Октябрь,
Цунна куьйгалла динарг
Тхьамда Ленин вара.

Вайн Совстан пачхьалкх
Цо доггах хIоттийра,
Цуьнан сийина байракх
Вай лаккха ойур.

Яц йицлур вайна
Октябран сийлалла,
Хир дац пай тайна
Яханчу заманца.

Хууш ду, накъостий,
И хилар зенна,
Хууш ду, накъостий,
Цахилар и нийсонца.

. . . . . .

Яржае шуьйра
Чилланан ЦIен байракх
Барт цхьаъ вай бе —
Хьалхошна гIайракх!

Суьйре дIахьошволчо: «Керлачу, паргIатчу дахаран суьрташ хIиттадо Бадуев СаьIида шен дуккха а йолчу произведенешкахь. Дегайовхонца дуьйцу автора къинхьегаман адамаша боккхачу лаамца кхуллучу нрсечу дахарх лаьцна, шен исбаьхьчу дашца кхидIа а толамаш бахаре кхойкху иза».

Стоьлана гонаха Iачарна юккъера меллаша хьала а гIоттий, сцени йистехьа а вогIий, кхайкхаман кепехь, маьIна долу меттигаш къаьсттинчу айаме а ерзош, онда интонаци ялорца дIайоьшу дешархочо стихотворени:

ДУЬЙЛАЛО

Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!
И мела мох а
Вайна аьхна хьоькху,
И можа малх а
Вайна къегаш хьоьжу,
И дато бутт а
Вайга сирла хьоьжу,

И дашо седа а
Вайна лепаш хьоьжу.
Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!
И Iаьржа латтанаш а
Вайна ялтица лепа,
И лекха раьгIнаш а
Вайна хазница къега.
И эчиг а, болат а
Вайца тайна ду,
Ез а, деши а
Вайца тайна ду.
Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!

Суьйре дIахьошволчо: «Нохчийн советски литературан бухбиллархо а, классик а волчу Бадуев СаьIида доккха гIуллакх дина вайнехан литературан ерриге а жанрашкахь: стихотворенеш, поэмаш, дийцарш, очеркаш, повесташ, роман, дуккха а пьесаш язйина цо. Яздархочун уггаре тоьллачу произведенех ю цуьнан повесташ «Бешто», «ЦIеран арц», «Мацалла», «Самаяьлла ячейка», кхиерш а. ХIинца шуна хезар ю «Бешто» повесть тIера цхьа кийсак».

Дешархочо йоьшу «Бешто» повестан кхоалгIачу коьрта тIера хьалхара кийсак (кхузахь иза ялайо цхьа кIеззигчу юкъардахаршца):

Кху юьртан тогIи чухула догIучу хин шина басахь наггахь лаьттачу цIенойн туьнкалгашкахула ирхбуьйлуш кIур а ца гора. КIур бан-м бара ирхъоьхуш, амма иза керташкахь йогучу кхеллех я товханех-м буьйлу ала мегар дара, яьлла лаьтташ бIаьсте хиларна. Цу цIеношна хьалхарчу акхтаргаш тIехь а, дитташ тIехь а суьйранна декачу олхазарийн гIовгIанаш яра хезаш. Кху хинан пурх шина а агIор тIебогIучу йоккъахула кегийчу наха, хинIа а кхуьйлуш, шайн дой суьйранна чудерзо чехкка цIа кхуьйлура. Царах цхьаболу кегий нах, кегийчу берашка шайн дой цIа а кхуьйлуьйтуш, хийистехь а соьцура. Уьш боцурш кхин дуккха а кегий нах кху хинIа баьххина бара, хIинца хинIа оьхуш дуккха а мехкарий хиларна. Цу зудаберашца кегийчу наха, куьйгаш а туьйсуш, маьIмаьIехь къамелаш дора. Церан дешнашна дуьхьало ца еш, церан массо а даша дуьхьал там беш, зудабераш, чIогIа царех са а къералуш, гIадъоьхуш доьлура. Цу зудаберийн чамеш кIудалех детталуш, цIестан гIовгIанаш а яра хезаш. Кху юьрта юккъехула чекх а буьйлуш, хина дехьий-сехьий оьхучу кегийчу наха, цу зудаберашна тIе кхаьчча, шайн дой тIетуьйсуш, еттачу шодмийн татанаша хин йист наг-наггахь скайора. Цу хьешийн дешнашна а зудабераша дуьхьало ца йора... И зудаберараш, шайн къамелаш ца хадош, меллаша хих кIудалш а юзий, юхадахка, чехкка цIа оьхура. Уьш цIа а нхина, шаьш бисича, кегийчу нахах наггахь волчо олура: «Дала хIун боху-м ца хаьа, бакъду, и жима кIорни нахе далийта безам бац сан». Цул тIаьхьа кхечо олура: «Вешан дагахь долу зудаберараш вайна кхачо беш, вай цу дала кхоьллина а дац, шек ма довлалаш, кIентий». Иштта шайн жималлех сакъералуш болу и кегий нах, цу дешнех сиикъерам болий, гIадъоьхуш, куьйгаш воншах а детташ, буьйлура».

Суьйре дIахьошволчо: «Социалистически дахар дIахIоттош долчу керлачу адамийн васташ кхоьллина яздархочо шен дуккха а йолчу произведенешкахь, царна тIехь автора гучуйоху керлачу стеган амалш, социалистически дахар дIахIотторехьа керла болчу къийсамех керла стаг кхуьуш хилар гойту цо. Ишттачарех ю «Тракторхо Жуьнид» цIе йолу очерк».

Дешархочо дIайоьшу «Тракторхо Жуьнид» очерк тIера кийсак:

«Пхийтта шо хьалхалерчу шерачу аренан а кхин сурт дара.

«Дув-в-в-в» бохуш трактораи гIовгIа хеза шерачу арахь.

Пхийтта шо хьалха шерачу арахь кхин гIовгIа яра.

«Гуррр-р-р-р, дув! дув! дув!» бохуш а хеза гуьйренан охана деш йоллучу трактороно.

Пхийтта шо хьалха и гIовгIа яцара, хIетахь хIара гIовгIа яра: «Хьо бисв хьайн да велла! Мича тIерта хьо, доккъантIехь беттарг!» Я: «Хьох де дала хайра, хIунда ца тохало хьо, пайшпинан охана юкъахдуьсуш лаьтта!»

«Вдда-д-д д-д-дув!» олий а гIовгIа йолу шерачу арахьа цIечу колхозан цу тракторийн. Трактораи чкъург мел керчи, цунна тIаьхьа, ши бос лепа, Iаьржа дари санна, къегаш Iаьржа аре хIутту; хIума тоьгучу чархо санна, арахь, новшах хуттуш, луьста, Iаьржа тоьгана до. Чорхана кIади санна, атта ду трактор на Iаьржа латта.

«Таттт-т-т-т, дув!...» бохуш а хеза шерачу арахь трактороно. Цуьнан гIовгIа хIумма а новкъа яц цу трактор тIехь Iачу Жуьнидана. Цу трактораи наггахь болучу кIуьро Жуьнидан бIаьргашна кхоло ца йо, Жуьнидан карахь болчу трактораи тIомо цунна хIумма а пицкъ ца бо.

Жуьнид тракторхо а ву, цIечу колхозан член а ву, колхозехь уггар тоьлла хIайттархо а ву.

Ханна 35 шо долуш, хьаьрсо эр долуш мекх, ал ши бIаьрг, велавелча ерриге а аьлла гучуйовлуш кIайн цергаш, тIехь гатанан тужуркий, хечий а долу, тахана кху арахь ша трактор а делош, охуш йоллучу Жуьнидан аьхна пала йоккха меттиг ца йиснера. Амма Жуьнидана гонах бIаьрго схьа ма-лоццу Iуьллучу лаьтта тIе трактор ша шайн пицкъаца, Iаьржачу хьаргIанна тIехь санна, шена тIехь ши бос лепаш йолу Iаьржа шаршу оьзнера. Тахана Жуьнид охуш шеца накъостий боцуш хилар — кхуьнан накъостий кхин охана дан бахана хилар дара. Уьш хIинца, цхьа ах сахьт хьалха, бахнера.

Делкъахан хуьлуш йоллу. Малхо шен можа, йовха, еха канаш чуоьхкинера, адамашна а, Iаламна а гIехьа яз а еш. Дуьне шен канаш юккъе дерзарна боккха беш санна, и малх боьлуш кхозура. Арахь, наггахь тIемаш а тухуш, доьду олхазар а гора. Iаьржачу аматахь Суьйра-Корта а гора тIаргIа боккхачу аххаро санна, Iаьржа генаш ирх а хецна гуш Соьлжа-ГIаларчу заводийн тоьпаш яра хьийзеш ирхбуьйлучу кIуьрца».

Суьйре дIахьошволчо: «Тайп-тайпана теманаш ойбу яздархочо шен произведенешкахь. Белхалойн классан тема къастийна масех произведенешкахь, царех ю «Iаьржа деши» боху стихотворени. Цуьнан коьрта турпалхо ву даймахкана алссам «Iаьржа деши» даккхарца социалистически пачхьалкх чIагIъеш волу «турпала белхало».

Дешархочо «Iаьржа деши» стихотворени тIера цхьа дакъа доьшу:

Жамалда. Боданах хьалхадовла гIерта тхо. *(Рукъият хьалагIотту.)* ГIерта-м...

Арсби *(нахе а хьожуш)*. Кхета а ца воллу.

Жамалда *(ша-шега)*. Хьох дIа, бахий ахь?.. ХIара... Ахь хIун леладо, Арсби, цхьа гIуллакх дахьаш-м веана хьо?

Арсби. Шуьца гIуллакх долуш веара-кх, схьакхайкхийтахьа Дауде!

Жамалда *(Рукъияте)*. Ялол, йоI, схьакхайкхал Дауде.

Рукъият врайолу.

Арсби *(Рукъиятана тIаьхьа мохь а тухий)* Чехкка вола алалахь!

Жамалда. Охьахаа. *(Охьахоу ший а.)* Хьан тхоьца хIун гIуллакх ду а хуур-кх...

Чийолу Рукъият.

Арсби. Карийна хьуна?

Рукъият. Карий.

Жамалда. СхьавогIий иза?

Рукъият. ХIокху сохьта схьавогIу ша, боху. *(Деша хуу.)*

Бекисат *(Арсбига)*. ХIун хьал ду шуьгахь, Арсби?

Арсби. Дика хьал ду, дала мукъалахь.

Чуволу Дауд.

Дауд. Солом Iалайкум! Мила ву со ган сагатделларг?

Жамалда *(хьала а айалуш)*. Ва Iалайкум солом!

Арсби. Ва Iалайкум солом!

Дауд. ХIинца хIун гIуллакх ду вайн?

Арсби. Ца хаьа бакъ ду-дац-м, шу колхозе яздала гIерта бохуш хезна-кх суна.

Дауд. Хьо язвала-х ца воллий?

Арсби. Ца воллура, къурIанор-кх, дала ларвойла... цу балех, цу жоьжахатех...

Жамалда. Ца валлахь, хIун бала кхаьчна хьоьга нехан гIуллакхашна юкъагIерта?

Арсби. Бала кхачар дац — шуна воний хуьлийла суна цалаар?

Жамалда. Хаьа суна, хьан тхох кънихетам мел бу, ахь охана юкъахь дийриг говраш лур ю аьлчхьана а, кхо туьма доцуш кIа хьокхур дац аьлчхьана а.

Арсби цецвуьйлу.

Дауд *(Арсбига)*. Колхозан хьокъехь хIун кънихетам бан воллура хьо тхох?

Арсби *(шен маж а доцуш.)* Цхьаъ ер ду ас шуьга: колхозехь куьйгаш а, когаш а дIадоьхкур ду-кх шун... ХIинца шу шайн тхевнаш кIелахь элий ду!

Жамалда. Ишшта элий тхо делахь а, тхан бууш муьста берам-сискал-м ду. Оха и гIело хIунда хьоьгура, хьо санна болчуша хIунда ца хьоьгура, — нза тхуна хIинца хиъна, тхо цунах кхета.

Чуволу Бауддин.

Бауддин. Кхетта дер, Арсби! Кхин дIа хьоьга тхешан хьацар доуьйтур доцуш-м тхо.

Арсби *(Бауддига а хьожий.)* Каш гатлу хабар ма дийца!

Бауддин. И бохуш, ахь лоькху зурма кIордийна-кх тхуна, деллахь, Арсби, дитахьа тхо, хьайн декхар ца даллахь!

Арсби. Ой..о..о..й!

Жамалда. КIегаш тIе яьлла нIаьна санна, ирх ма кхийсало хьо, иза-м харц дац хьуна.

Арсби. Ой.. о... о... й!

Чуволу Хьаьлим, папка а йолуш

Хьаьлим. Хlей, цlахь дуй шу?.. *(Арсбига а хьожий.)* Хlинца кхуза а кхаьчна хьо? Кхузахь къехойи собрани ю... хьо ца оьшу кхузахь.

Баудди. Дlавахча бакъахьа хета суна м.

Арсби *(ша-шега)*. Тфуй... жоьжахатий богlий!

Арсби араволу, бисинарш буьйлу.

Хьаьлим. Хlинца а кулакашца гергарло леладо-кх аш?

Баудди. Цунна шеран-х хаьий, тхан шеца мел гергарло делахь а.

Жамалда *(веларца)*. Цунна сан неlар тlе богlу некъ бицлур бу хьуна.

Буьйлу.

Дауд. Иза-м миччахьа а валлахьара.

Хьаьлим. Кулакашна цхьаьна бертахь дуьхьала хиларца вешан гlуллакх дер вай. *(Дlа а. схьа а хьожий.)* Хlара, кхиберш схьа ца богlу-теша?

Рукъият *(ара а хьожий)*. Нах-м богlуш бу.

Чубоялу къехой, юккъерхой цхьаберш охьахоьшу, цхьаберш ирачь лаьтта. Хьаьлима. стоьла тlе хуьлий, папки чуьра кехаташ схьадоху.

Хьаьлим. Вай кхузахь дуьйцу дерг — уггар хьалха бlаьста ялта дерш хьокъехь ду. Накъостий, хlинца цхьаъ председатель а, секретарь а хоржур ву вай!

Маьхьарий. Председатель Жамалда, секретарь Баудди харжа веза. *(Баудди юкъатуьтту.)* Дlавало, юкъавала!

Хьаьлим. Председатель Жамалда, секретарь Баудди харжа реза дуй шу?

Маьхьарий. Ду! Ду! Ва реза ду!..

Хьаьлим. Схьавола председатель а, секретарь а!

Жамалдий, Баудий стоьла тlе хуьлу. Чохь — гlовгlанаш. Чуволу ши-кхо ахархо.

Жамалда. Ма яхал гlовгlанаш.. Охьаховшал! Хlинца Хьаьлимна доклад ян дош лур ду вай.

Хьаьлим *(хьала а гlоттуш)* Шу дукха ца хьедан ас доцца ър ду. Уггар хьалха, накъостий, вай бlаьста ялта ден кечам бан беза. Большевикийн яханчу бlаьстено гайтира вайи Советски агlо кулакаш ца хилча а вуно дика мегарг хилар.

Маьхьарий. Колхозан арахь ялта дика хьекъа...

Хьаьлим *(шен къамел дlадо)*. Кулакаш, дуьхьалонаш а еш, вайи белхаш юкъахбита гlиртира. Амма хlетте а колхозан ялташ вуно дика хьийкъира. Мисала, вай ялта чудерзорах лаьцна, кхузахь а колхозан кънихьегам тоьлуш карийра вайна

Маьхьарий. Белхаш, повшах а кхетта бина, дика хуьлу...

Хьаьлим. Бакъду, накъостий, кху шеран гуьйранна ялта дерна тlехь ледарло яьлла. И ледарло вай бlаьста ялта деран план тlех а еш кхочушъярца дlайоккхур ю. Тlаккха а, накъостий, вайна хаа дезаш ду, охана садаккхарал совнаха, вайи деккхар ялтийн хьекъар садаккхар хилар а. Ялтийн хьекъар сидер ду, агроминимум лелийча.

Бекисат. Хlун ю и громинн?

Хьаьлим. Агроминимум — юьйчу хlуманан lилма ду. И лелор ду — дукхахйолчу аренна тlе тайп-тайпана ялта дер, шозлагlа, кlа, мукх, борц, хьаьжкlош, ели хьалха молха а тухуш, машинаца цlанъяр; дуьйчу заманчохь хlу, маl-маьlне дlа ца кхуйсуш, машинаца могlара дер а.

Ладугlучара. Хlан... хlан... Эээ. Эээ...

Баудди *(Бекисате)*. Кхийтин хьо. Хьасипат?

Бекисат. Хlинца-м кхийти.

Хьаьлим. И деккхарш кхочушдан...

Маьхьарий. Созе яздала деза...

Хьаьлим. И некъ — нийса некъ бу.

Бекисат. Мухха а, хlинца вай дан дезарг...

Хьаьлим. Вай дан дезарг, ялта ден тlаьхьа ца диса, хlуьнан фондаш яр ду. Шозлагlа, ялта доьи хан тlекхачале чехконца хlу цlандан деза.

Дауд. Мало ян ца еза, ялта дер меркlел ду.

Хьаьлим. Кхозлагlа, цхьа минот а хан-зама юкъа ца юлуьйтуш белхан гlирсашна оьшу пхьола дан деза, нох делахь а, мекха белахь а, трактор елахь а; доьазлагlа, оханийн заманчохь кхачо хирриг докъар вовшатоха деза. Нзза ду-кх сан шоь ала.

Жамалда. Цхьанна а хаттар дуй?

Бекисат. Сан дара цхьа дош.

Маьхьарий. Iийр ма яцара Бекисат цхьаъ ца аьлча

Жамалда. Алал, зуда, ахь вайшиннa цхьа дикониг!

Бекисат. Со ала йоллург — ялта деран хьокъехь-м дац, амма цуьнца дозуш-м ду. Со ала йоллу зударийн хьокъехь, цара хьоьгучу халонех лаьцна. Шуна массарна а хуур ду зударийн гlуллакх — товха, яй, галий, етт, гомаш, lайг, ага, котам, гlаз, бад — хилар. Цхьана кога ага тахкадо, вукху кога етт дlалоллу, цхьана куьйга етт узу, вукху куьйга бер дузадо; тlе, арара белхаш а бо... муха а, зударий дан гlуллах доцуш ца буьсу. *(Чуьрнаш буьйлу.)* Цу гlуллакхна цхьаъ дан деза.

Маьхьарий. Дан дезарг айхьа дийцал ахь, Бекисат!..

Бекисат. Дийца даькхчча, деха ду иза. Делахь а, хlинца бlаьстенна ялта доьи хан тlекхочуш ялларна, цкъачунна, кхечу колхозаша санна, ясли а ян еза, юкъара кхача а бан беза.

Маьхьарий. И гlуллакх чехконца дан деза...

Жамалда. Кхин хьенан ду шун ала? Хьо хlун деш lа, Дауд, можах ка а етташ?

Дауд. Хlара.. созаца шу а болуш ден мегара дацара и ялта?

Бауддин. Стенна кхоьру хьо, Дауд? Дlаязло хьо!..

Дауд. Ой... Хьонке яхана Цеца хуьлда-кх, язлур вацахь! (Бауддига) Язвел со цу писпски боьххье дlа.

Бауддис дlаязво. Чуьрнаш буьйлу.

Бауддин. Со а цхьалхахо вара. Амма кхин дlа-м хир вац. Даудана улледlаязвийр ву-кх ас со а.

Буьйлу.

Жамалда. Рагl тlехйолуш йоллу сан. *(Бекисате а хьожий, вечарца.)* Хlун хета хьуна, зуда, язлой со колхозе?

Бекисат. Язло дера ду-кх чехка-м Даханчу шарахь санна, со лелар яц хьуна, бераш ги а доьхкина, уьрдахь.

Буьйлу.

Маьхьарий. Баудди со а язвел! Со а язвел! со тоххара язлур вара, кулак волчу Арсбис колхозан юргlа 16 аьрша хир ду ца баьхнехьара. Цо лоьккхург харц зурма юйла хиъна суна. Дlаязвел со а!

Чуволу Арсби

Арсби. Хlара... аш бехк ма билла, со юхаварна... пай дерриге а цхьа бусалбанаш ду. Шуна ца хуург сайна хууш ца хилча, ас эр а дацара. Теша сох, бусулбанаш... де ас бохург, нагахь шаьш созе язлахь а, ден охана юкъаяь ма де. Цунах шу дохкодевр ду, соз хьовха, и нрс доцу хlоз схьалацарх шу доьлхур ду.

Бауддин. Соз тхуна моз ду, амма хьуна иза къаьхьа хlоз бу.

Арсби воьхна лаьтта

Махьарий. Букъ гайта! Юм е! Букъ гайта!..

Арсби. Со аравала-м хала дац. Кхин цхьаъ эр ду ас шуьга, ден хlу, хьалхе гул я дина, охьадилла деза, бохуш дийцира-кх кху чохь?

Маьхьарий. Дийцира, иза тхешан гlуллакх долу дела!..

Жамалда *(Арсбига)*. Дитахьа тхо тхешан гlуллакх дан!

Маьхьарий. Дита дер, хIай! Аравакхха, аравала!..

Арсби. Цкъа ладогIар тIехь ду шуна... хьовсал шу! Гул а дина, цхьана метте аш хIу охьадиллича, телхар ду иза. Шуна хууш ду, дехачу Iаьно вай и хIу, хIоа санна, Iалашдар, беданахь туьйкалгана гонах хьийзош, цIа чохь товхана уллохь кхазош, и хIу гIора ца дайта, и хIу дахка ца далийта, вай иза вуно хала Iаьнера доккху. ХIоаш лардан — аттан, хIу лардан — халан ду...

Иштта хала ларде хIу аш цхьана метта охьадиллича, иза дахкалур ду, иза телхар ду. Мухха а, шун хIу а хIаллакьхуьлу, шу колхозе язделча.

Цхьаболчуша. Иза а бакъ ду. Арсби цу тIехь бакъ ву...

Жамалда. ХIара...

Хьаьлим *(Жамалдига)*. Ас ала?

Жамалда *(кьиг а тосуш)*. Ма ала, ас эр ду... Кху кулака — Арсбис дуьйцург, вай созе ца издалийта, вайн ялта дер юкъахдита ду..., накъостий, вай хIу хIиттаалц схьа хала Iалашдина, иза ваьшна лело ца хаарна а, и Iалашдан вешан гIирс ца хиларна а. ХIинца вай хIу гулдина цхьана метте охьадиллича, иза телхар дац. ХIунда аьлча, вай цу хIуьйна молха а тухур ду, цIан а дийр ду, Iилманца цу хIуьйна хила еза йовхо, шело а Iалашйийр ю.

Маьхьарий. Бакъ боху, Жамалда! Хьо бакъ ву. Оха хIу цхьана метте охьадуьллуш ду!

Арсби цец меллаша кIегарвоьду.

Маьхьарий. Вай кхин кулакашка лаьдоьгIур дац! Аравала, Арсби, Аравала! Аравакхха!..

Арсби *(ша-шега)* Шун да шайн хIу! *(Аравалу.)*

Хьаьлим. Ялта ден хIу охьа а дуьллуш, вай кулакашна жоп лур ду.

Массара а. Вай кулакашна дуьхьал жоп лур ду большевикийн бIаьсте буьззина бинчу кечамца тIеэцарца а, охана даран, ялта деран план, тIех а еш, кхочушъярца а!

Кирхьа.

Цул тIаьхьа, пьеса хIоттийна гIирс сцени тIера дIа а баькхкина, Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а йолу викторина дIахьур ю.

ЛИТЕРАТУРНИ ВИКТОРИНА

Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а йолу викторина иштта дIаяхьа тарлур ду. Дешархочо сцени тIера дIагойту терхьа «I» тIехь долу кехат, тIаккха оцу кехатан вукху агIон тIе яздина долу хаттар дIадоьшу цо. Цул тIаьхьа шолгIачу дешархочо, цунна юххе дIа хIуттий, терхьа «2» тIехь долу кехат а гойтуш, цу тIера хаттар доьшу. Иштта дIа кхечу дешархоша а, терахьаш дIа а гойтуш, шайн-шайн хаттар а шозза доьшур ду.

Жоьпаш, хаттарш дIа ма-дишшанехь, далийта а мегар ду я, дIа а яздеш, викторинин почти чу дахкийта а мегар ду. Жюрис магийнчу агIор хир ду иза.

Жоьпаш нийса деллачарна совгIаташ дийр ду: книга, альбом, ручка я царах терра кхин хIума яларца.

Викторинин хаттарш:

1. Маца (муьлхачу дийнахь, баттахь, шарахь), мичахь вина Бадуев СаьИнд-Салихь Сулейманович?

2. Грозный-гIалахь муьлхачу меттехь ду нохчийн советски литературан бухбиллархо Бадуев СаьИнд вехаш а, болх беш а Iийна цIенош?

3. Муьлхачу произведени тIера схьаэцна хIара могIанаш?

«И дара нийсса пхийтта шо хьалха.

Малх, шерачу арара жима юрт сарралц дешица а кхелина, хIинца еарахь цу юьртана гена йоцчу баьццарчу бархатан регIа тIехьа чубузаш лаьттара; цуьнан, цIен дари санна, гун гуо, богучу малхе даькккхина цIен ангали санна, лепара. Цо шен лепарца кху юьртан цхьа агIо цIийбиннера.

Кху юьрта йистера жимачу тишачу бахаман да ткъе пхиъ шо кхаьчна...» вара.

4. XIун ю хIокху турпалхочун цIе?

«Зудабераша хи оьцучуьра хина тиллинчу жимачу тIайца гена доцуш хи тIе а дерзийна лаьтташ, кIайн кир а тоьхна, гобаькккхина йина чIогIа аннийн керт а йолуш, цхьа дика цIенош дара, кертахь лаьттачу кIа оручу машинан ирхъяхана Iаьржа, еха топ а гуш.

ХитIара мехкарий а, кегий нах а шайн-шайн цIа бирзинчул тIаьхьа, цу бахаман диллина лаьттачу жимачу ринжехула, кIайн духар а дуьйхина,... араелира».

5. Бадуев СаьИндан 1930 шарахь араелира «Iадаташ» цIе йолчу шина книгех лаьтта произведени.

ЦIераш яха царех цхьайолчийн?

6. Муьлхачу произведени тIера ду хIара могIанаш?

«ШолгIачу Iуьйранна, дика садаьржина а далале, тIаьхьависча санна, хьаланккхина, ламаз а дина, чехкка тIе хIума а юьйхина, уьйтIа велира Дика. Арахь кхоьлина яра, стиглахь гуш Iаьржан, ченан басахь мархаш а яра. Дикина, ирх ма-хьаьжжинехь, догIа догIучух тера юйла хинра. Дика шен ворда кечъеш лелаш, цунна наггахь шен мера тIе я мера улло бесни тIе догIанан тIадам бужуш хаалора».

7. Бадуев СаьИндан кхо произведени ю цхьа цIе а йолуш, цхьатерра тема а йолуш тайп-тайпанчу жанрашкахь язйина.

Муьлха произведенеш ю уьш?

8. Муьлхачу произведенин турпалхо ду ТIелиб а, ХIижан а?

9. «Де даьллачу хенахь, чIогIа оьгIазвахна, цергашца лахара балда а лаьцна, тIехьа шин куьг а диллина, жимочу сирлачу цIа чохь, йоккхачу юьртарчу «участкан правленехь», чухула дIасалелаш вара нохчийн участкан пурстоп, ша гIалгIазакхашха а волуш, Кулдевич.

Кулдевич вена тIехIоьттира цIийна юккъехьо, тIехь тептарш а гуш, лаьттачу йоккхачу стоьлана, цу тIехь Iуьллучу шен дашо сахьта тIе хьажа. ТIаккха цу тIера хьалаайабелла ши бIаьрг цу стоьлана гена доцуш, пенах кхозучу паччахьан суьртах а кхетта, леррина вехха цунга а хьежна, юха а шен оьгIазвахар тIехь, чухула дIсаволавелира пурстоп.

Тахана хIунда ву-техьа иза къаьсттана оьгIазвахна?»

Цунна жоп хьан лур ду аш?

10. ЦIераш яха Бадуев СаьИндан шуьйра евзаш йолчу ворхI пьесийн.

11. Муьлхачу произведени тIера ду хIара могIанаш?

«Денщико шен лаамца ца лоьххкура говраш, иза тIехьа Iачу эпсарша, «лаллаI» бохуш, садаIа ца вуьтура. Тачанкина тIехь аьтту агIор хьаьрсачу даккхийчу мекхашца Iан тоьлла эпсар-м башха хIара денщик снхвеш а вацара, иза вогIура, кехатан пондар санна, лахара хебначу шен лепачу эткийн буьхьнгаш а дерташ, багахь оьрсийн йиш а лоьххуш.

Говраш лахха, бохуш, денщик снхвинарг аьрру агIор Iан балди тIе чо а балаза, хьаьрса кIужал а оллийна, куйнан лаба агIор а яхна, спхйинна йир а бохуш Iан эпсар вара. Цо олура кест-кестта, шен карарчу ворхIазза йолучу тапчин юьхьиг денщикан хьацар дийларна айра боьллучу букъах а Iуттий, шен корта цхьана агIор а ккуссий: «Митрофан!.. ДIалаллаI.. хьоьга бохий, дIалаллаI?.. ДIалаллаI»

12. Бадуев СаьIида дIа а язйина, шен «Вайн беш» цIе йолчу поэтически книги тIехь зорбатоьхна масех халкъан барта произведени, хIинца а цуьнан книгаш тIехь зорба а туху царна. ЦIераш яха оцу барта произведенех цхьайолчийн.

13. Муьлхачу стихотворени тIера ду хIара могIанаш?

Цхьана бешар ду вай —
МаьI-маьIехь хилар бен.
Ма хьаббелахь суна буй,
Дагца мекха ю моттиг.
Ластиг пел ма далийталахь
РогIана ккуссу жамболт,
ТIекхаьчча алалахь вотталхьа,
Дац хьуна и ямарт.
Хьан тоха са хилалахь,
Луьста ккаьдча генаш,
Каглой ма дакъаделахь
ДIа-схьа даьржина орамаш.

14. ЦIераш яха Бадуев СаьIидах дагалецамаш язбинчу авторийн.

15. Иштта дIадолалуш ду Бадуев СаьIидан цхьа дийцар:

«ЦIенна деш лаьттачу дехачу рагIу кIелахь бокхха херх ирбеш воллучу късначу Дибрас: «Хелипат!.. Ва Хелипат!» — аьлла мохь тоьхча, лохачу цIенойн ехачу учи тIерачу товхана хьалхахь делкъанна еш йолу сискал йина а яьккхина, иза, тIе зайла тухуш, товхана а йиллина, тIе алу хьокхуш йоллу Хелипат, чехкка шен гIуллакх дина а даьккхина, шена гена йоцуш Iан Маржан, цIар тIе яхарна кхоьруш, цхьа пхьарс а лаьцна, цу лекхачу учи тIера лаьтта охьа а йоссийна, чехкка Дибрина тIехьаьдира, шина а куьйга шен коьртара можа йовлакх а тодеш, шен можа пошмакхаш а текхош».

ХIун ю оцу дийцаран цIе?

Викторинин хаттаршна жоьпаш:

1. Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович вина 28 августехь, 1903 шарахь СоьлжагIалахь (Грозный).

2. Нохчийн советски литературан бухбиллархо вехаш а, болх беш а Iийна цIенош ду Грозный-гIалин юккъехь, Московский, Про-

летарский урамаша вовшийн хадош бинъ некъ къаьстачу меттехь, шайн № 8/26 а йолуш. Цу цIеношна тIетоьхна мемориальни у ду: «ХIокху цIеношкахь вехаш а, болх беш а Iийна 1929 шарера 1938 шаре кхаччалц яздархо Бадуев СаьIид Сулейманович — нохчийн советски исбаьхьаллин литературан бухбиллархо».

3. «Бешто» цIе йолчу повесть тIера схьаэцна и могIанаш, цаьрца дIадолалуш ду повестан шолгIа дакъа.

4. Турпалхочун цIе Бусана ю. «Бешто» повестан коьртачу турпалхойх цхьаъ ю иза. Повестан кхоалгIачу декъа тIера схьаэцна, БусанагIеран цIенош гайтина меттиг ю дIаешнарг.

5. Бадуев СаьIидан 1930 шарахь зорбанера араевлла «Iадаташ» боху произведенеш шина книгех лаьтташ яра, царех хьалхарчу книги тIехь зорба тоьхнера «Iадат», «Олдам», «Баудди», «Зайнап», «ГIу» цIераш йолу дийцарш, шолгIачунна тIехь — «Бешто» боху повесть а, «Бекхам» цIе йолу дийцар а.

Оцу произведенех шинна-кхаанна дешархоша цIе яккхахь, церан жоп кхачаме лара мегар ду.

6. «Пхи туьма» цIе йолчу повестан доьалгIачу декъа тIера хьалхара абзац ю.

7. И произведенеш ю «ПетIамат» цIе йолу поэма, «ПетIамат» цIе йолу драма, «ПетIамат» боху роман (дакъа).

8. «Мацалла» цIе йолчу повестан коьрта турпалхой ду и шиъ: ТIелиб а, ХIижан а.

9. «ЦIеран арц» цIе йолчу повесть тIера пурстон Кулдевич сел чIогIа оьгIазвахаран иштта бахьана дара: «Цунна тIе селхана-буса мотт бахьаш стаг веанера, орцара жимчу кIотарара Хонмурд волчохь буьйса якхха чубирзина обаргаш бу аьлла. Иштта шега и аьлча, цу буссехь цига шен стража а яхийтина, царна сагатлуш сахуьлунга а ваьлла, тахана уьш схьа ца кхочуш а, цара шена хIун дахьа ца хууш а ваханера-кх Кулдевич сел чIогIа оьгIаз».

10. Пхиттех сов пьеса язйина Бадуев СаьIида, цуьнан шина томах лаьттачу гулйинчу сочиненеш юкъахь хьалхарчу томехь (Грозный, 1976) зорба тоьхна ю царех ворхI пьеса: «Дайн Iедал», Эльдарханов Iисица цхьаьна язйина йолу; «ПетIамат», «Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад», «Марха досту де», «ЦIен гIап» (пьесин хьалхарчу декъан I-ра а, 2-гIа а суьрташ), «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел».

11. «Iадат» цIе йолчу дийцар тIера схьаэцна ду и могIанаш.

12. Бадуев СаьIида дIа а язйина, 1935 шарахь араяьллачу «Вайн беш» цIе йолчу цуьнан поэтически книги тIехь зорба тоьхна яра хIара халкъан барта произведенеш: «Ламанан Леча», «Паччахьан заманна», «Безам, «Чеха ма ейша», «Иза хIунда виги?», «Цхьа чIара бу боху», «Iаьржа латтанаш», «Дицдала ца туьгу дуьненчохь», «Бала», «ХIей боьду сийна кхокха», «Керла йиш», «Жима Зайнди», «Генна арара», кхиерш а.

Дешархоша царех кхаа-еа произведении цIераш яхахь, церан жоп кхачаме хир ду.

13. «МаргIалан синтаре» бохачу стихотворени тIера ду и могIанаш.

14. Бадуев СаьIидах дагалецамаш язбина Мамакаев Мохьмада «Сийлахь яздархо — виц ца лун накъост» цIе йолуш, Саидов Билалас «Суна иза дика вевзара» цIе йолуш, Джамалханов Зайндис «Адамаллин дог-ойла» цIе йолуш. Царна зорбатоьхна Бадуев СаьIидан гулйинчу сочинений шолгIачу томехь (Грозный, 1977).

15. Дийцаран цIе «ГIу» ю.

Литературни суьйре дIахьош пайдаэца мегар ду Бадуев СаьIидан кхолларалларг лаьттачу чайнвордах а. Хьалхе, суьйре тIекхача ши-кхо кIира долуш, хаза кеч а йина, школан коридор чохь дешархойн тидам тIегIур болчу метте дIатухур ю хIара.

ЧАЙНВОРД «САЬИД БАДУЕВ»[1]

1-2. «Баудди» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 2-3. С. Бадуеви «Iадаташ» циклера дийцар. 3-4. «Тракторхо Жуьнид» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 4-5. «Большевикаллица ялта дерехьа» цIе йолчу пьесин турпалхо. 5-6. С. Бадуеви евзаш йолу стихотворени. 6-7. «Iадаташ» циклера дийцар. 7-8. «ПетIамат» цIе йолчу драмин турпалхо. 8-9. «ЦIен гIап» цIе йолчу пьесин турпалхо, каторжхочун нана. 9-10. «Зайнап» це йолчу дийцаран турпалхо. 10-11. Б. Кауровс оьрсийн матте гочйина С. Садуеви тоьлашха йолу произведени. 11-12. «ЦIен гIап» цIе йолчу пьесин турпалхо. 12-13. С. Бадуевс язйина жима новелла. 13-14. «Бешто» цIе йолчу повестан турпалхо. 14-15. «Цадешар — бода» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 15-16. «Политотдел» цIе йолчу пьесин турпалхо. 16-17. С. Бадуеви цхьаьнакхетар хилла сийлахь-воккха пролетарски яздархо. 17-18. С Бадуевс иохчийн зудчун васт кхуллуш язйина стихотворени. 18-19. С. Бадуеви дийцар-хабар. 19-20. «Тоьур ду» цIе йолчу поэмин турпалхо. 20-21. «Кабиха» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 21-22. С. Бадуевс литературно то а деш, иохчийн матте гочдинчу «Дуккхаллах цхьаъ» цIе йолчу дийцаран турпалхо 22-23. С. Бадуеви стихотворени. 23-24. С. Бадуеви повесть. 24-25. «Бекхам» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 25-26. Литературни жанр. 26-27. «Самаяьлла ячейка» цIе йолчу повестан турпалхо. 27-28. С. Бадуевс иохчийн матте гочйина К. Хетагуровн стихотворени. 28-29. «ГIу» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 29-30. «Пхи туьма» цIе йолчу повестан турпалхо. 30-31. С. Бадуевца цхьаьна берашна лерина масех дийцар яздина иохчийн яздархо. 31-32. «Марха досту де» цIе йолчу пьесин турпалхо. 32-33. С. Бадуевс, литературно то а деш, иохчийн

[1] Чайнворд охьаэцна: — Ленинан некъ. 1978. 28 июль. Газето цуьнан автор билгал ца вайккхинера.



матте гочдина «Моцу» цIе йолу дийцар яздина ДегIастанара яздархо. 33-34. « «Дохковалар» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 34-35. «Политотдел» цIе йолчу пьесин турпалхо, юьртасоветан секретарь. 35-36. «Гуттара а ца хуьлу моллина мовлад» цIе йолчу пьесин турпалхо. 36-37. «Контрактаци» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 37-38. «Бекхам» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 38-39. «Олдум» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 39-40. С. Бадуеви стихотворени. 40-41. «Iимран» цIе йолчу дийцар-хабаран турпалхо. 41-42. «Къайле» цIе йолчу поэмин турпалхо. 42-43. «Пхи туьма» цIе йолчу повестан турпалхо. 43-44. С. Бадуеви дийцар. 44-45. Бештон ненан цIе. 45-46. «Председатель» бохачу хабаран турпалхо. 46-47. СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхарчу пленумехь ша динчу къамелехь С. Бадуевс хьахийна нохчийн яздархо. 47-48. «ЦIен гIап» цIе йолчу пьесин турпалхо. 48-49. С. Бадуевс I. Эльдархановца цхьаьна язйинчу «Дайн Iедал» цIе йолчу пьесин турпалхо. 49-50. «Iадат» цIе йолчу дийцаран турпалхо. 50-51. С. Бадуевс

Ш. Айсхановца цхьаьна яздинчу «Зайнди» цIе йолчу дийцаран турпалхо.

Бадуев СаьIидана лерина йолу литературни суьйре чекхъяьлча, иза кечъярехь а, дIаяхьарехь а гIайгIабина, алссам дакъалаьцна болу дешархой школан куьйгалхоша цхьана кепара билгалбаха мегар ду: грамоташца, книгаш яларца я кхечу кепара.

Литературни суьйре школехь дIаяхьар гIеххьа къахьега дезаш гIуллакх ду, амма яздархочун дахарх а, кхолларалли а лаьцна дешархошна алссам материал йовзийтарехь, цаьрга шайга оцу материалах кIорггера пайдаэцийтарехь, уьш кхетош-кхиорехь мехала гIуллакх а ду.

БАДУЕВ САЬИДАХ ЙОЬЗНАЧУ МЕТТИГАШКАХУЛА ЭКСКУРСИ ЯР

Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а йозаелла дикка меттигаш ю Нохч-ГIалгIайчохь. Республикан столицехь, Грозный-гIалахь, Бадуев СаьIид вехаш а, болх беш а Iийна цIенош ду, шайна тIехь мемориальни у а долуш. ГIалин юккъехь яздархочун цIарах урам бу, жимчохь цо дешна реальни училище чохь хилла цIенош ду шинахьа. Яздархо дийна волчу хенахь цуьнан пьесаш шайн сцени тIехь хIиттийна а, хIинца хIиттош йолу а театраш ю. С. Бадуевс шен произведенешкахь йийцина я хьахийна меттигаш ю. Республикан краеведчески музейхь нохчийн советски литературан бухбиллархочун кхолларалла гойтуш экспозици хуьлу.

Урус-Мартанехь Бадуев СаьIидан цIарах урам бу, № 7 йолчу юккъерчу школан зал чохь яздархочун доккха скульптурни сурт ду. Iалхан-Юьртарчу № 2 йолчу юккъерчу школехь дешархоша шайн хьехархочун Докаев Ш. А. куьйгаллица дуккха а материалаш гулйина Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а лаьцна, яздархочун музей схьаелла кечам беш бу школехь.

Йоккха-АтагIа а ю яздархочун цIарца йоьзна, цуьнан нана Укаева Зайбат хилла цигара. Шен ненахой болчу жима волуш дуьйна а кест-кестта воьдуш а, вехха Iаш а хилла Бадуев СаьIид. 1933 шарахь Йоккхачу-АтагIахь цуьнан «ЦIен гIап» цIе йолчу пьеси тIехь къоман театро Iаламат боккхачу кхамца хIоттийна спектакль нохч-гIалгIайн драматургин а, театран а исторехь билгалъяьлла ю.

Краеведчески болх дIабахьарехь тIе тидам бахийта мегар ду Бадуев СаьIидан шен произведенешкахь гайтина меттигаш дешархошна йовзийтарна а. Масала, «Iадат» бохачу дийцар тIехь Органан чIожахула Шуьйта боьду некъ гайтина, оцу меттигийн нсбаьхьчу Iаламан суьрташ дехкина.

Яздархочун кхолларалли йоьзначу метигашкахула экскурсеш ян бIегIийла ду дешархошца.

Грозный-гIалахь экскурси дIаяхьар хIокху кепара кхочушдан тарлур ду. Экскурси дIайолайо Грознерчу цIерпоштан вокзалан

майданара. Кхузара дIа Бадуев СаьIид дукхазза а вахана нохчийн литературан, исбаьхьаллин культурин хьокъехь долчу гIуллакхаша гIаттийна Москва а, Минске а, Ростов а, Махачкала а, кхечу гIаланашка а. Хьехархочо дуьйцур ду Бадуев СаьIид 1932 шеран октябрь беттан тIаьххьарчу деношкахь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан Хьалхарчу пленумехь дакъалаца Москва вахар а, хьахор ду цо цигахь дина къамел а. Ткъа иштта 1934 шарахь вайн кхечу яздархошца цхьаьна Ерригсоюзни яздархойн Хьалхарчу съезде вахар а, цигахь А. М. Горькийца цхьаьнакхетар а.

ЦIерпоштан вокзалан майданара Ф. А. Табачный цIарахчу урамехула Субботников ураме а девлла, Соьлжана тиллинчу тIайх сехьа девлича, дуьххьара пурх некъ хадош берг С. С. Бадуевн урам бу. ГIалин хазачу урамех цхьаъ бу иза, къаьстина аьхка, шина а агIора доьгIна сийна дитташ а долуш. Нохчийн советски литературан бухбиллархочун сийдеш ураман цIе тиллина хиларан хьокъехь йозанаш ду масех цIенош тIехь.

Бадуевн цIарахчу урамера Пролетарски урамехула, В. И. Ленинан проспект а хадош, дIадахча № 54 цIеношна чохь йолчу НохчГIалгIайчоьнан краеведенин музейна тIекхочу. Музейхь вайнехан литературах, иза йолийнчех, хIинцалерчу яздархойх лаьцначу экспозицига хьовсур бу дешархой. Царна гур ю республикан историх а, хIинцалерчу дахарх а лаьцна йолу дуккха а материалаш. Дешархоша ладугIур ду республикан дахарах, къоман культурах, исбаьхьаллин литературах, нохчийн советски литературан бухбиллархочун Бадуев СаьIидан дахарх а, кхолларалли а долчу музейн белхахочун къамеле.

Кхузара дIа Пролетарски урамехула экскурсе йоьду Московски урамна тIекхаччалц. Оцу шина урамо вовшийн хадочу сонехь лаьтташ ду № 8/26 йолу Бадуев СаьIид чохь IийнацIеношш. Царна тIехь мемориальни у ду: «ХIокху цIеношкахь всхаш а, болх беш а Iийна 1929 шарера 1938 шаре кхаччалц яздархо Бадуев СаьIид Сулейманович — нохчийн советски литературан бухбиллархо». Яздархочун дуккхаха йолу произведенеш хIокху цIенойх йозаелла ю, кху чохь язйина ю. Кху хIусамехь кест-кестта гуллуш хилла яздархой, цуьнан доттагIий, накъостий. Царех цхьаммо шен дагалецамашкахь иштта яздо: «Дагадогlу суна 40 шо хьалха Бадуевца цуьнан хIусамехь со дуьххьара цхьаьнакхетар.

Цо болх бечу горгачу стоьла тIехь кегийчу йозанца яздинчу кехатийн баьрзнаш дара, схьайиллина книга яра, кехатийн йистош тIехь йина билгалонаш а йолуш. Цунна тIехула пенах тоьхна Ленинан доккха сурт дара. ЦIийнан сонехь яккхийчу книгех юьзна лаьттара этажерка. Стоьла тIехь Iуьллучу книге а хьоьжуш, Iара со.

Литературах лаьцна доцу тхан къамел юьхьанца дика ца догIура. Амма цуьнан ойла сихха тIеяхара литературин темашна.

Боккхачу лаамца дуьйцура цо ша ешначу цхьайолчу книгех лаьцна, царна тIехь шена карийна кхачамбацарш билгал а дохуш...

ДIаделира ас сайн дийцар. Дехха чIогIа лерина дийшира цо иза. ТIаккха цунах лаьцна шена хетарг а элира, цу тIехь долу кхачамбацарш ийса билгал а дехира, уьш дIадаха суна гIо а дира СаьIида. ТIаьхьо цуьнан гIоьнца масех дийцар зорбатуьйхира ас.

40 шо хьалха дара иза, амма тахана долуш санна хета. Воккха яздархо, оьзда стаг вара С. Бадуев.

Дукха хьалхе дIавелира Бадуев. Иза цкъа вевзинчунна, цуьнан кхолларалла евзачунна Бадуев СаьIид цкъа а вицлур вац. Иза даима а гIертара яздархочуьигахь цунна шена юйла ца хуучу говзаллин цуьрг ган, лаха. Цунна и кара а йора. Цо мах хадийна сан дийцарш дукха хан ялале зорбатуьйхира. Сайн произведенешкахь тоьлашха долчуьнца Бадуевна декхарийлахь ву со. Дуьххьара Бадуевх со кхетаро яздан марздира суна. Къоначеран хьокъехь Бадуевс гIайгIа муха бора шуьйра хууш ду. Нохчийн хьалхарчу чкъурах волу цхьа а яздархо вац шен кхолларалли балхахь Бадуевс гIо даза»[1].

Мамакаев Мохьмада а дуьйцу Бадуев волчохь шаьш вовшахкхеташ хиларх а, цо шен произведенеш ешарх а лаьцна: «Цкъа а ца дицло суна... «Цалебас зуда ялор» бохуш йолу бегашена пьеса язъеш СаьIид волчу хенахь дара иза. «Цалеба» воьшур вара ас, шу ладогIа дагIахьара», — аьлла, со а, соьца кхин цхьа накъост а вигира цо цкъа ша волчу.

...Басна а, барамна а тайп-тайпана долчу кехатийн цIов схьа а эцна, деша волавелира СаьIид. Пьесехь дакъалоцуш болчийн шеншен забар а хIоттош, аз айдеш, я лахдеш, йоьшура цо иза. КIордор ца хаалуш, синкъерамехь дIаяхара тхуна СаьIида и ешна хан»[2].

Бадуев ваьхначу цIеношкара дIа Московски урамехула Дзержински цIарахчу ураме девлча, гена доццуш ду № 6 йолу цIенош. Оцу цIенош чохь хилла Бадуев СаьIид деша ваханчу хьалхарчу шерашкахь реальни училище. Училищан шен долахь гIишло цахиларна юьхьанца мехах лаьцначу оцу цIенош чохь (совдегаран Мациевн цIенош дара уьш) дIаехьира занятеш. Бадуев СаьIида шина шарахь дийшира кхузахь. 19212 шарахь схьайиллира реальни училищана йина йолу гIишло. Иза ю хIинца Красных фронтовиковий, Первомайский урамаш вовший хадочу сонехь лаьтта № 2 йолу юкъера школа. Кхузахь хьехархочо дуьйцур ду Бадуев СаьIидан дешаран шерех лаьцна, иза дешарна тIера мах бала таро цахиларна училищера дIаваьккхана хиларан хьокъехь (цунах лаьцна материал хIокху книги хьалхарчу коьрта тIехь ю).

---

[1] *Алхазов Г.* Бадуевца цхьаьнакхетар. — Ленинан некъ. 1974. 22 ноябрь.

[2] *Мамакаев М.* Синлахь яздархо — виц ца лун накъост. Дагалецамаш. — Хlокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Гулйинна сочиненеш. Шина томехь. Шолгlа том. Грозный: Нохч-Гlалгlайн книжни издательство, 1977. Л. 392—393.

№ 2 йолчу школера дІа Первомайски урамехула дІадахча тІекхочу «Первомайски сад» олучу аьхкенан театрана. Оцу театран сцени тІехь хІиттийна Бадуев СаьІидан дуккха а пьесаш, цуьнан биографих йозаелла меттиг ю иза. Сайдов Билалас шен дагалецамашкахь ялайо жимма забаре йолу, амма яздархочун кхолларалли хотІан цхьа зил билгалбоккху эпизод: «Тхойша вара цхьана дийнахь сарахьо Первомайски садан кертахь лаьтташ. ХІетахь театро болх цигахь бора, йовхачу хенахь. Цу кертарчу фонтанан терхи тІе цхьа кога баьккхина, сайн дагахь цхьа чІогІа къамел дешлаьттара со СаьІидаца. Ткъа, шен ойланашка ваханчу цунна цхьа наггахь дош бен ас дуьйцург хезаш а ца хиллера. ЦІехьана кисанара блокнот схьа а яьккхина, цу тІе цхьаъ-м дІаяздира СаьІида (блокнот цуьнгахь гуттара а, массанхьа а хуьлура). Цо лелочух кхеттачу ас, блокнот схьагайта, элира. ТІаккха дагаваьлла иза юьхьаІаьржа хІоьттина хьаьвзира, цІийвелла кхохкийра.

«Цу тІехь-м хІумма а дацара, дІагайта а, ца гайта а. Со ахь дуьйцург хезаш-м вара хьуна», — элира цо. Делахь а, со Іанне а ца Іийча, схьагайтира. Цу тІехь цо эццахь дІаяздинарг: «ПхьидаІ санна, и ши бІаьрг тІе а хиъна», — дара. Оцу фонтанна юккъехь хи хьалаккхуссучу цІузамна юххехь, бетонан терхи тІехь хьо юккъехь ши бІаьрг а болуш, цхьа йоккха пхьид яра Іаш, хІумма а тхойшиннах эхь а ца хеташ. И гинчу СаьІида и васт схьаэцнера, шен дийцаршкахь я пьесаш тІехь ша реза воцчу стеган сурт ккхуллучохь и далорхьама».

«Первомайски сад» цІе йолчу аьхкенан театрера юха а дирзина, Красных фронтовиков урамехула Главпочтамтана юххехула дІа экскурсе гІур ю Театрально-концертни зал йолчу. Ккхузахь ю Бадуев СаьІидан произведенешкахула спектаклаш хІиттийна а, хІиттош а йолу Нурадилов Ханпашин цІарах Нохчийн драматически театр. Дика хир дара, хьалххе барт а бина, Бадуев СаьІидан персонажийн ролаш ловзийначу артисташца ккхузахь цхьаьнакхетар инсделча.

Театрана хьалхара фонтан йолчу майданахь экскурсе чекх а йоккхуш, дешархошна дуьйцур ду Бадуевн кхоларалла хьалха санна хІинца а доккха маьІна долуш хиларх.

* * *

Вайнехан таханлерчу исбаьхьаллин культуран мехала цхьа дакъа ду нохчийн советски литературан бухбиллархо а, классик а волчу Бадуев СаьІидан кхолларалла. Хан ялархе шайн мехалла лах ца луш йолу цуьнан исбаьхьаллин произведенеш тахана а гІо деш ю социалистически дахар чІагІдарехьа вай бечу сирлачу новкъахь.

ЗОРБАНЕХЬ АРАЙИЙЛИНА БАДУЕВ САЬИДАН КНИГАШ

1. Цlеран арц. Повесть. Соьлжа-Гlала: — Серло, 1929.
2. Iимран (1921 шарах лаьцна дийцар). Соьлжа-Гlала: — Серло. 1929.
3. Дайн Iедал. З-а декъехь пьеса. (И. Г. Эльдархановца цхьаьна язйина). Соьлжа-Гlала: — Серло, 1929.
4. Мацалла. Повесть. Соьлжа-Гlала: — Серло. 1930.
5. ПетIамат. Роман. Хьалхара дакъа. Соьлжа-Гlала: — Серло. 1930.
6. Пхи туьма. Хабар. Соьлжа-Гlала Серло, 1930.
7. Хабарш, иллеш, поэмаш. Соьлжа-Гlала: — Серло, 1930.
8. Гуттур а ца хуьлу моллина мовлад. 2-на декъехь пьеса. Соьлжа-Гlала: Серло. 1930.
9. Марха досту де. Ялх суьртехь пьеса. Соьлжа-Гlала, 1930.
10. Iадаташ. Хьалхара дакъа. Соьлжа-Гlала: — Серло. 1930.
11. Iадаташ. 2-3 дакъош. Соьлжа-Гlала: — Серло, 1930.
12. Мила ву бехке? Хабар. Соьлжа-Гlала: — Серло, 1931.
13. Самаяьлла ячейка. Хабар. Соьлжа-Гlала: — Серло. 1931.
14. Гlурба, (дийцарна гlалгlайн маттахь зорба тоьхна). Соьлжа-Гlала, 1931.
15. Дохковалар. (Дийцарна гlалгlайн маттахь зорба тоьхна, гочдина Дахкильгове). Соьлжа-Гlала, 1931.
16. Некъан кехат. Хабар. Соьлжа-Гlала: Нохчоблзорба, 1932.
17. Большевикаллица ялта дерехьа. З-а декъехь пьеса. Соьлжа-Гlала; Нохчоблзорба, 1932.
18. Колхозан иллеш. — Соьлжа-Гlала: Нохчоблзорба, 1933.
19. Цlеран арц. Цlен гlап. Хаьржина произведенеш. Соьлжа-Гlала: Нохчоблзорба, 1933.
20. Политотдел. Кхаа декъехь пьеса. Соьлжа-Гlала: НохчгIалгIкъамзорба, 1934.
21. Берашна совгIат. Соьлжа-Гlала: Нохчоблзорба, 1934.
22. Ваши бешн. Керла а, шира а иллеш а, эшарш а. Соьлжа-Гlала: НочхгIалкъамзорба, 1935.
23. Хаьржинарш. Романан дакъий, повесташший, дийцаршший, пьесий. ХIоттийнарг З. Джамалханов. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1960.
24. Повесташ, дийцарш, пьесаш. ХIоттийнарг а, хьалхарчу дешан автор а М. Сулаев. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1964.
25. Хаьржинарш. Стихашший, поэмашший. ХIоттийнарг а, хьалхарчу дешан автор а М. Сулаев. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1968.
26. Огненная гора. Избранное. Составление и и вступительная статья М. Сулаева. Грозный: Чечено-Ингуское книжное издательство, 1967.
27. Огненная гора. Избранное. Издание второе, дополненное. Составление и вступительная статья М. Сулаева. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972.

28. Гулйина сочиненеш Шина томехь. Хьалхара том: проза, драматурги. Текстологически болх бинарг, хIоттийнарг, дешхьалхеч, билгалдахарш яздинарг Х. В. Туркаев. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1976.

29. Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Шолгlа том: проза, поэзи. Текстологически болх бинарг, хIоттийнарг, билгалдахарш яздинарг Х. В. Туркаев. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977.

30 Огненная гора. Поэзия, проза, драматургия. Составление и вступительная статья М. Сулаева. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1984.

БАДУЕВ САЬИДА ГОЧЙИНА КНИГАШ

31. Башир А. Дукханна юккъера цхьаъ Соьлжа-ГIала: — Серло, 1929.
32. Башир А. Мархa мичара даьлла. Соьлжа-ГIала: — Серло, 1930.

БАДУЕВ САЬИДА ЯЗЙИНА ДЕШАРАН КНИГАШ

33. Юрт социализме. Букварал тIаьхьа доьшу жайна (кIезиг йоза хуучарна). Соьлжа-ГIала: — Серло. 1930.
34 Белхан жайна. (Букварал тIаьхьа доьшу хьалхара жайна). Соьлжа-ГIала: Нохчоблэорба, 1932.

БАДУЕВ САЬИДАХ ЛАЬЦНА ЯЗБИНА БЕЛХАШ

1. Айдаев Ю. А. Роль С. Бадуева в становлении чечено-ингушской драматургии и театра. — В кн.: Известия Чечено-Ингушского научно-исследовательского института истории, языка и литературы. Том VI, выпуск 3, литературоведение. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972. С. 59—81

2. Айдаев Ю. А. Роль С. Бадуева в развитии чечено-ингушской драматургии и театра. — В кн.: Айдаев Ю. А. Чечено-Ингушская советская драматургия (1920—1940 годы). Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1975. С. 98—120.

3. Арсанукаев I. М. Бадуев СаьIид (цуьнан дахарх а, кхолларалли а лаьцна керланиг). — Орга. 1980, № 1. А. 50—55.

4. Арсанукаев I. М., Туркаев Хь. В. Бадуев СаьIид. (Дахаран а, кхолларалли а очерк). Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство. 1980.

5. Ахмадов М. М. Хьо адам ма ду. — Орга. 1984, № 4. А. 45—48.

6. Джамалханов З. Д. Адамаллин дог-ойла. Дагалецамаш. — XIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Гулйина сочиненеш. Шина томехь Шолгlа том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. А. 402—405.

7. Джамалханов З. Д. С. Бадуевн кхолларлхехь халкъан хьекъалан нсбаьхьалла — «Орга». 1978, № 1. А. 46—50.

8. Мальсагов А. У., Туркаев Х. В. Бадуев Саид-Селах Сулейманович. Краткая биографическая справка и библиография его произведений. — В библиографическом справочнике: Писатели советской Чечено-Ингушетии. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1969. С 22—26.

9 Мамакаев М. А. Сийлахь яздархо — вин ца лун накъост. Дагалецамаш. — XIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Шолгlа том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. А. 391—395.

10. Муталибов З. А. Бадуев СаьIидан литературин кхолларалхехь атензман тема. — Орга. 1964, № 1. А. 45—49.

11. Сандов Б. С. Суна иза дика вензара. Дагалецамаш — XIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Шолгlа том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1977. А. 396—401.

12. Сулаев Махьмуд. СаьIид Бадуевн кхолларалли лаьцна (йоцца критико-библиографически обзор). — XIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Хаьржинарш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1960. А 3—11.

13. Сулаев Махьмуд. Бадуев СаьIидан кхолларалла. — ХIокху книги тIехь: Нохчийн советски литературан истории очеркаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1961. А. 63—81.

14. Сулаев Махмуд. Творчество С. Бадуева. — Дон, 1963, № 6.

15. Сулаев Махьмуд. Бадуев СаьIидан поэзи. — ХIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Хаьржинарш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1968. А. 3—9.

16. Сулаев Махмуд. С.-С. С. Бадуев. — В кн.: Очерки истории чечено-ингушской литературы. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1963. С. 74—88.

17. Сулаев Махмуд. Творческий путь Саида Бадуева. — В кн.: Саид Бадуев. Огненная гора. Избранное. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1972. С. 4—15.

18. Сулаев Махьмуд. Бадуев СаьIидан кхолларалла. — ХIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Повесташ, дийцарш, пьесаш. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1964. А. 3—9.

19. Тасуева Л. Ширача Iаьдалашта дуьхьалара къийсам — Бадуев СаьIида дувцарашка. — Лоаман Iуйре. 1974, № 1. А. 43—47.

20. Туркаев Хь. В. Художникан революционни дош. — ХIокху книги тIехь: СаьIид Бадуев. Гулйина сочиненеш. Шина томехь. Хьалхара том. Грозный: Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1976. А. 5—50.

21. Туркаев Х. В. А. М. Горький и С. С. Бадуев. — В кн.: Х. В. Туркаев. Исторические судьбы литератур чеченцев и ингушей. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1978. С. 285—296.

22. Туркаев Х. В. Сила революционного вдохновения. — В кн.: Туркаев Х. В. В семье братских литератур. Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1983. С. 104—126.

23. Яблокова Г. И. С. Бадуевн проза а, поэзи а. — Орга. 1972, № 4. А. 82—84.

ЧУЛАЦАМ

Хьалхара дош 3

Хьалхара корта

Бадуев СаьIидан дахар, цуьнан кхолларалли идейно-нсбаьхьаллин чулацам 6
Бадуев СаьIидан бералла а, кхиаран шераш а, иза яздан волавалар а 7
Яздархочун кхолларалли некъ а, цуьнан произведенийн идейно-нсбаьхьаллин башхаллаш а 12

Шолгlа корта

Бадуев СаьIидан дахар 4—7-чуй классашкахь Iамор 24

Кхоалгlа корта

Бадуев СаьIидан произведенеш 4—7-чуй классашкахь Iамор 32
«Пхи туьма», «Цадешар — бода» 4-чу классехь Iамор 34
«Iимран» цIе йолу дийцар 5-чу классехь Iамор 38
«Iалат» цIе йолу дийцар 6-чу классехь Iамор 43

Боьалгlа корта

Бадуев СаьIидан дахар а, кхолларалла а 8-чу классехь Iамор . . . 52
«Бешто» 59
«Церан арц» 63
«Большевикаллица ялта дерехьа» 66

Пхоьалгlа корта

Бадуев СаьIидан кхолларалла Iамош классал зрахьа бен болх . . 77
Факультатив а, кружок а 79
Конференци 81
Литературни суьйре 83
Литературни викторина 96
Чайнворд «СаьIид Бадуев» 100

Бадуев СаьIидах йоьзначу меттигашкахула экскурси яр 102

Зорбанехь арайийлина Бадуев СаьIидан книгаш 106
Бадуев СаьIида гочйина книгаш 107
Бадуев СаьIида язйина дешаран книгаш 107
Бадуев СаьIидах лаьцна язбина белхаш 107

Абдулла Магомедович Арсанукаев

ИЗУЧЕНИЕ ТВОРЧЕСТВА БАДУЕВА САИДА В ШКОЛЕ
(на чеченском языке)

Рецензент канд. филол. наук Ю. А. Айдаев
Редактор Т. М. Нашхоева
Художественный редактор М. Б. Магомаев
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор Л. У. Асхабова

ИБ № 1525
Сдано в набор 10.01.1989 г. Подписано в печать 17.07.1989 г. Формат 60x84 1/16
Бумага № 3. Гарнитура литературная. Печать высокая.
Усл. печ. л. 6,51. Уч.-изд. л. 7,06. Тираж 3000. Заказ № 372.
Цена 20 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли. 364903, Грозный, пр. Ленина, 9

Типография им. И. Н. Заболотного
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств, полиграфии и книжной торговли. 364021, Грозный, ул. Интернациональная, 12/33

ББК74.263.1
А 85

А 85 **Арсанукаев А. М.** Изучение творчества С. Бадуева в школе (Методическое пособие) — Грозный: Чечено-Ингушское книжное издательство, 1989 г. — 112 с.

$\Lambda \frac{4306010000-43}{M135(03)-89} 83-89$ ББК 74.263.1

5-7666-0035-6

© Чечено-Ингушское книжное издательство, 1989

20 к.

ИЗУЧЕНИЕ ТВОРЧЕСТВА БАДУЕВА САИДА В ШКОЛЕ

(На чеченском языке)